# МАХ ДУГ



**Гæздæнты Булат – 85 азы**

**6**
**2021**



**САУЛАТЫ Сергей.** *Денджызы былыл*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ,
2021

# МАХ ДУГ

**6**
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу,
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**80 АЗЫ РАЗМÆ РАЙДЫДТА ФЫДЫБÆСТÆЙЫ СТЫР ХÆСТ**
ДАУЫРАТЫ Дамир. Тохы быдыры. *Цыбыр нывтæ* .......................... 5

**ТАБОЛТЫ СЕРГЕЙ: 75 АЗЫ**
Зæрдæйы рухсæн ахуыссæн нæй. *Мысинæгтæ* ................................ 34

**ФÆСАРÆЙНАГ ПОЭЗИ**
Сусæг ныхас. *Æмдзæвгæтæ* ............................................................ 48

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
ГÆЗДÆНТЫ БУЛАТ: 85 АЗЫ
ГАСАНТЫ Валери. Ирон аивады фарны хуындзау. *Мысинæгтæ* ... 56

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег. Зейнап. *Æмдзæвгæтæй фыст роман* ........ 65

**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
САУТÆТЫ Тамилæ. Аргъуаны нывгæнæг Суанты Бола ................ 92

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ**

**ХОЗИТЫ БАРИС: 65 АЗЫ**
ХОЗИТЫ Барис. Критикæ литературæйы фидиуæг у. *Уац* .............. 97

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
ГОБОЗТЫ Агуындæ. Саударæг. Цъингуыр. *Этюдтæ* .................. 111

**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
ЕГАР. Фæдзæхстытæ ...................................................................... 115

**ÆМБИСОНДЫ ХАБÆРТТÆ** ...................................................... 118

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
ГÆБÆРАТЫ Юри. Урс кувæндон. *Радзырд* .................................. 122

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ................................................ 143

## 80 АЗЫ РАЗМÆ РАЙДЫДТА ФЫДЫБÆСТÆЙЫ СТЫР ХÆСТ

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# ТОХЫ БЫДЫРЫ

*Ацы хабæрттæ мын радзырдтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ сæхæдæг*

**СЛОНАТЫ Нинæ:**

– Хæсты хатгай салдаты фервæзын кæны канд сæрæндзинад, хъæбатырдзинад нæ. Æз уый мæхицæй зонын...

Снайпер уыдтæн æз. Дыгæйттæй-иу ацыдыстæм, хъæугæ ран-иу æрæмбæхстыстæм æмæ-иу æнхъæлмæ кастыстæм, фале немыцаг кæд фæзындзæн, уымæ. Иугæр ыл нæ цæст æрхæцыд, зæгъгæ, уæд дæ балгъитæг афтæ.

Сæрды уыдис уый. Хъæдрæбын мыртгæ бæласы къалиутæ нæ тæккæ сæрмæ æрзæбул сты, мæргътæ зарынц, мæнæ цыма хæстæн йæ кой дæр никуы ис. Мæ хъæу-иу ауад уæд мæ цæстытыл. Цæхæрадоны кæрон нæм раст ахæм пæлæхсар бæлас уыд, мæ фыд-иу ын йæ пуцæлттæ тонын нæ уагъта, æмæ-иу уыдон зымæг-зымæджы дæргъы дæр йæ уæлæ баззадысты. Куы дæ дзы хъæуа, уæд, табуафси, арф миты ацу, къалиу æрсæтт æмæ йæ хæдзары хъарммæ сырх тырысайау æрбахæсс.

Сихормæ æввахс нæм фæстæты арф кæрдæджы æрбабырыд нæ старшина хæринагимæ. Æцæг дзы, не 'намондæн, уидгуытæ ферох сты. Цы чындæуа? Уыцы старшина мын фыдæн бæззыди, фæтæригъæд ын кодтон, мæхæдæг йæ фæд-фæд абырыдтæн, зæгъын, æз дæуæй рæвдздæр уыдзынæн, ды мæ бынаты æрæмбæхс.

Æрдæгфæндагыл ма уыдтæн, афтæ бæстæ гуыпп-гæрах ссис. Уидгуытæ бæргæ 'рбахастон, фæлæ нæдæр ме 'мбалы ссардтон, нæдæр нæ зæронд старшинайы: сæ бынаты уыд, сармадзаны нæмыг кæм æрхауд, ахæм уæрæх дзыхъхъ, йæ арфы мыртгæ бæласы саст къалиутæн сæ зыр-зыр нæма ссыд, сыджыты къуыбæрттыл туджы пырхæнтæ хурмæ сырх-сырхидæй æрттывтой...

Æз хъысмæтыл не 'ууæндын, мæ хъуыддаг ацыди, зæгъгæ, зæгъын дæр мæ бон нæу. Уæдæмæ, хæст хæст у...

* * *

**ДАУЫРАТЫ Никъала:**

– Севастополы цур нæ батальонæн тас уыд уацары бахауынæй, знаг ныл хъавыд æрхъула кæнынмæ, æмæ бардзырд райстам, цæмæй къордтæ-къордтæй æдасдæр бынатмæ ацæуæм, уым æрфидар уæм. Бахъавыдыстæм мæйдар æхсæвмæ. Иуафон сæлфынæг кæнын райдыдта, нæ развæндаг нæм мигъæй нал зынд, æмæ ныл немыц хæрхæмбæлд куы фæуой, уымæй тарстыстæм. Хъæуы кæрон иу бæрзонд кауы рæбын æрхуыссыдыстæм нæ фæллад уадзынмæ. Æмæ дæ уырны, куыддæр уыцы кауыл мæ фæсонтæ андзæвыдысты, афтæ мæ хуыссæг ацахста, æмæ мæ фыны мæ хъæу Хуымæллæджы фестадтæн. Цыма нæ кæрты астæу бады мæ фыдыфсымæр Дриска, йæ цуры та нæ зæронд арынджы урс-урсид гæдыйы лæппын æндахы къуыбылойæ хъазы, ратул-батул æй кæны. Æвиппайды уыцы æндахы къуыбылой... фестади гранат. Дриска фæгæпп ласта, ныхъхъæр кодта:

– Цæхæрадонмæ йæ фехс!..

Æз уыцы хъæрмæ фехъал дæн. Мæ гранат (лимонкæ) асгæрстон мæ фæрсыл, æмæ уым – нал. Æвæццæгæн мын, зæгъын, чысыл раздæр цы сармадзаны дзыхъхъы æмбæхстыстæм, уым ахаудта. Ме 'мбæлттæ мæ нæ уагътой, фæлæ сæм æз нæ байхъуыстон, йæ агурæг аздæхтæн, уыцы дзыхъхъы алы къуыбар дæр басгæрстон, иу сахаты бæрц бафæстиат дæн. Куы йæ ссардтон, уæд хуымæтæджы цин кодтон, ме 'мбæлттæй мæнмæ йеддæмæ гранат никæмæуал баззад.

Бон рухс кæнын куы райдыдта, уæд кæсæм, æмæ уæртæ нæ фале – хъæд. Исты хуызы йæм баирвæзæм, зæгъгæ, гуыбырæй згъорын куыд райдыдтам, афтæ иуварсæрдыгæй немыцаг пулемет скуыста, нæ нæ размæ уадзы, нæ – фæстæмæ. Цы чындæуа? Нæ лейтенант Плетнев мæм æрбакаст æмæ зыбыты иунæг ныхас загъта:

– Давай!

Уæдмæ дзæбæх æрбарухс, уыцы пулемет кæцæй æхста, уый мæхицæн сбæрæг кодтон, судзаг пысыраты астæуты йæм мæ фазыл фæбырыдтæн. Мæ гранат йæ куыст бакодта...

Уый фæстæ-иу мæ хæстон æмбæлттæ уыцы лимонкæйы хабар арæх æрымысыдысты, дис кодтой, куыннæ, дам, фæзивæг кодтай фæстæмæ агурæг аздæхынмæ. Хуыцауæй бузныг уыдысты...

* * *

**ХЪУЫСАТЫ Дзиппо:**

– Хæсты кæронмæ бирæ нал хъуыд. Иу зымæгон бон нæ батальон атакæйы ацыд, фæлæ ныл, мах æнхъæл кæцæй нæ уыдыстæм, ахæм ранæй немыцаг пулемæттæ ралæууыдысты, арф миты нæ схуыссын кодтой, сæр сдарыны фадат дæр нын нал уыди. Чысыл фæстæдæр нæ нæ сæйраг тыхтæ дæр хъуамæ раййæфтаиккой. Сахат рацыд, дыккаг, æртыккаг, фæлæ уыдон никуыцæй зынынц. Ныр уазал дымгæ йæ куыст кæны, уæнгты иннæрдæм хъары, кæй зæгъын æй хъæуы, æххормаг ахсæнтæ дæр хъæрзынц, сæхиуæттæ агурынц, лæджы хъару сæтты.

Уæдмæ æрæхсæв. Иуварсæрдыгæй мæм иу салдат хæстæг æрбабырыд æмæ дын мын афтæ:

– Æмбал лейтенант, уæртæ-ма кæс... Нæ кухнæ нæм æрбахæццæ, сæ къухтæ нæм тилынц, рацæут, дам...

Нæ хицауадимæ ууыл ныхасгонд нæ уыдыстæм, æмæ тынг фæдис кодтон. Акастæн уыцырдæм, фæлæ мæм миты фæлдзæгъдæны се 'ндæргтæ йеддæмæ ницы зынд, уæрдоны бæх сау уыди, æрмæст уый дзы раиртæстон. Уыцы арф миты абырыдыстæм æмæ дын... немыцаг кухнæ куы разынид дыууæ æрдæгæргъæвст салдатимæ. Зæххыл сæ фæдæлгоммæ кодтам, сæ автоматтæ сын иуварс фехстам. Агтæ тæвд касæй дзидзаимæ – се 'мдзаг, замманайы пух дзул дзы. Хорз федтам нæхи, стæй немыцæгты æд бæх ауагътам.

Дыккаг бон нæ иннæтæ дæр æрбаййæфтой, хъаруджын æмæ æфсæстæй знæгты нæ хъæлæсы ахастам, уацайрæгтæ дæр райстам. Се 'хсæн базыдтон, знон нæм цы дыууæ салдаты æрбадзæгъæл, уыдоны дæр. Афтæ мæм касти, цыма мын сæ тæригъæд цæстæнгас дзырдта: «Рох уæ ма уæд, знон уын хæринаг мах æрбаластам, уе 'ххормаг гуыбынтæ уын мах бафсæстам...»

Бирæ цыдæртæ мæ ферох уал азы фæстæ хæстæй, фæлæ уыцы дыууæ немыцаг салдаты арæх ауайынц мæ цæстытыл...

* * *

**БАДРИАТЫ Никъала:**

– Зын бауырнæн у, фæлæ мыл фронты æппæтæй тыхстдæр бонтæ скодта, Сталинграды æмæ Хъалмыхъхъы тыгъд быдырты не 'фсæддонтæ фæстæмæ куы цыдысты, уæд. Немыцаг хæдтæхджытæ-иу нæ сæрты æрбатахтысты, пулеметтæй-иу ныл ралæууыдысты, æмæ уæд зæххыл ныххуысс æмæ Хуыцаумæ кув. Фæлæ æз тынгдæр тыхстæн æндæр хъуыддагæй.

Адæймаг адæймаг у... Бæлæстæ, къутæртæ, суанг дзы арф кæрдæг дæр нæ уыд, ома æмбæхсæн ран, æмæ уыцы мингай салдæттæ сæ доны хуыпп уагътой æппæты раз, сæ хуылфыдзаумæттæ дæр-иу скалдтой, æфсармы кой дзы нал уыд. Уыцы рæстæг-иу немыцаг хæдтæхæг фæзынд, зæгъгæ, уæд-иу гом фæстæгтæй размæ стырындз сты салдæттæ. Æвзæр тæфæй уыцы æнæкæрон тыгъдады дæхи цы фæкодтаис, уымæн ничи ницы зыдта, дæ къах-иу кæм æрæвæрдтаис, ахæм хус бынат-иу дзы нал уыд.

Уыцы уавæры æфсæддонтæ уыдысты тынг мæгуырхуыз, тæригъæд, бындзыты балтæ-иу сæ сæрмæ æрцауындзæг сты, æмæ-иу сæ гуыв-гуыв знаджы хæдтæхджыты хъæрæй æнаддæр уыди...

Иннæтæн нæ зонын, фæлæ уыцы быдыртæ фæсте куы аззадысты, уыцы хъылма тæфæй куы фервæзтæн, Волгæйы цæугæдоны мæхи куы ныннадтон, мæ сыстытæ йын йæ уæздан уылæнты сæр, рæдзæмæдзæгæнгæ, куы федтон, уæд мæм, бауырнæд уæ, уымæй фæстæмæ хæсты иннæ зындзинæдтæ нымады дæр нал уыдысты...

* * *

Ацы хабар мын кæддæр нæ редакцийы шофыр Пухаты Валерик ракодта йæ фыд Темболаты тыххæй... Арæх, дам-иу мысыд тохы быдыртæ, тынгдæр та, дам, иу ахæм цау:

– Фыццаг бонты не 'фсæдтæ фæстæмæ лыгъдысты, æмæ мæ фыд, стæй ма дыууæйæ сæ батальонæй фæиппæрд сты æмæ æхсæвы иу æнæзонгæ хъæумæ бафтыдысты. Кæройнаг хæдзары рудзынг бахостой, зæронд лæг æмæ дзы зæронд ус разынди. Мидæмæ сæ бауагътой. Кæдæй-уæдæй, дам ма нæхи хъарм донæй ныхсадтам. Уæрмæй сын нозт æмæ цæхджын джитъритæ схастой...

Дыккаг бон сæумæцъæхтыл куы цыдыстæм, – диссагæн-иу дзырдта мæ фыд, – уæд, дам, зæронд ус хæдзары асинты цур нæ размæ 'рлæууыд, йæ къухы æртæ урс-урсид тæбæгъы.

– Кæрæдзийы фæдыл рахизут, махмæ ахæм æгъдау ис, бæлццон тæссаг фæндагыл куы фæцæуы, уæд, – загъта нын уый.

Раздæр рахызт Даниил Коренев. Ус ын йæ къæхты бынмæ тæбæгъ æрæппæрста, фæлæ уый нæ асаст. Ус æм хæрдмæ дæр не скаст, тæбæгъмæ æргуыбыр кодта, систа йæ. Ныр та Иван Харитонов равæрдта йæ къах. Ус та тæбæгъ уый къæхты бынмæ дæр æрæппæрста, фæлæ та уый дæр нæ асаст. Ныр та йæхи рад уыдис. Федтон, дам, тæбæгъ уæлдæфы куыд ферттывта, куыд æрхауд æмæ... асаст. Абоны хуызæн,

дам ма уайы мæ цæстытыл: фондз дихы фæцис. Æз, дам, сæ сæрты ахызтæн, стæй йæ кауы цур цыдæр тых фæстæмæ ракæсын кодта. Ус йæ фæдыл каст, æмæ, куы æрлæууыд, уæд, дам æм æрбазгъордта. Мæ иу къухæй, дам ма кауы михыл хæцыдтæн, уый тæ йын йæ дыууæ хъарм армытъæпæны анорста, мæ цæстытæм, дам мын ныккаст æмæ загъта:

– Ды æнæмæнг сæрæгасæй баззайдзынæ, дæ къонайыл сæмбæлдзынæ. Сыгъдæг сты дæ цæстытæ, де 'мбæлтты цæстыты та тас æрцард...

Стæй йæ куатæйы дзыппæй æрдæбоны тæбæгъы сæстытæ систа:

– Хъахъхъæн сæ, æмæ дæ адон дæр хъахъхъæндзысты. Айс сæ...

Нæ батальонимæ баиу стæм, фæлæ цалдæр боны фæстæ Даниил хъæды кæрон минæйыл æрлæууыд æмæ йæ уый хæрдмæ фæхаста, цы ма дзы æрæмбырд кодтаиккам баныгæныны охыл, уый дæр дзы нал ссардтам. Уымæй къуырийы фæстæ Иван сгарæг ацыд æмæ нал раздæхт. Æз кæронмæ фæхæцыдтæн, зыбыты иунæг хатт фæцæф дæн, уый дæр нæхи сармадзаны æфсæйнагæй – мæ къахыл æрхауд.

Уыцы бон мын нæ старшина дыууæ бæхы бричкæ радта, ацу æмæ, дам, сыхаг хъæуы госпиталы дохтыртæн дæ къах фенын кæн. Хъæдæй куыддæр рахызтæн, афтæ иу немыцаг танк мæ тæккæ размæ фæци, фæсте мæ расырдта нарæг лæгъз фæндагыл. Æз мæ бæхтыл æркалдтон, уый мыл пулемет суагъта, загътон, фæци мæ цард. Фæлæ, æвæццæгæн, мæ амондæн, иу ран фæндаг фæхæрдмæ кодта, йæ цъупмæ сирвæзтæн. Нал мæ уынынц, уый уырдыджы бамбæрстон æмæ цæхгæр хъæдмæ фæзылдтæн, пæлæхсар бæлæстæ мæ сæ фætæн сыфтæртæй амбæрзтой. Танк гуыргуыргæнгæ размæ аивгъуыдта, чысыл фалдæр æрлæууыд, стæй фæстæмæ разылд, иу немыцаг дзы йæ сæр сдардта, ракæс-бакæс кæны. Автомат ыл суадзон, зæгъгæ, фæлæ мæ цыдæр тых баурæдта. Госпиталæй куы раздæхтæн æмæ хабар ме 'мбæлттæн куы радзырдтон, уæд-иу куы ныддис кодтой, дæуæн, дам, дæ амонд хæрæгыл бады.

Уыцы ус мын цы загъта, уый сын цæмæндæр не схъæр кодтон, фæлæ тæбæгъы сæстытæ хæсты кæронмæ мæ роны фæхастон, æцæг ме 'мбæлттæй иуæн ныффæдзæхстон, зæгъын, исты мыл куы 'рцæуа, уæд-иу сæ сис, зæгъгæ.

– Нæ фыд рагæй нал ис, – загъта мын фæстагмæ Валерик, – фæлæ уыцы тæбæгъы сæстытæ ныр та мах хъахъхъæнынц, фыдбылызæй нæ хизынц, сæйрагдæр та нын нæ фыды ном рох кæнын нæ уадзынц...

# УЫЦЫ БОНТЫ МÆ ХЪÆУ ХУЫМÆЛЛÆДЖЫ

## БОМБÆТЫ БÆЛЛÆХТÆ

Знаджы къах махæн нæ хъæуы зæххыл не 'рлæууыд, Елхотæй уæлдæр нæ сирвæзт. Фæлæ хъæубæстæ æнцой цард кодтой, зæгъгæ, уый зæгъæн нæй. Нæ уынгтæ сырхæфсæддонтæ, машинæтæ æмæ сармадзантæй се 'дзаг уыдысты. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, знаг зыдта æмæ нын йæ бомбæтæ æмæ сармадзаны нæмгуытæй бахай кодта. Фыццаг бомбæ æрхаудта дæлбылы сыхы 27 октябры 1942 азы фæссихор Бедойты хæдзарыл. Сæ ног чындз Æлбегаты Заретæ уыцы тæккæ афон ноггуырд сывæллонмæ авдæны зылди. Сæ дыууæйы дæр хæрдмæ фæхаста. Иннæ хæдзæрттыл дæр нæ бацауæрста знаг. Фæдфæдыл ма фæмард сты Басаты Тепсарыхъо, Цæлойты Вари, Æлбегаты Бати, Цæгæраты Сандро – æдæппæт фарастæй.

Дыккаг хатт æртæ стыр бомбæйы немыц æрæппæрстой 6 ноябры. Иу дзы æрхауд колхозы правленийы кæрты,– уым салдæттæ сæхицæн фыхтой дзул– цалдæрæй дзы фæмард сты; дыккаг æрхауд уырдæм хæстæг Азиаты кæрты,– уæд уыдон сæ тæккæ арахъхъ уадзгæйæ уыдысты,– хæдзары æфсин фæмард, йæ ноггуырд чызг Винерæ та цæф фæцис, инвалидæй баззад. Æртыккаг бомбæ æрхауд Гæбæгкаты хæдзарыл, Гаситы лæппу цыппараздзыд Таймуразæн бомбæйы схъис ныссагъд йæ хъусæй галиу цæсты æхсæн. Уыцы рæстæг хъæуы скъолайы æфсæддон госпиталь уыдис, йæ мад æй уырдæм ныскъæфта æмæ йын уым йæ цæст бынтондæр систой,– уый дæр инвалидæй баззад. Фæлæ царды нæ фæцудыдта, уæлдæр ахуырад райста, бæрнон бынæтты фæкуыста, абон дзы куырыхон лæг рауад, цæры кæддæры маисон комбинаты поселочы...

Уыцы бонтæй ма иуы нæ хъæу тынг фæрыстысты нæ колхозы фыццаг сæрдар Бедойты Мухайы бæллæхыл. Колхозы фос уæд хæхты уыдысты, Муха сæм йæ бидаркæйы бæрæггæнæг ацыд, фæлæ йæ раздæхтмæ немыц Дзуарыхъæу бацахстой, фæндагыл æрурæдтой Мухайы дæр æмæ йæ куы базыдтой, чи у, цы у, уæд æй уым хъæугæрон фехстой, æрæджиау ын йæ мард раласын бауагътой.

– Æз ма хорз хъуыды кæнын, ноябры немыцаг хæдтæхæг Хуымæллæджы сæрмæ куыд фæзындис, уый, – дзырдта мын мæ дзæбæх сыхаг Бызыккаты Шурæ, – æз уæд фæцæйцыдтæн мæ фыдыхо Лизæйы

бæрæггæнæг, уый та цардис Ленины уынджы колхозы правленийы агъуыстæй чысыл дæлдæр, уынджы иннæ фарс. Хæдтæхæгæй бомбæтæ куы æрызгъæлдысты, уæд мæ дымгæйы уылæн размæ аппæрста, фæндаджы астæу рыджы мæ тъæпп фæцыд. Уынæртæ куы банцадысты, уæд мæ фыдыхойы дуармæ – згъоргæ, фæлæ хæдзары цъиузмæлæг – нæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй правленийæ чысыл уæлдæр бомбæ æрхауд Азиаты кæрты, æмæ дзы фæмард хæдзары æфсин. Мæ цæстытыл ма уайы, устытæ куыд згъордтой, уый. Мæ фыдыхо æрæгмæ куы здæхт уырдыгæй, уæд æз дæр нæхимæ рацыдтæн, фæлæ ма абон дæр устыты богъ-богъ хатгай мæ хъусты фæзæлы...

## САУ ГÆХХÆТТЫТÆ

Фыццаг ахæм ссыди мæ сыхаг Зæйттатæм. Сæ лæппу Алиханæн хæст райдыдта зындгонд Бресты фидары. Нæ иннæ сыхаг, рухсыбадинаг Кокайты Пуцыр дæр уæд уым уыдис, фыццаг уый радзырдта, Алихан знагимæ куыд хъæбатырæй 'хæцыдис, уый тыххæй.

Хъæуы уæды постхæссæг, æрыгон чызг Бедойты Дипп иунæгæй йæ ныфс нæ бахаста уыцы сау гæххæт Зæйттатæм бадæттын, бацыд хъæусоветы сæрдар Калоты Бадзимæ, æмæ сæм уæд уый цалдæр лæгимæ æрцыд. Мæнæн мæхи мад уымæн æвдисæн уыд æмæ-иу арæх æрымысыд, Алиханы мад Зена куыд ныббогъ кодта, йæ сæрыхъуынтæм куыд фæлæбурдта, йæ рустæ куыд ныттыдта, уый.

Дыккаг ахæм гæххæт балæвæрдтой дæлбылы сыхы Дзгойтæм, уырыссагау дзы уыд фыст, уæ лæппу Хæритон хъæбатырæй фæмард, зæгъгæ. Фæкуыдтой йыл, фæхъарджытæ кодтой, сæ дуармæ цы акъаци бæлас уыди, Хæритон-иу уалдзæджы кæрон йæ цъуппыл кæмæн балæууыд йæ дидинджытæ хæрынмæ, уый йын цыртæн акалдтой.

Ууыл иу афæдз куы рацыд, уæд хъæуы фале Дудараты станцæйы поезд æрлæууыд, æмæ дзы хæстон дарæсы иу æрыгон лæппу рахызт, лæдзæджы æнцæйтты цыд. Колхозы хуымтæ чи рывта, уыцы чызджытæ йæ базыдтой: уый Хæритон у. Иутæ йыл амбырд сты, иннæтæ хъæумæ разгъордтой цины хабар æзфæраздæронæй зæгъынмæ. Фæндагыл Хæритон уæлмæрдмæ баздæхт, йæ цырт сласта, йе 'ккойы йæ сæхимæ æрбахаста, йæхæдæг æй ныссаста, кусæрттаг тохъхъыл кæм хъуамæ сфыхтаид, уыцы артæн...

Кцойты Вариса 105 азы фæцард. Дзæбæх ма куы уыд, уæд-иу ын æз йæ таурæгътæм хъусын уарзтон: колхозтæ куыд арæзтой, гæды бæласы къалиу-иу иу цъыккæн чи ахауын кодта, ахæм æхсырфæйиу мæнæу куыристæн куыд карста, ауæдзы-иу хуымон галы фæдыл куыд цыдис. Йæ фырт Барис хæсты уыдис, æмæ дзы иухатт сыхъуыст, æбæрæгæй фесæфтис, зæгъгæ. Раздæр ын æй нæ хъæр кодтой, стæй иубон сыхы æмæ Кцойты мыггаджы лæгтæ куыройы чъылдыммæ æрæмбырд сты, Варисайæн йæ лæппуйы сæфты хабар фехъусын кæнæм, зæгъгæ. Фæлæ, сæ амондæн, уыцы сахат сæ уæлхъус алæууыд постхæссæг Майрæмыхъуаты Æндыри, мæнæ, дам, Кцойтæм сæ фырт Барисæй телеграммæ ссыд, фæцæуын, дам, нæхимæ...

Æмæ уæд адæм дуар сæ сæрыл бахастой, нæртон симд дзы æрцарæзтой.

## ХЪАРМ ГАРУЗ, БАЗТÆ, ЦЪЫНДАТÆ

Бирæ арфæйаг ныхæстæ зæгъæн ис, нæ хъæуы адæм фронтæн цы æххуыстæ кодтой, уый тыххæй. Цалдæр дæнцæджы дзы æрхæсдзынæн:

– Æрæмбырд кодтой 311 мин сомы танкты колоннæ «Колхозник Северной Осетии», зæгъгæ, уый саразынæн. Æппæты фылдæр радта Басаты Бабег – 1000 сомы, 500 сомы та – Æлбегаты Уырысхан.

Зымæгмæ хæцæг сырхæфсæддонтæн хъарм дзаумæттæ æмбырд кæныны хъæппæрис равдыста Гæбæгкаты Даццо – хъæусоветмæ æрбахаста дыууæ фысы цармы æмæ фæйнæ цыппар хъарм цъындайы æмæ æрмкъухы. Ахуыргæнæг Цæболты Розæйы лæвар та мæнæ ахæм уыд: бæзджын гæххæтты батыхта хъарм гаруз, къуымбил цъындатæ цалдæр, баз, фындзыкæлмæрзæнтæ æмæ сæ арвыста Краснодары хæстон госпитальмæ. Иуцасдæры фæстæ йæм уырдыгæй ссыди мæнæ ахæм писмо: «Добрый день, Роза! Принесли мне пуховую подушку, моей радости не было конца. То клал ее под голову, то между коленями. Не знаю, как вас называть – сестрой или мамой. Если останусь жить, то этот твой подарок буду считать своей самой ценной вещью... Солдат Иван Козлов...»

Розæ, дам, йæ цæссыгтæ бауромын нæ бафæрæзта...

## МÆ ДЗЫГЪУЫРТÆ ЙЫН БАХХУЫС КОДТОЙ

1944 аз. Рагуалдзæг. Не 'рвадæлты ус Ладинкайы дыууæ лæппуйы Максим æмæ Ила хæсты уыдысты. Иубон Дауыраты дуар нæ хъæуы постхæссæг Майрæмыхъуаты Æндыри бахоста æмæ Ладинкайы къухмæ писмо радта, Максимæй уыд. Ладинка кæсын, фыссын нæ зыдта æмæ Æндырийæн ныллæгъстæ кодта, ды мын æй бакæс, зæгъгæ. Уый уынджы гуыркъо бæласы аууон зæронд къодахыл æрбадт, мах дæр ыл, сыхы лæппутæ, амбырд стæм.

Мæнæ цы фыста йæ мадмæ Максим: «Мамæ, зонын æй, хæст Ирыстонмæ дæр схæццæ ис, уый, æмæ уæм мæ зæрдæ æхсайы. Цæмæй мæ бауырна, дзæбæх мын кæй дæ, уый тыххæй гыццыл Дамиримæ Гогомæ ныццæут, уæ къам сисут, æмæ мæм-иу æй рарвит. Æз ам ме 'мбæлттæн дæуæй æппæлынæй нæ фæллайын, зæгъын, тынг рæсугъд мад мын ис, мæнæ йæ къамы фендзыстут...»

Ладинка йæ фырты фæдзæхст сæххæст кодта, Гоготæм мæн дæр акодта, уый мыл сырхæфсæддоны пилоткæ æркодта.

Максим хæстæй куы сыздæхт, уæд нæм æрбацыд, йæ хъæбысы мæ систа æмæ мын мæ мадæн раппæлыд:

– Иу тохы хæдразмæ дын дæ лæппуйы цæсгомы дзыгъуыртæ мæ фыны федтон. Уыдон цыма йæ рустæй уынæргæнгæ хæрдмæ стахтысты, райхъал мæ кодтой. Уый нæм комкоммæ немыцаг танктæ æрбацæйцыдысты. Дамиры бæсты дæр сæм дзы хорз æрлæвæрдтам. Тохы фæстæ мæ фын ме 'мбæлттæн радзырдтон, зæгъын, махæн нæ дзыгъуыртæ дæр хæцгæ кæнынц.

## ЛÆХЪУГ ÆЙЧЫТÆЙ «ГИТЛЕРЫЛ» РАЛÆУУЫДЫСТÆМ...

Иу райсом мах, уынджы лæппутæ, хъæугæрон тырыса скъæфынтæй нæ тæккæ хъазгæйæ уыдыстæм, афтæ нæ уæлхъус алæууыд нæ сыхаг зæронд лæг Дауыраты Дзиби. Йæ дыууæ фырты фронты уыдысты, йæхæдæг та колхозы быдыргæс уыди. Йæ къухы – фанеры гæбаз, нæ къæхты бынмæ нын æй æрбаппæрста æмæ загъта:

– Мæнæ уын нæ фыдызнаг Гитлеры сныв кодтон. Цы уæ фæнды, уый йын кæнут...

Æмæ дæлæ фæцæуы.

– Басудзæм æй, – фæцырд Бедойты Саукуыдз.

– Йæ цæстытæ уал ын скъахæм, – мæстыйæ загъта Калоты Тимохæ.

Фæлæ иууылдæр æнхъæлмæ кастыстæм не 'ппæты хистæр Дауыраты Дзатте цы зæгъид, уымæ. Уый цъусдуг хъусæй алæууыд, стæй загъта:

– Ам мæм фæлæуут.

Æмæ хъæумæ ныййарц, кæройнаг хæдзары фæмидæг, уайтагъд фæзылд, фæйнæ лæхъуг айчы нын байуæрста æмæ та загъта:

– Цæвгæ йыл сæ кæнут!

Фыццаг йæхæдæг фанеры цурмæ бацæуы, йæ къух сисы æмæ айк фанерыл – тъæпп. Гитлеры цæсгом иуыл слæхъир вæййы, айчы бур ын æрлæдæрсы йе схъæл фындзыл, йæ рихитыл, йæ дæргъæццон ныхыл. Стæй та мах рад уыдис. Цæсгом, цæст бæрæг дзы нал вæййы, æмæ махыл худæг бахæцы...

Дзаттейы мад Тауырзæт нæ уæлхъус куыд алæууыд, уый æрæджиау бафиппайдтам.

– Чи уын у ацы фыдынд лæг?

Тимохæ не 'ппæты разæй фæци:

– Уый Гитлер у, Тауырзæт, Гитлер. Дзиби нын æй сныв кодта.

Хæстæг æм бацæуы, ныккæсы йæм, стæй йе ' лгъыст райхъуысы:

– Мæ куыдзы сæр бахæрæд, мæ куыдзы сæр!

Йæ уæрджытыл æрхаудта, йæ цæсгом йæ армытъæпæнтæй бамбæрзта, йе 'нгуылдзты рæбынтæй цæссыг рахъардта.

Тауырзæтæн æрæджы йæ мойæ сау гæххæтт ссыди...

## ДÆСНЫ КÆПИЛЫЛ ÆУУÆНДЫДЫСТЫ

Хæсты рæстæг нæ хъæуы уыдис къамæй фæрсæг дæсны Æгайты Кæпил. Мæгуыр, тыхст адæм ыл æууæндыдысты, устытæ-иу æм арæх цыдысты. Иуизæр мæ мад йæ куатæйы хъæбæр цыхт æмæ литр банкæйы дзаг царв батыхта, мæ къухыл мын ахæцыд æмæ йын йæ рудзынг бахоста. Мæн Кæпил, уыцы ныллæджытæ сау ус, мидæмæ нæ бауагъта. Мæйрухсы гом тыргъты баззадтæн, уырдæм цæттæ тута бæласы къалиутæ æртасыдысты, æмæ дзы мæ былтæ самæстон, стæй нал фæлæууыдтæн æмæ уатмæ дуары зыхъхъырæй бакастæн: мæ мад лæууыдис йæ уæрджытыл, Кæпилы къухыл йæ дыууæ къухæй

ныддæвдæг, зырзырæг бахæцыд йæ былтыл, цы йын дзырдта, уый мæм нæ хъуысыд...

Нæхимæ куы раздæхтыстæм, Зенайы тигъыл куы фæзылдыстæм, уæд мын мæ мад кæуынхъæлæсæй ныффæдзæхста:

– Кæпил загъта, дæ лæппуйы фыд, дам, æртæ боны фæстæ Дудараты станцæйы поездæй æрхиздзæни... Хъусыс, нырма йæ макæмæн радзур...

Дыккаг бон мæ мад нæ сыхаг ус Æлбегаты Бабеттæй æфстау чъыр ракуырдта, нæ хæдзары къул сцагъта, нæ кæрты кауын дуар зæронд уыдис, дымгæмæ-иу афæлдæхт, ныр æм мæ мад æфсæйнаг згæ хæтæл сарæзта...

Мæ фыд Дудараты станцæйы нæ рахызт нæдæр æртыккаг бон, нæдæр... Мах æй нæ зыдтам, фæлæ йæ уæдмæ баныгæдтой Смоленскы бæстастæу æфсымæрон ингæны. Фæстæдæр-иу нæ сыхы устыты æхсæн хæсты кой куы рацыд, уæд-иу мæ мад загъта:

– Æз уæддæр Кæпилæй бузныгæй баззадтæн. Мæнæ мæ иунæджы фыды ссыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, æз уыцы æртæ боны мæхи æнкъардтон тынг амондджын сылгоймагæй...

## УАЦАЙРÆГТЫЛ БИРÆГЪ ФÆХÆЦЫД

Хæст Ирыстонæй куы фæдæле ис, уæд, ам не 'фсæдтæ уацары кæй райстой, уыдоны иу хай цардысты нæ хъæумæ æрбацæуæны зæронд абанайы. Хæринагæй сæм мæлæты хорз нæ кастысты, мыййаг, æмæ уыдон сæхицæн цыдæр амæлттæ кодтой, уалдзæджы халсартæ ныссагътой, тугыл сын аскъуыдысты, фæлæ сæм нæ хъæуы лæппутæ давынмæ фæцалх сты. Æмæ уæд уацайраг румынæгтæ сæ хуымы астæу хус кæрдæг æмæ акъаци бæлæсты къалиутæй халагъуд сарæзтой, æхсæв-иу дзы дыгæйттæй сæ тыллæг хъахъхъæдтой.

Иухатт сæм боныцъæхтыл æрра бирæгъ балæбурдта, фынæйæ сæ баййæфта, тынг сыл фæхæцыд. Бeслæныхъæуы рынчындонмæ сæ аластой, нæ хъæуæй сæ фæдыл бирæ адæм ацыд, устытæ сын тынг тæригъæд кодтой, хъарæг дæр дзы райхъуыст, афонмæ сæм сæ ныййарджытæ та æнхъæлмæ кæсынц, зæгъгæ.

Амардысты дыууæйæ дæр, Беслæныхъæуы зæронд уæлмæрды сæ баныгæдтой. Æз уым æрæджы сæмбæлдтæн, уæлмæрды арфы бацыдтæн, фæлæ сын сæ акъаци цыртытæ нал ссардтон...

Мæ сабидуджы хæлар Азиаты Викторимæ нæм ацы цауы тыххæй

ныхас рауад, æмæ мын мæнæ цы æрымысыд уый та:

– Мæ къухы – гоппонцъиу, чидæр мын æй радта, афтæмæй уыцы абанайы цурты скъоламæ æрцæйцыдтæн. Иу уацайраг мæ размæ фæци æмæ мын къухæй амоны, æз, дам дын сæкæры къæртт дæттын, ды та – уыцы цъиуы. Абон дæр йæ лæгъстæйаг цæстытæ мæ цæстытыл уайынц. Фæтæригъæд ын кодтон цæмæндæр, сразы дæн. Бахудти мæм, йæ къух мын мæ сæрыл æруагъта. Æз уымæй адджындæр сæкæр уымæй размæ дæр, уый фæстæ дæр нал бахордтон. Уæд мыл цыдис фарæстæм аз...

Уæдæй фæстæмæ арæх фæхъуыды кæнын, уыцы гоппонцъиу æй цæмæн бахъуыд, ууыл. Кæд ын, зæгъын, мæгуыр, йæ райгуырæн хъæу æрлæууын кодта йæ зæрдыл...

## УАРЗГÆ ДÆР КОДТОЙ

1943 аз, фæззæг. Нæ хъæуыл ахъæр, æфсæддон хæйттæй иуы æрыгон лейтенант, сомихаг лæппу Гриша Давтян æмæ, дам, Дауыраты Дзибийы рæсугъд чызг Минæт кæрæдзи уарзынц. Чидæртæ сын æвдисæн уыдысты сæ сусæг фембæлдтытæн, суадæтты цурæй йын быдираг дидинджыты баст куыд æрбахаста, уый уынæг дæр фæци. Хабар Минæты мад Ладинкамæ дæр бахæццæ, уый йæ чызджы йæ цуры æрбадын кодта æмæ йын загъта:

– Уый нырма тохы быдырмæ ацæудзæни. Удæгасæй ма раздæхдзæни, уый дæ уырны? Дæ бынат зон!

Лейтенант æцæгæйдæр ацыд, уыд Берлины, хæцыд Японы ныхмæ хæсты дæр æмæ 1946 азы уалдзæджы, йæ къухы быдираг дидинджыты баст, йæ риу хæрзиуджытæй дзаг, афтæмæй Дауыраты кæрты дуар бахоста, Дзиби æмæ Ладинкайæн йæ фæндон загъта:

– Æз мæ фæндаг Хуымæллæгыл ракодтон, цæмæй мемæ Ереванмæ аласон Минæты дæр... Рауадзут æй.

Нæ йæ уагътой. Æмæ уæд иуæхсæв нæ сыхы æрыгон чызджытæ Туаты Иркæ æмæ Дзибытт лейтенанты фарс фесты, Минæты йæ хæдзарæй расайдтой, æмæ уый дыккаг бон... Сомихы балæууыд... Аскъæфта йæ...

Рагуалдзæджы мæм сæ чызг Аникæ телефонæй дзырдта, зæрдæ мын бавæрдта, 9 майы, дам, Хуымæллæгмæ фæцæуын.

Гришæ æмæ Минæт сæхæдæг уæлæуыл нал сты...

## АМАРДТА ЙӔ ХЪӔУЫ АСТӔУ

1942 азы сæрды тæвд бонтæй иуы æрыгон лæппутæ Бызыккаты Борик æмæ Æлбегаты Чермен лæууыдысты хъæуы астæу æмæ æвдисæн уыдысты, сæ тæккæ цур цы æнахуыр бæллæх æрцыд, уымæн. Кæсынц, æмæ колхозы правленийы 'рдыгæй цалдæр хæстон гуыффæджын машинæйы уæлæ æртæхынц, кæдæмдæр, æвæццæгæн, фæдисы тагъд кодтой, уасынц.

Æппæты разæй цы машинæ уыд, уый æваст рахизырдæм æгæр зылд фæци – æвæццæгæн, фаг фæлтæрддзинад кæмæ нæ уыди, ахæм шофыр уыд – æмæ фæфæлдæхт, йæ рахиз фарсыл æрхуыссыд. Иннæ машинæты гуыффæты цы салдæттæ бадт, уыдон се 'ппæт дæр рагæппытæ кодтой, февнæлдтой æмæ машинæйы йæ цыппар цалхыл авæрдтой.

Мæнæ цы æрцыд дарддæр. Кабинæйы цы афицер бадти, уый рагæпп кодта æмæ шофыры багæрах акодта, стæй иннæтыл схъæртæ кодта, дамбацайæ сæм бавзыста, уыдон сæхи гуыффæты бакалдтой æмæ уæртæ сæ фæндаг дарддæр акодтой. Бурсæр æрыгон лæппу мардæй Борик æмæ Чермены цур зæххыл хуысгæйæ баззад.

Цы чындæуа? Устытæ сыл амбырд сты, Кучиты Настя сын ныллæгъстæ кодта: «Мæ къонатæ, зæххы бын æй фæкæнут, тæригъæд у». Схæцыдысты йыл, сæ фæндагыл Дауыраты Масойæ белтæ ракуырдтой æмæ йæ уæлмæрды кæрон баныгæдтой, йæ сæрыл ын нæууытæ сæвæрдтой.

Уыцы ран сæ ссардта колхозы бригадир Æгайты Æндыри, йæ бидаркæйы Чермены сæвæрдта, дæ трактор, дам, Цæлыччы обауы цур кæдмæ лæудзæн, похци ласын дæ хъæуы, уый дæ рох фæци.

– Черменæн йæхи фронтмæ куы кодтой, – арæх-иу æрымысыд уыцы бон Борик, – уæд нын нæ дуар æрбахоста, иумæ уæлмæрдмæ ацыдыстæм, æбæрæг салдаты ингæны цур алæууыд, æрæнкъард, чи зоны æмæ йæхи дарддæры хъысмæтыл хъуыды кодта...

Уыцы ингæн абон зæххимæ сæмбæз...

## ГАНИНӔЙЫ ОБАУ

Ацы обау нæ хъæуы дæллаг кæрон ис. Хæсты кой нæм куы рауад, уæд мын мæнæ цы радзырдта, ацы обау кæй ном хæссы, уыцы Калоты Ганинæйы лæппу Илайы чызг Зинæ:

– Немыц Ирыстонмæ дæр куы сцæйхæццæ кодтой, уæд ацы

обауыл дæр зениткæ æвæрд уыдис, уæртæ-иу дзы Æрыдоны 'рдæм æхстой. Нана алы бон дæр салдæттæн ардæм тæвд кæрдзынтæ æмæ æхсыр хаста. Хæст дæлæ кæдæмты ахæццæ ис, уæддæр ма-иу се 'хст гилдзытæ обауы фæрстыл уыдысты, мах сæ хуымæтæджы тарст кодтам. Обауæн йæ дæллаг фарс та мард салдæттæ ныгæд ис, уæртæ-иу сæ Терчы 'рдыгæй ластой, Цымытийы цурæй, арф дзыхъхъы-иу сæ кæрæдзи сæртыл ныккалдтой. Уæлæ нæ сыхаг зæронд ус Бадриаты Женя-иу арæх æрымысыд, сæ удтæ, дам ма-иу сæ мидæг уыдысты, афтæмæй, дам-иу сыл сыджыт калын райдыдтой. Афонмæ сæм сæ ныййарджытæ куыд æнхъæлмæ кæсынц, уый дам-иу мæ зæрдыл куы æрлæууыд, уæд, дам-иу мæхи гыццыл уд дæр мæ риуæй сцæйхаудта. Мæ фыдымад цалынмæ уæлæуыл уыд, уæдмæ сын-иу алы 9 Маймæ дæр фынджыдзаг скодта, сыхы зæронд лæгтæм-иу бадзырдта, фæстæдæр та-иу сæ ныххæлар кодтой нæ сыхы лæппутæ Томайты Гадзыба æмæ Дулаты Мир...

Обау раздæр ырæй бæрзонддæр уыд, фæлæ мæнæ советон дуг куы фехæлд, колхозтæ куы нал уыдысты, уæд обау дæр никæйуал хъуыд. Къулбадæг лæппутæ сæ машинæтæ æзфæраздæронæй уырдæм стæрынц... Уæртæ дзы Бедойты Къоста Ганинæйы номыл бæлæстæ ныссагъта, сæ алыварс сын кау сбыдта. Æнхъæлыс, бирæ фæлæууыдысты? Чидæр сæ стыдта, уырдыгæй сæ дæлæмæ фехста. Адæмæн исты фидауы? Уыцы ныгæд салдæттæ дæр рохы баззадысты, никæй хъæуынц, ничи сæ агуры...

Зинæйы æнкъард цæстытæм кæсгæйæ, мæнæн мæхи зæрдæ дæр суынгæг…

## ГÆБЫЛАЙЫ КÆРТ

Дауыраты Гæбылайы тыххæй мæнæ куыд фыссы Кокайты Саламджери йæ чиныг «Селение Хумалаг», зæгъгæ, уым: «В начале 20-го века значительная часть хумалагцев экономически окрепла и стала обновлять свои жилища, кирпич стал основным материалом. Строители в основном были пришельцы: русские, греки, по дереву работали грузины. Но вскоре появились местные замечательные мастера. Среди них своим природным дарованием и прогрессивным строительным опытом выделялся Габла Дауров, заслуживший славу строительного мастера. Многие дома в Хумалаге, построенные его руками, поныне

украшают улицы села, являясь вечным памятником ему».

Нæ хъæуы кадджындæр хистæртæй иу Кокайты Пуцыр та зæгъы: «Раздæр не скъолайы алыварс фæзынд кау Туацъæйæ ласт хæрис бæлæсты къалиутæй. Сбыдтой йæ Бызыккаты Дзаналды æмæ Луккæ, стæй Азиаты Ладе, чидæртæ ма. Уый уыдис 1928 азы. Уымæй фондз азы фæстæ уыцы кауы бынаты райдыдтой дурын сис амайын. Иуырдæм æй амадта Дауыраты Гæбыла, иннæрдæм та – Гугкаты Будци. Се 'хсæн цыд æцæг ерыс, æмæ-иу уым арæхдæр уæлахиздзау разынд Гæбыла...»

Гæбыла æмæ йæ бинойнаг Сæниатæн уыдис æртæ чызджы: Маруся, Розæ æмæ Венера, стæй лæппу Барис. Мæнæ йæ куыдæй æрымысыд Марусяйы чызг Заретæ – цæры Елхоты:

– Мæ дадамæ аразæджы сæрмагонд ахуыргонддзинад нæ уыд. Уый йæ тæккæ лæппуйæ куы уыд, уæд æй арвыстой уæртæ Бакуымæ, æмæ уым каст фæци аргъуаны скъола. Нæ хъæуы аргъуаны акуыста, стæй йæ Уæрæсейы æфсадмæ акодтой, службæ кодта Хæстон-денджызон флоты æмæ уым цыдæр бæллæхты бахаудта, йæ къæхты низ бацыд, се 'нгуылдзтæ йын алыг кодтой, афтæмæй Хуымæллæгмæ раздæхт æмæ ам аразæджы дæсныйад бауарзта.

Цымыдисаг у цыртдзæвæны фæзынды хъуыды: аразын æй райдыдта Фыдыбæсты Стыр хæсты фæуæлахизы кадæн. Хъуамæ, дам, уый тыххæй мæ номыл дæр исты баззайа… Алцыдæр уæлмæрды кодта йæхæдæг йæхи къухтæй. Йæ хæрæфырт Гутнаты Беллæ ма чысылтæ мысы уыцы бонтæ: «Ингæн, æртæ чырыны кæм бацæуа, ахæм скъахта, бетон ын скодта йæ бын дæр æмæ йæ фæрстæ дæр. Уыдон куы ныхъхъæбæр сты, уæд-иу мах ме 'мхæрæфырт Разетæимæ уырдæм ныггæппытæ кодтам, уым-иу хъазыдыстæм, ницы æмбæрстам, цалынмæ-иу ныл дада не схъæртæ кодта, уæдмæ. Цырт цæттæ нæма уыд, афтæ фæрынчын йæ лæппу Барис,– мах æм йæ мады номæй дзырдтам Бæппыдз, зæгъгæ, æмæ уал æй хицæнæй баныгæдтой. Нæ нана куы æррынчын, уæд ныффæдзæхста, мæ ингæн, дам-иу мын мауал ракъахут, бонырухс мын-иу мауал фенын кæнут. Æмæ йын уæд йæ фæдзæхст сæххæст кодтой – Гæбылайæн сæ фарсмæ хицæн бынат равзæрстой ныгæнынæн. Гæбыла йæхæдæг кæй скъахта, уым ма уыд иу чырын бавæрыны фаг бынат. Йæ чызг Марусяйы хистæр чызг Разетæ, дам, фæдзæхста, мæн, дам-иу уым бавæрут, фæлæ йын йæ фæдзæхстмæ йæ хъус ничи æрдардта. Уыд нæхи хъæуы Колыты чындз...»

Æз ма мæхæдæг хорз хъуыды кæнын, нæ хъæу Гæбылайы хъæппæрисыл куыд дистæ кодтой, уый. Арæх æм цыдысты кæсынмæ, уæлдайдæр та-иу зианы бон уæлмæрдмæ иннæ рæттæй цы мæрддзыгой адæм æрбафтыд, уыдон. Йæ алыварс уыд æдзухдæр сыгъдæг æмæ æфснайд. Нæ хъæуы адæм æй хæсты фæстæйы азты дæр ма «Гæбылайы кæрт» хуыдтой...

Абон уыцы æнахуыр цыртдзæвæн нæ хъæуы зæронд уæлмæрды кæмдæр астæуæй аззади, фыдæлтыккон акъаци бæлæстæ йæ сæрты акастысты, æмæ уый æддæмæ нал зыны, æрмæст ма уыцы бæлæстæн фæззæджы кæрон сæ сыфтæртæ зæхмæ згъæлд куы фæвæййынц, уæд, йæ цъуппыл цы фондзтигъон стъалы ис, уый зына-нæзына хуры тынтæм ферттивы, Уæлахизы 9-æм Май нын нæ зæрдыл æрлæууын кæны...

*БЫЗЫККАТЫ Шурæ:*

## «МÆ ФЫД МÆ МАДЫ КОММÆ НÆ БАКАСТ...»

– Мæ фыд Хæритоны мын фронтмæ акодтой хæсты фыццаг бонты. Мах цыппар сывæллонæй хæдзары ныууагъта, нæ кæстæр Светæйыл цыд æрмæст æртæ мæйы. Нæ кæрты астæу баззад, колхозы кæуыл куыста, уыцы бричкæ æмæ дыууæ бæхы, сæ ныхтыл ма сын йæ армытъæпæнтæ авæрдта, цыма сæ исты тых райсынмæ хъавыд, уыйау. Фыццаг писмо дзы райстам Гуырдзыстонæй, стæй дзы хабар нал уыд.

Хæсты дыккаг аз нæ хъæумæ иу цæф хæстон ссыд фронтæй, адæм сусу-бусу кодтой, йæхæдæг, дам, топп ныццавта йæ зæнгыл. Æмæ уыцы лæг кæмдæр дзырдта, æз, дам, Бызыккаты Хæритонимæ иу тохы сæмбæлдтæн, мæ цуры, дам, фæмарди, мæхæдæг, дам æй баныгæдтон. Уый нæхи Мысырбимæ дæр фехъуыст, йæ хæдзармæ йын ныццыд, уымæн дæр та афтæ радзырдта. Мысырби йыл бауæндыд, нæхимæ æрбацыд, мæ мад Лизæйæн рахабар кодта, æмæ бауынаффæ кодтой хуыцаубоны, дам ын дыууæ чъиривы акæнæм, адæммæ бадзурæм, рухсаг ын зæгъой, мæнæ нæ дуармæ цы акъаци бæлæстæ ис, уыдонæй йын иу цыртæн акалæм.

Абоны хуызæн ма йæ хъуыды кæнын: хуыцаубоны æз пецы æхсынæны хъæдтæй арт бандзæрстон, йæ цуры бадын, арты мынæг æвзæгтыл бафу-бафу кæнын. Уалынмæ дын кæсын, æмæ уæртæ нæ къæсæрыл мæ фыд хæстон дарæсы æрбахизы... Уый махыл цы цинтæ

фæкодта, уый махыл цы цинтæ фæкодта!

Куыд радзырдта, афтæмæй йæ зæрдæ рысти, æмæ йæ хæстон дохтыртæ фронтæй бынтондæр суæгъд кодтой, æнæуи иу цæф дæр нæ фæци, иу цъæррæмыхст дæр. Фæлæ мæнæ цы бакодта: æртæ мæйы фæстæ кæсы, æмæ хъæуы иу йæ карæн лæг дæр нал уыд, æрмæст зæрæдтæ, æмæ уæд загъта:

– Æз ам сылгоймæгтимæ кæдмæ баддзынæн? Адæймаг иу хатт йеддæмæ нæ мæлы...

Хæстон комиссариатмæ бацыд æмæ йæхи фæстæмæ хæстмæ акæнын кодта. Иу афæдзы фæстæ гæххæтт райстам, æбæрæгæй, дам, фесæфт. Мæ мад-иу куы ныккатай кодта æз, дам æй нæ уагътон, мæ уæрджытыл ын æрхаудтæн, уæддæр мæм нæ байхъуыста, йæ цоты сæр дæр нæ ахъуыды кодта...

Мæ цуры фæмарди, зæгъгæ, мæ фыдæй чи ахъæр кодта, уый хабæрттæ рабæрæг сты, худинаджы гакк ыл сбадт, йæ цот Хуымæллæгæй сыстадысты æмæ æндæр хъæумæ алыгъдысты, ардæм хæстæг нал цæуынц...

## МИТЯ ФЫЦЦАГ ХАТТ КУЫ НЫЗЗАРЫД...

1942 азы сентябры фыццаг бонтæй иуы Хуымæллæгмæ æрбацыд нæхи хæстон машинæты колоннæ, сæ фæстæ – сармадзантæ æмæ зениткæтæ баст. Иутæ дзы æрлæууыдысты Сталины уынджы. Сæ кабинæтæй рагæппытæ кодтой афицертæ, уынджы аракæс-бакæс кодтой, стæй фæкомкоммæ сты Æгайты Æндырийы хæдзармæ: равзæрстой йæ штабы бынатæн. Изæры та фæзынд рог хæстон машинæ, æмæ дзы рахызт иу æрыгон инæлар, скодтой йæ дыккаг уæладзыгмæ æппæты уæрæхдæр æмæ райдзастдæр уатмæ, уырдæм ын схастой йæ дзаумæттæ, кæрты дæр æмæ уынджы дæр лæууыдысты фæйнæ дыууæ сырхæфсæддоны автоматтимæ.

– Нæ къахбавæрæн цæхæрадоны уыдис, – мысы уыцы бонтæ Æгайты Ким, – уырдæм-иу уыцы сырхæфсæддонтæ дæр йемæ ацыдысты, уым-иу фæлæууыдысты, стæй та-иу æй æрбакодтой. Уæд æй æз не 'мбæрстон, афтæ тынг æй цæмæн хъахъхъæныц, уый. Нæ цæхæрадоны бæстастæу акъаци бæласы бын лæууыд сармадзан, чысыл фалдæр æфсæйнаг боцкъайы сæр та – стыр пулемет. Цалдæр хатты нæ сæрты немыцаг хæдтæхæг æрбатахт æмæ йыл-иу дæнг-дæнгæй ралæууыды-

сты, мах та-иу нæ сæртæ акъоппыты фæцавтам. Куы-иу схызтыстæм уырдыгæй, уæд-иу нæм сырхæфсæддонтæ мидбылты худтысты, къафеттæ æмæ-иу нын сæкæры ставд къæрттытæ байуæрстой, æнахуыр адджын-иу уыдысты.

Кæд нæ рæдийын, уæд уыцы аз ноябры кæрон чидæр нæ сыхыл фæссихор æрзылд, уæртæ, дам, Кæсæбиты Митя дæр хæстæй ссыд, чысыл раздæр, дам, уæртæ Дудараты станцæйы поездæй æрхызт. Чи баурæдтаид мах, уырдæм – тъæбæртт. Уæд мыл цастæ цыд, фæлæ Митяйы æнæ къахæй, дыууæ лæдзæджы æнцæйтты куы федтон, уæд ын хуымæтæджы тæригъæд фæкодтон. Уым æй тачанкæйы сæвæрдтой, æмæ мах, нæ сыхы лæппутæ, суанг Кæсæбиты дуармæ бæхты фарсмæ згъоргæ фæкодтам.

Никуы мæ ферох уыдзæн, хæсты фæстæ Митя Цъæхилты куывды фыццаг хатт куыд ныззарыдис, уый. Уыцы цау, нæ хъæумæ фарн фæстæмæ кæй раздæхти, сабыр цард та нын кæй райдыдта, уымæн æвдисæн уыд. Æвæццæгæн, Митяйы хуызæн зарæггæнæг суæвыны бæллиц уæд райгуырдис мæ зæрдæйы...

## БЕРЛИНÆЙ КУЫДЗ СЛАСТА...

Хуымæллæг, 1949 аз. Уæлæсыхаг Цæра, нæ хъæуæй тохы быдырмæ чи фæраст, уыдоны фыццæгтæй иу уыдис, здæхгæ та æппæты фæстæ скодта, йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй йæ дæлæ Берлины баурæдтой. Æз уæд ырма гыццыл лæппу уыдтæн, фæлæ цæмæндæр мæ зæрдыл бадардтон, уыцы бонты нæ хъæуккæгтæ куыд сусу-бусу кодтой, куыд æй фаудтой, уый:

– Иутæ Германы зæххæй сызгъæрины голджытимæ сыздæхтысты, Цæра та дзы йæ фæдыл немыцаг бур куыдз сласта...

Скъолайы дæр æндæр кой нал уыдис, æмæ иубон фæсурокты æртæ цымыдис хæлары, æз, Гугкаты Ермак æмæ Кцойты Феликс, уæлæсыхмæ араст стæм, кауы хуынчъытæй йæм бирæ фæкастыстæм. Абоны хуызæн ма уайы мæ цæстытыл: уыд æнахуыр стыр, æз ахæм куыдз фыццаг хатт федтон, Туацъæйы хус фæсалы хуызæн йæ хъуынтæ – бур, йæ хъустæ залмы сыфтау– дæлæмæ фæлдæхт йæ цæстыты онг, йæ зæнгтæ – хъуынджын, уыд хæдзармæ бацæуæны къаххафæнмæ баст. Уырдыгæй нæ фæндаг Кцойты куыройыл ракодтам, доны малмæ-иу нæхи сæрбынмæ фехстам, Феликс нын йæхицæй раппæлыд, æз, дам,

уыцы немыцаг куыдзы сымахæй раздæр федтон, Цæра йæ мæнæ ардæм æркæны найынмæ...

Ууыл иу мæйы бæрц рауади, афтæ та Хуымæллæджы æндæр кой нал уыд: чидæр дзидзайы фæлмæны æрцындз батъыста, кауы сæрты йæ Цæрайы кæртмæ баппæрста, куыдз æй аныхъуырдта æмæ амарди, æфсæйнаг къаххафæн, дам ма йæ катайæ кæрты дуары онг рахæр-хæр кодта...

Уыцы фыдгæнæг чи уыдис, уый уæд афтæ дæр не сбæрæг, фæлæ мæнæ цы радзырдта мæнæн, районы газеты æрыгон уацхæссæгæн, нæ хъæусоветы уæды азты сæрдар Æгкацаты Федыр, Цæрайы кой дæр нæм куы рауадис, уæд:

– Йæ дардæй ласт куыдзæн ын чидæр афтæ куы бакодта, уæд мæм дыккаг æви æртыккаг бон Цæра хъæстмæ æрхæццæ, кæмæн, дам, цы кодта мæ куыдз, мæ сæрæн куы ницы 'мбарын, уæд, никæуыл, дам, гуырысхо кæныс, ацы хъæуы чи цы гæнæг у, уый дæуæй хуыздæр чи зоны... Æмæ йын цы загътаин?.. Мæ дзыхæй дæр никуы схауди, фæлæ мæм уымæй размæ уыд хæсты ветеран, Цæрайы дæллагварс цæрæг Темыр, – се 'хсæн ныллæг кау быд йеддæмæ ницы ис. Æмæ мын афтæ зæгъы, дæ хорзæхæй, мæнæ, дам ма дæ кабинеты дуар мидæджырдыгæй дæгъæлæй сæхгæн, æз дæм цыдæр равдисон...

Мæ цуры йæ хæлаф фадхъулты онг æрæппæрста, йæ хæдонып хæрдмæ схæцыд. Æз мæхæдæг дæр хæсты быдыры уыдтæн, бирæ цыдæртæ федтон, фæлæ йын йæ фæтæн фæсонтæ æмæ йе 'рбадæнтæм куы бакастæн, уæд мæ скæуынмæ бирæ нал хъуыд. Куыд мын радзырдта, афтæмæй хæсты фыццаг бонтæй иуы Житомиры бынмæ уацары бахауд, къуырийы фæстæ дыууæ 'мбалæй ралыгъдысты, фæлæ сыл немыцæгтæ сæ куыйты сардыдтой, уыдон сæ баййæфтой, хъæды цъымарайы, дам, размæ бахаудтæн, æмæ мæ дыууæйæ сæ быны скодтой, гæбазгай мæ фæтыдтой...

Æз æм хъуыстон æмæ йæ уайтагъддæр бамбæрстон, мæнмæ йе 'рцыды сæр цæй тыххæй у, уый. Дзургæ ницыма скодтон, йæхæдæг фæразæй:

– Мæ сыхаг не знаджы зæххæй хуыздæрæн цы сласта, уый куыннæ зондзынæ?.. Ды мæ бынаты уым фæцæрис? Куыд дæ фæнды, æз хъуамæ алы бон дæр, уымæ кæсгæйæ, мæ кæддæры хъизæмары бонтæ мысон? Æмæ йын кæдмæ фæраздзынæн? Исты хос нын æрхъуыды кæн. Æмбарыс мæ?..

Æз æй æмбæрстон, фæлæ, цалынмæ абон райсом кодтон, уæдмæ уыцы хабар æрцыди...

Дарддæр цы уыд, уый æз мæхæдæг зыдтон: Цæра фæтæргай, хъæубæстæмæ фæхæрам, горæтмæ алыгъд цæрынмæ. Иуцасдæр та хъæу фæсусу-бусу кодтой:

– Цæра Берлинæй сызгъæринтæ дæр сласта, æндæра Дзæуджыхъæуы Терчы был цъæхсæр хæдзæрттæ цæмæй балхæдта?..

## ДЫВДЫВ НЕМЫЦИМÆ АЛЫГЪД...

Кæцыдæр аз мæ фæззæджы хъарм бонтæй иуы мæ рухсыбадинаг хæлар Æгъуызарты Саукуыдз йемæ Дур-Дурмæ акодта, дæ хæлар дунейы рухс кæм федта, уыцы хæдзар, дам, фен, мæ кæстæр æфсымæр Таймураз цуанон у, æмæ дын уый та, иу æхстæн дыууæ хъæддаг хуыйы куыд ис афæлдахæн, уый равдисдзæн. Физонæджы тæф ма хъуыды кæныс?..

Хъæуы астæу автобусæй куыддæр рахызтыстæм, афтæ махæй чысыл фалдæр иу урс «Жигули» дзыхълæуд æркодта, бæрзонд, фæтæнуæхск лæппу дзы рахызт, морæ нымæтхуд йæ сæрыл. Саукуыдзимæ кæрæдзиуыл ныттыхстысты, цæуылдæрты аныхас кодтой, нæ мæм хъуыст, стæй лæппу мæнмæ дæр æрбацыд, йæ ном мын загъта – Тазрет, йæ машинæйы раззаг дуар, мидбылты худгæйæ, ныттыгъта:

– Мæнæ-ма мæ фарсмæ æрбабад!..

Иуцасдæр куы ауадыстæм, уæд бамбæрстон, хъæуæй кæй ахызтыстæм, уый, хæдзæрттæ дзы нал уыд, быдыр райдыдта, æцæг дзургæ ницы скодтон. Саукуыдз фæразæй:

– Дамир, мæнæ мæ хæлар Тазрет ныцъцъæх ис, дæ уазæджы, дам дын раздæр æз хъуамæ бубуц кæнон. Разы йын кæнæм?.. Искуы Къорайы уыдтæ?..

Цы гæнæн ма мын уыдис, зæгъын, сымах куыддæриддæр фæнды, афтæ.

Хъæуы астæу агуыридурæй амад иу бæрзонд хæдзары цур егъау, фæтæнкъабузджын бæласы бын ауоны æрлæууыдис нæ машинæ. Æз мæ къах зæххыл куы æрæвæрдтон, уæд фыццаг фæкомкоммæ дæн, уымæн йæ цалдæр уидаджы зæххы цъар куыд стыдтой, уымæ, – уыдысты æнахуыр ставд, иуыл дзы чидæр фæтæн фæйнæджы

гæбаз зæгæлтæй дæр ма ныххоста бадынæн.

Тазрет мын кæнæ мæ цымыдис бамбæрста, кæнæ та, чи зоны, алы уазæгæн дæр афтæ кæны, фæлæ мын радзырдта, ацы бæлас, дам, мæ фыды фыдыфыды сагъд у. Немыц иу советон афицер тæхæджы уацары райстой æмæ йæ ацы тулдзыл æрцауыгътой, цалдæр боны йыл дзедзыкка фæкодта. Хæсты фæстæ чидæр нæ хъæуыхицауы сардыдта, уыцы тулдз бæлас, дам, йæ бындзарæй афæлдахын хъæуы, не знæгтæн, дам, сæ сау ми бакæнынæн фæахъаз... Ноджы цыдæртæ ма. Фæлæ æгас хъæубæстæ дæр ууыл не сразы сты, уый, сæрыстыр кæмæй стæм, нæ ахæм фидауц куы у, æцæг уынаффæ рахастой, нæ тæхæг цы къалиуыл ауыгъд уыдис, уый, дам, ахауын кæнут...

Тазрет нæ йæ фæдыл цъылинаджы хуымты уæрæх астæуты цæхæрадоны кæронмæ акодта, дыууæ æхсæрбæласы бын егъау дуры цур æрлæууыд, æргуыбыр кодта, йæ нымæтхудæй йæ асæрфта æмæ дзы разынд сырх ахорæнтæй фыст «Ам ныгæд ис Дывдыв».

– Ацы Дывдыв мæ фыдæн йæ кæсгон хæлар цуанон Хизиры лæвар уыд, – Тазретæй нæ ферох Саукуыдзы курдиат. – Уыцы æнахуыр фæлмæн ном та йыл ам нæхимæ сбадт, мæнæ иуæй-иу хъуырхъуыргæнæг зæронд лæгæй уæлдай нæ уыд, æдзух хъæуанæхъæуа рæйгæ кодта, æхсæв та – ниугæ, æвæццæгæн, ам махмæ йæ зæрдæмæ нæ цыд. Мæ фыд æй уæддæр бирæ уарзта, хæстмæ куы цыд, уæд мæ мадæн фæдзæхсгæ бакодта, ме ссыдмæ, дам мын æй мацы фæкæнут.

Немыц нæ хъæуы дæр куы æрбынатон сты, уæд Дывдыв бынтон æндæр хуызæн фестад, нæ – рæйгæ, нæ – ниугæ. Иу бурсæр афицер Шульц мæнæ ам махмæ нæ уаты цардис, æмæ-иу уый бын атылд. Уымæ уый хорз касти, алыхуызон хæринæгтæ йын лæвæрдта, суанг æй печенитæ хæрын дæр ма сахуыр кодта. Æз æмæ мæ хо уæд гыццылтæ уыдыстæм, нæ цуры-иу ын сæ тыргъты акалдта, цыма мах мæстæй мардта, уыйау. Чысыл уырыссагау дзырдта уыцы Шульц æмæ иухатт мæ мадæн бамбарын кодта, ацы хъæуы, дам, махыл уæ куыдзæй тынгдæр ничи бацин кодта. Куыд æм хæлæг кæнæм, уый нæ мад уыдта, фæлæ цы йæ бон уыд, æлгъыста йæ...

Иу зымæгон райсом немыц лидзынмæ фесты. Мах нæ рудзынгæй кастыстæм æмæ нæхи цæстытæй федтам Шульц цæугæ-цæуыны йæ сау рог машинæйы дуар куыд ныттыгъта æмæ, сæ фæдыл чи ныййарц, уыцы Дывдыв кабинæмæ куыд багæпп кодта, уый. Мæ

мад ныхъхъæрзыдта, уынгмæ разгъордта, суанг Бесолты тигъы онг ныххæццæ, сæ фæдыл ма бирæ фæкаст. Кæддæр-уæддæр нæхимæ куы раздæхт, кæрты дуар йæ фæдыл куы сæхгæдта, уæд уынгæг хъæлæсæй цы загъта, уыцы ныхæстæ мæ никуы рох кæнынц:

– Фыдвæндаг фæу!.. Уæ фыд куы раздæха, уæд ын цы зæгъдзыстæм?..

Уыцы бон æгас хъæуы дæр зыдтой Дывдывы хабар. Не 'мгар лæппутæ æмæ чызджытæ нæ тулдз бæласы бын кæрæдзиуыл миты къуыбæрттæ æхсынтæй хъазыдысты, кæрæдзийæн, махмæ амонгæйæ, дзырдтой:

– Сæ куыдз немыцы фарс фæцис...

Хъуыды ма кæнын, æз уый ницæмæ æрдардтон, фæлæ мæ хо скуыдта æмæ мидæмæ балыгъд. Уыдон дæр фæйнæрдæм фæпырх сты, зыдтой йæ, ныртæккæ сæм нæ мад кæй ралæбурдзæнис, уый.

Æртыккаг æви цыппæрæм бон нын сæумæрайсом нæ сыхæгты ус Ламикка нæ рудзынг ныххоста æмæ йæ æгас хъæу дæр куыд хъусой, афтæ хъæрæй æрбадзырдта:

– Мæнæ уæ бæлццон раздæхти, Хестантæ. Ракæсут æм!..

Мæ мад æй чи банхъæлдта, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ йæ хъæццул иуварс фехста, йæ ныхæй рудзынгыл баныхæст, æрæджиау мæнырдæм æнæбары разылд æмæ æнкъард хъæлæсæй загъта:

– Цу-ма, уыцы æвзæрæн кæрты дуар бакæн. Æз дæр дæ феййафын...

Æз æнхъæлдтон, зæгъын, уый мыл йæхи æрбаппардзæн, фæлæ мæ цыма уынгæ дæр нæ фæкодта, уыйау мæ сагæхты æхсæнты ауад, дыккаг уæладзыджы тыргътæм асинтыл сызгъордта, фæстаг къæпхæнмæ нæма схæццæ, афтæ гæрах райхъуыст, æмæ Дывдыв дæлæмæ расхъиудта, уайтагъд йæ туджы пырхæнтæ ногуард миты ахъардтой. Æз хабар бамбæрстон, мæ фæсонтæ каумæ сарæзтон æмæ кæуыс ма – нал, Ладикка мæ æрбахъæбыс кодта:

– Ма фæтæрс, ма фæтæрс!..

Гæрахы хъæрмæ нæ сыхæгтæ цалдæрæй нæ кæртмæ æрбакалдысты. Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы: иуы дзыхæй дæр дзы ныхасы æрдæг дæр не схаудта; мæ мад æд топп тыргътæм бахизæны куы æрбадт, йæ уæхсчытыл зырзырæг куы бахæцыд, уæд уыдон сæргуыбырæй иугай уынгмæ ахызтысты, нæхи бар нæ ныууагътой...

Æрæджиау федтон, мæ мад йæ хæцæнгарз фæйнæджытыл æрæвæрдта, уый. Дывдывы цурмæ æрцыд, йæ фæстаг къахыл ын

схæцыд, стæй мæнæн загъта:

– Мæ фæдыл ма белимæ рацу...

Мæнæ йæ ам баныгæдтам, дуры бын байбын ракъахтам, уæд ацы æхсæр бæлæстæ нæма уыдысты. Йæ сау сыджыт цæмæй бæрæг ма дара, уый тыххæй йæм мит æрбакалдтам. Фæстæмæ хæдзармæ куы здæхтыстæм, уæд та мæ мад йæ катайæн нæ бафæрæзта:

– Цы зæгъдзыстæм ныр дæ фыдæн?..

Æз уæд нырма ныфсæвæрæн ныхас зæгъынхъом нæма уыдтæн. Уæвгæ йын зæгъын дæр ницыуал бахъуыд: нал нæм раздæхт...

Фæссихор нæ Тазрет Дур-Дуры, Саукуыдз дунейы рухс кæм федта, уыцы хæдзары цур раргъæвта.

Дыккаг бон нын сæумæцъæхтыл Таймураз нæ уаты дуар ныттыгъта, бæстæ йæ сæрыл систа:

– Цас хуыссут, горæтæгтæ, цас!.. Афонмæ хъæддаг хуытæ кæрдохæрдæй ныддæнгæлтæ сты. Цæуын хъæуы...

Æз ын не сразы дæн, æфсон ын ссардтон, зæгъын, мæхи æвзæр æнкъарын, æвæццæгæн мын, æппынæдзух кæмæй æппæлут, Дыгургомы уыцы климæт нæ фæбæззыд. Мæхи та фæндыд ногæй Къорайы фестын, уыцы фыдæлтыккон тулдз бæласы бын æнæдзургæйæ алæууын, Дывдыв цы стыр дуры бын ныгæд ис, ууыл банцой кæнын...

## ХЪЫСМÆТЫ АХÆМ РАЙДИАН

Иу уалдзыгон бон Олгинскæйы мæ хæлар бинонты бæрæгбоны мæхи цахъхъæн лæджы фарсмæ бадт фæдæн. Чи нæ кæмæй у, чи нæ кæцæй у, уый нæ иу дæр нæ зыдта, афтæмæй нæм ныхас рауад иуæй-иу ирон мыггæгтæ æмæ нæмттæ равзæрды тыххæй. Мæнæ дзы цы фехъуыстон:

– 1942 азы немыц Ирыстоны ныгуылæнырдыгæй кæройнæгдæр хъæу Иран бацахстой. Сæ афицертæй иу æрбынатон ис, æрмæст зæронд лæг æмæ зæронд ус кæм цардысты, ахæм хæдзары уаты. Æвзæр сын нæ уыд, тызмæг цæстæй сæм нæ каст, хатгай-иу сын хæринæгтæ æмæ адджинæгтæй дæр фæхай кодта. Иухатт цалдæр боны нал уыд, стæй фæзынд, йæ хъæбысы та – дыууæ-æртæ азы кæуыл цыдаид, ахæм саухил рæсугъд ирон лæппу. Йæ фысымтæн уæзданæй загъта:

– Фæкæсут æм... Ничиуал ын ис... Æз уын уæ хорздзинад нæ

ферох кæндзынæн. Мах куы фæуæлахиз уæм, – уый та тагъд æмæ æнæмæнг уыдзæн, – уæд æй æз мемæ Германимæ аласдзынæн...

Дыгай-æртыгай бонтæ-иу кæмдæр фæцис, стæй-иу æмбисæхсæв дæр фæлладæй дуарыл æрбахæцыд, цыдæр хæринæгтæ-иу йемæ æрбахаста, лæппуйы-иу æрбахъæбыс кодта. Иухатт æппындæр нал фæзынд, уæд, дам, немыц Дзæуджыхъæумæ бырстой æмæ, чи зоны, уым фæмард, чи зоны та йын, фæстæмæ лидзгæйæ, æрбауайынæн амал нал фæцис.

Дыууæ зæрондæн сæхи дыууæ лæппуйы дæр хæсты уыдысты, фæлæ афтæ рауад, æмæ сæм постхæссæг уыцы иу бон сæ дыууæйы сау гæххæттытæ дæр æрбалæвæрдта. Фæрыстысты, се 'нæниздзинад фæцудыдта. Загътой, исты ныл куы 'рцæуа, уæд ацы лæппу цы фæуыдзæнис, кæй хъæудзæн ахæм сидзæр, æмæ, уæд ахъæр кодтой, уæздан адæмы къухтæм æй раттиккам, зæгъгæ.

Иубон сæм Дзæуджыхъæуæй иу дзæбæх лæг æмæ ус æрцыдысты, лæппу тынг сæ зæрдæмæ фæцыд. Фæрсынц æй, кæмæй у, йæ ном цы хуыйны, йæ мад, йæ фыдæй. Ницы зыдта, ницы хъуыды кодта. Æмæ уæд баныхас кодтой афтæ: хæсдзæни, амæй фæстæмæ кæй къухы хъомыл кæндзæн, уыдоны мыггаг – Дзампаты, йæ ном та уыдзæн, нырмæ кæй къухы уыдис, уыцы мыггаджы ном – Хъантемыр...

Йæ ныхасæй фæлæууыд лæг, чысыл æрæнкъард æмæ уæд æз мæхи нал баурæдтон, зæгъын, цы бацис уыцы лæппу... Уый мæм бахудтис:

– Мæнæ дæ цуры бады!..

Цалынмæ фынгтæ æвæрдтой, цалынмæ, æрæджы чи кодта, уыцы уазджытæм æнхъæлмæ кастыстæм, уæдмæ ма мын йе 'нахуыр хъысмæты тыххæй цыдæртæ радзырдта, фæстагмæ ма загъта:

– Уыцы немыцаг афицер йæхæдæг кæй систа, мæ уыцы къам мæ чызг цалдæр хатты Интернеты тыгъдады равдисын кодта, цы нæ вæййы, кæд, дам дæ исчи базонид...

Æрбадзурæг нæм нæма ис...

## АХУЫРГÆНÆДЖЫ БАФХÆРДТОЙ

Федыр, нæ хъæуæй хæстмæ чи ацыд, уыдонæн се 'ппæтæй раздæр сыздæхт фæстæмæ. Цæфтæй, уæззау операцийы фæстæ йæ галиу къах фæцыбырдæр. Не скъолайы военрук уыдис. Иухатт

нæ ахуыр кодта, хæстон парады куыд цæуын фæхъæуы, ууыл. Бацамыдта нын, стæй нæ рæнхъгай цыппæргæйттæй слæууын кодта, йæхæдæг – разæй, фæстæмæ нæм командиры хъæлæсæй тызмæг радзырдта:

– Æз куыд цæуын, афтæ цæут. Шагом марш!

Махмæ йæ ныхæстæ худæг фæкастысты, ома, æз куыд цæуын, сымах дæр афтæ цæут, зæгъгæ, æмæ не 'ппæтæй дæр «къуылыхтæ» рауади. Цæй сæртæг, цæй фыдзæрдæтæ уыдыстæм, хæстон лæджы зæрдæхудт райстам. Æвæццæгæн æм нæ чыр-чыр фехъуыст, цæхгæр фæзылд æмæ уыйас «къуылыхтæ» куы федта, уæд ма йын æй цы бамбарын хъуыд, фæзмгæ йæ кæй кæнæм, уый. Йæ цæстыты масты уылæнтæ абухын райдыдтой, уый куы федтам, уæд дзыхълæуд æркодтам æмæ цавддуртæ фестадыстæм.

Йæ къухæй нын ацамыдта, ома, ацæут, нал мæ хъæут, зæгъгæ, йæхæдæг йæ сæр фæгуыбыр кодта, бæлæсты бын зæронд къодахыл йæхи æруагъта. Мæнæй йæм хæстæгдæр лæуд ничи фæци, æмæ æз федтон, уыцы домбæйттæ арæзт, фæтæнуæхск лæджы цæссыгтæ куыд рахъардтой, йæ фыдхуыз рустыл куыд æрлæсыдысты, уый.

Дыккаг бон Федыр йæ куыстмæ нал рацыд. Никуыуал рацыд...

Ныр хатгай нæ хъæуы уæлмæрдмæ куы бафтын, уæд ын æнæмæнг йæ ингæны цыртыл мæ къух авæрын, хатыр дзы ракурын… Æндæр ма мын уæдæ цы баззад? Æвæдза, хатгай æрыгæттæ куыд æгъатыр, куыд æнæрхъуыды вæййынц...

## МЫГГАГМÆЙЫ ФÆСМОН

Нæ хъæуы кадджындæр хистæртæй иу–Барисы–йæ хæдзары бабæрæг кодтон, йе 'фсин нын кæрты астæу æнгуз бæласы бын фынг авæрдта, ныхас ныл бацайдагъ, æрымысыдыстæм ын йæ ныййарджыты дæр.

Мæнæ мын цы радзырдта йæ фыды тыххæй:

– Хæст куы райдыдта, уæд мыл дыууадæс азы цыдис. Мæ фыд цуанон уыдис. Иухатт мæ тæккæ цур тæрхъус амардта, æмæ æз уыцы рæсугъд сырды тæригъæдæн куыд бафæрæзтон, уый диссаг уыди. Фæстæмæ куы раздæхтыстæм, уæд мæ фыд, сыхы лæгтимæ абадон, зæгъгæ, уынгмæ куы рацыд, уæд æз бавдæлдтæн æмæ йын йæ гилдзыты топпыхос ракалдтон, стæй, цыма æппындæр

ницы 'рцыд, уыйау сыхы ләппутимә хъәугәроны къуыбыртәм хъазынмә ацыдтән.

Дыккаг бон әз йемә цуаны нал акуымдтон, мә сәр риссы, зәгъгә йын сәфсон кодтон, мәхәдәг әнхъәлмә кәсын, куы раздәха, уәд цы уыдзәнис, уымә. Кәрты дуарәй куыддәр әрбахызт, афтә әз йә размә фәдән, уыцы әнә исты дзургәйә мыл йәхи андзәрста әмә ронәй нәмыс ма – нал...

Уыцы бонәй къуыри дәр нәма рацыд, афтә йә хәстмә акодтой. Кәрты астәу мә әрбахъәбыс кодта, әмә әз әнхъәлдтон, ныртәккә мә хатыр ракурдзәнис, зәгъгә. Иу ныхас дәр не схаудта йә дзыхәй. Әз, әнәзонд, мәстыгәр, уыцы изәр Куыдзиаты дыргъдоны цур кувәндонмә мә мады сусәгәй ссыдтән әмә зәрдиагәй скуывтон:

– Мауал дзы раздәх!

Мә куывд әрцыдис…

Әвәдза, мәхи йеддәмә йә ничи зоны, әз уәдәй нырмә куыд фәсмон кәнын, мәхи куыд әфхәрын, уый. Азтә мыл цас фылдәр цәуы, уыйас фылдәр әмә тынгдәр.

## ТӘВД КӘРДЗЫНТӘ ӘМӘ СӘРБӘТТӘН

Ацы әнкъард хабар мын ракодта мә хәлар Пагәты Аслӕмбег:

– 1933 аз тынг әххормаг аз скодта, әмә уәд дәлә Уәрәсейә ардәм цы мәгуыр адәм лыгъд, уыдонәй иутә бахәццә сты суанг махмә дәр – Зынцъармә. Иу бон нын нә дуар әрбахостой әрыгон мад әмә йә дыууә бурсәр гыццыл ләппуйы, мәнә, дам нәм, дәуән чи сбәзза, ахәм рәсугъд хъуырбәттән ис, әмә йә хойрагәй ивәм. Мә Нана сә мидәмә әрбахуыдта, сә цуры сын уайсахат, пецәй кәй райста, ахәм тәвд кәрдзын әрәвәрдта, уәрмәй сын дурыны уазал әхсыр схаста. Уыдон цы зыд хәрд кодтой, цы!

Уәдмә иннә кәрдзын дәр къәйыл әрәвәрдта, уазджытәм бакаст әмә сын сә цәстәнгасәй бамбәрста: нәма бафсәстысты. Уый дәр та сын сә цуры әрсаста. Фәләбурдтой та уымә дәр. Әртыккаг кәрдзын та сын урс хәцъилы батыхта, афтә сын зәгъы, кәрдзын, дам, хъәбәр хойраг у әмә, дам уал әгъгъәд скәнут хәрынән, науәд уә афтид ахсәнтә исты кәндзысты.

Уазджытә сыстадысты, сылгоймаг Нанайы йә хъәбысы әр-

бакодта æмæ уыцы диссаджы рæсугъд хъуырбæттæн стъолыл æрæвæрдта. Нана йын æй фæстæмæ йæ къухты фæсагъта:

– Махмæ хæринаг дзаумæттыл нæ фæивынц!..

Ууыл азтæ рацыд. Хæсты фæстæ нын иу фæссихор чидæр нæ кулдуарыл æрбахæцыд, æз æм акастæн. Бæрзонд бурхил лæппу лейтенанты дарæсы, йæ риуыл – цалдæр хæрзиуæджы. Æз, дам, иухатт тæвд кæрдзын æмæ уазал æхсырæй кæй бахынцтат, уыцы уырыссаг лæппутæй иу дæн. Мæ Нанайæн фæхъæбыстæ кодта, стæй, йæ къухы цы тыхтон уыдис, уый райхæлдта, рæсугъд хъулæттæ сæрбæттæн дзы систа, суанг, дам æй Берлинæй сластон, йæхæдæг ын æй йæ сæрыл æркодта. Хъуамæ, дам дæм мæ фаззон æфсымæримæ ссыдаиккам, фæлæ мæ уымæн Эльбæйы былгæрон мæхи къухтæй ингæн скъахын бахъуыд...

## НЫР ФИНКÆ АУЫГЪДÆЙ ЛÆУУЫ...

Цалдæр азы размæ мæ зæрды уыд бирæгъты цардыуаджы тыххæй чиныг ныффыссын, æмæ фембæлдтæн, уыцы æгъатыр сырдтыл чи цуан кодта, ахæм лæгтимæ дæр. Сæ иу – Дзугкойты Никъала. Иухатт нæм ныхас рауад хæсты тыххæй дæр, æмæ мын радзырдта:

– Хæст кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд мæ сиахс Мæрзойты Хадзымырзæ хæцыдис Венгрийы арæнтыл. Иухатт тæссаг уавæры бахауд, немыц – бирæ фылдæр, акъоппы иунæгæй аззад. Йæ гилдзытæ æхст куы фесты, уæд, байбыны фæстаг гранатмæ куыд фæцæйлæбурдта, афтæ йыл дыууæ салдаты сæхи æрæппæрстой, сæ быны йæ анорстой, йæ цæст ын джебогъæй бахъыгдардтой, иуцасдæр дзы нæ уыдта.

Немыц иннæ акъоппытыл дæр æрзылдысты, кæд ма исчи æгасæй баззад, зæгъгæ, фæлæ мæ сиахс иунæг разынд, æмæ уæд хистæр афицер сæхи æвзагыл уыцы дыууæ салдатæн загъта, акæнут, дам æй æмæ йæ уæртæ нартхоры хуымы астæу фехсут. Мæ сиахс немыцагау зыдта, фæлæ цы йæ бон уыд. Хъæуы кæройнаг хæдзары дуармæ лæууыд немыцаг дæлбулкъон, уый салдæтты æрурæдта æмæ сæ бафарста, кæдæм æй кæнут, зæгъгæ. Мæ сиахсмæ мын нымдзаст. Хуыцау йæ зонæг, цы ахъуыды кодта, уый, фæлæ сын афтæ зæгъы, æз, дам уал штабы йемæ аныхас кæнон. Уым

ын йæ риуы дзыппытæй йæ хæстон æмæ партион билеттæ сласта, фæракæс-бакæс сæм кодта, рудзынджы цурмæ бацыд, цæуылдæр аджих. Æрæджиау цæхгæр фæзылд, фæстæмæ йын йæ документтæ йæ къухтæм радта, стæй лагъзæй, мæнæ финаг кард кæй хонынц, ахæм систа кæрддзæмы æвæрдæй æмæ йын æй галиуырдыгæй, хæлафæй роны æхсæн, нытътъыста, кителей æддæмæ куыд нæ зындаид, афтæ. Дзургæ ницы скодта, æрмæст æм ныфсæвæрæн каст æрбакодта, ома, дам, ныр та – дæ хъару æмæ дæхæдæг, стæй салдæттæм фæдзырдта.

Иучысыл куы ауадысты, уæд фæсте чи цыд, уый карст нартхоры бындзæфхадыл йæ къах скъуырдта, иуварсырдæм ахауд. Мæ сиахс йæ лæвар финкæ фæцъортт ласта æмæ уал дзы раззаджы барæхуыста, стæй фæстæмæ фæзылд æмæ уый дæр ныццавта. Уымæн йæ автомат зæхмæ æрхауд. Фелвæста йæ мæ сиахс, дыууæйыл дæр автомат ауагъта æмæ – лидзгæ. Уæдмæ 'рталынг.

Фыццагдæр цы хъæумæ бахæццæ, уым кæройнаг хæдзары кæртмæ фæстæты хъæдын бруйы сæрты бахызт. Дæргъæй-дæргъмæ сара дзы, уым та рæбынæй – хосы бæстытæ амад суанг бæрзонд цары онг. Къулæй уыдоны 'хсæн бабырыд, куы мæлон, уæд, дам, ам.

Боныцъæхтыл цавæрдæр æнахуыр хъæртæм райхъал, немыцæгты дыгъал-дыгъул хъуысы. Агуырдтой йæ, кæйдæр рафæрс-бафæрс кодтой. Иу сахаты бæрц рацыдаид, афтæ кæйдæр цæстæнгас банкъардта йæхиуыл: уæлейæ йæм бынмæ кастис иу сылгоймаг. Рабырын æй кодта уырдыгæй, немыц, дам, фæлидзæг сты ардыгæй, уæртæ, дам, сыхаг хъæуы советон æфсæддон хай æрбынат кодта, уырдæм ын фæндаг бацамыдта...

Хæст нырма цыди, афтæ мæ сиахсы йæ цæсты тыххæй фронтæй суæгъд кодтой æмæ йæ арвыстой Ростовмæ. Снысан æй кодтой, немыцаг уацайрæгтæ кæм уыдысты, уыцы лагеры комендантæй. Иубон, дам, кæрты фæцæуы. Кæсы, æмæ цалдæр немыцаг афицеры хицæнæй бæласы бын лæууынц, æмæ дзы иуы базыдта: Венгрийы зæххыл ын финкæ чи радта, уыцы дæлбулкъон. Уæд æм ницы сдзырдта, фæлæ дыккаг бон уыцы финкæ сæхицæй йемæ рахаста, дæлбулкъоны йæ кабинетмæ 'рбакæнын кодта. Къæсæрæй куы æрбахызт, уæд æм дзургæ ницыма скодтон, нырма дызæрдыг кодта, уый у, æви нæу, ууыл. Уый йæм йæхæдæг нымдзаст, ныццин кодта æмæ сыгъдæг уырыссагау загъта:

– Я знал, что тебе удалось бежать, но не ожидал такой встречи...

Куыд уыди, цы уыди, уый йын радзырдта, раарфæ йын кодта.

Йæ баххуысгæнæгæн мæ сиахс уым лагеры цыдæр æнцон куыст радта, стæй, кæуыл æууæндыд, уыцы хæринаггæнæгæн та бабар кодта, цæмæй йæм фæкæса, уæлдай буцдæр æй дара. Фæлæ уый нæхи афицертæй чидæр бафиппайдта æмæ йæ банымыгъта: лагеры комендант, дам, æнахуыр æмцегад кæны иу немыцаг дæлбулкъоныл, арæх фæныхас кæнынц дыууæйæ, цæуыл, уый, дам, хæйрæг базонæд...

Иубон æм Ӕдасдзинады комитетмæ фæдзырдтой, æрфарстой йæ, немыцаг дæлбулкъонимæ, дам дын иумæйагæй цы ис. Ӕмæ сын уæд, хабар куыд уыдис, уый радзырдта. Ӕнæбафæрсгæ нæ фесты уацайраджы дæр. Куыд рабæрæг, афтæмæй уымæн йæ фыд уыдис коммунист, 1919 азы йæ 'рцахстой æмæ йæ фехстой, йæ лæппуйы та йын тыххæй æфсадмæ акодтой. Хабæрттæ куы сбæрæг сты, уæд мæ сиахсы уыцы бынатмæ нал бауагътой, немыцаджы та сæхимæ æмгъуыдæй раздæр арвыстой...

Уыцы финкæ мын фæсхæст мæ сиахс балæвар кодта, иухатт нæм Ростовæй бæрæггæнæг куы ссыди, уæд. Ӕз-иу æй райстон, хъæддаг хуытыл цуаны цæугæйæ. Ныр та ауыгъдæй лæууы мæ уаты къулыл: кæддæры цаутæн æвдисæн....

# ТАБОЛТЫ СОЛТАНБЕГ (СЕРГЕЙ): 75 АЗЫ



(1946 – 1993)

# ЗÆРДÆЙЫ РУХСÆН АХУЫССÆН НÆЙ

# ÆЦÆГ ИРОН ЛÆГ

*Мысинæгтæ*

Таболы-фырты номæн рохуаты баззайынæй тас никуы уыди. Бирæтæн лæууы сæ зæрдыл, бирæтæ йæ мысынц æхсызгонæй, зæрдæуынгæгæй, бирæтæ сæ мидвæндты уынаффæ кæнынц йемæ. Йæ удуæлдай куыст, йæ бирæ æнтыстытæ, йе 'нæнцой зæрдæйы тырнæнтæ афтæ ахадгæ сты, æмæ нæм бар-æнæбары сæвзæры дыууæ сыгъдæг æнкъарæны: арфæ æмæ дис.

Æрдз ын цы парахат курдиат æмæ фæрнæйдзаг миниуджытæ саккаг кодта, уыдоны фæрцы Таболты хорз лæг ныфсхастæй ацыд йæ райгуырæн бæстæйы цардвæндæгтыл – «тæфсæн», «мидцоппайы», «рацарæзты» æмæ «кæрæдзи цæгъдæн» дугтыл... Æнæгуырысхойаг у иу хъуыддаг: Солтанбег йæ цыбыр цардæй равдыста, ирон æхсæнад цы уавæры уыд æмæ цæмæ тырныдта, уыдæттæ. XX æнусы кæрон Ирыстоны раз цы национ-культурон æмæ национ-паддзахадон хæстæ лæууыд, уыдон Солтанбег æхххæст кодта, йæхи равдыста иттæг зæрдæргъæвд æмæ арæхстджынæй. Ахæм лæгтæ нæм уыд æрмæст иугæйттæ.

Дыууæ Ирыстоны кæрæдзимæ æрбаввахс кæныныл Солтанбег куыд æнувыдæй архайдта, уый у сæрмагондæй раиртасыны æмæ поэтикон ахорæнтæй равдисыны аккаг.

Зын у аргъ скæнын, культурон æмæ национ арæзтады дæр ын цытæ бантыст, уыдонæн...

Куыд хæстон балхон, афтæ Солтанбег раздæр ныв кодта стæры цæуæнтæ, æууæнк кæуыл ис, ахæм адæймæгтæй арæзта къордтæ, æрбахуыдта-иу фæлтæрд командирты æмæ хæстонты, ссардта-иу цæдисæмбæлттæ æмæ фидæрттæ арæзта арæнтыл, бæрæгдзаутæ-иу арвыста, йæ ныхмæлæуджытæн мæнг информаци чи лæвæрдтаид, ахæмтæ. Уымæ гæсгæ-иу фæуæлахиз хъазуатон тохты дæр, стæй, даргъ позицион хæст кæй хонынц, уым дæр.

Æцæг фарны лæг, бæлвырд нысантыл æмæ раст политикон зондыл хæст, пайдайаг культурон æмæ политикон программætæ аразæг, адæмты кæрæдзиуыл бæттыны курдиатæй хайджын. Йæ æвæллайгæ куыст æмæ тох та æрæййæфтой æппæты уæззаудæр

замантæм: наци йæхи цæмæй æрæмбара, хæдбар паддзахад суа, ууыл тох цыди дыууæ фронты: уый уыди фыдыбæстæйы хæст – тугкалæн, хъазуатон.

Таболты Солтанбег арæзта ног Ирыстон, тох кодта йæ фидæныл. «Йе 'мгæртты сæрвæлтау адæймаг йæ уд нывондæн куы 'рхæсса, уæд уымæй стырдæр уарзт нæй», – фыст и Сыгъдæг чиныджы. Солтанбег йæ уд нывондæн æрхаста Фыдыбæстæйы сæрвæлтау, æмæ йын йæ цыбыр 47-азон балцы йæ къухы бафтыд æнусон цард.

*БЗАРТЫ Руслан*

## ÆРДЗÆЙ ФÆЦИС РАЗДЗОГ

Æз, Дзæуджыхъæуы уæвгæйæ, æнæмæнг иу хатт уæддæр ссæуын нæ адæмы хæрзæджыты уæлмæрдмæ – пантеонмæ. Уым нығæд у мæ хистæр æмгæртты уарзондæр – Плиты Грис. Нигеры фæстæ иууыл стырдæр ирон поэт... Уым ныгæд ис Таболты Сергей дæр. Гъе, æмæ утæппæт цыртыты 'хсæн лæджы цæст æнæмæнг аныдзæвы Сергейы цыртыл – бронзæйæ конд дыууæ айнæджы – дыууæ Ирыстоны.



Ацы символ æцæгдæр æмбæлы бæттын Солтаны номимæ. Уый йæ уды фарнæй, йæ зонды, йæ зæрдæйы æмæ йæ цонджы тыхæй дæр уыди Хуссар Ирыстоны дзыллæимæ, иууыл зындæр заман, тугуарæн заман ныл куы скодта, уæд. Ам, Хуссар Иры тугæвдылд зæххыл, уыди æрвылбон йе 'мкъай, хъæбатыр журналисткæ Иринæ дæр. Уыдон, сæ бон цы уыд, уымæй дæр ноджы фылдæр æххуыс кодтой тохы заман, уыцы тох та уыди нæ адæмы рæсугъд ном æмæ фидæны, сæрибар æмæ хæдбары сæрыл.

Солтаны куысты уагмæ мæ хъус дардтон цалдæр азы, уæлдайдæр 1989 азæй фæстæмæ, Рескомы секретарь куы уыд, уæд. Дисы мæ æфтыдтой йæ хъару, æвидигæ куыстхъомдзинад, цардбæллон удыхъæд, йæ рæстдзинадыл амад инициативæ. Ныфс-иу цæмæй бавæрдта, уый та арæзта ныхасæн йæ тæккæ уæлвæд, стæй – йæхæдæг, искæй бæрны йæ нæ кодта бирæ чиновниктау. Хъуыддаджы лæг, аразæг, æхсæндзарды вазыгджын хабæрттæ рæстдзинадыл амайæг раздзог!

Мæ хъуыдыйæ Солтаныл иттæг хорз сфидауиккой зарæджы ныхæстæ: «Уый хуызæн лæппу макуы райгуыра, куы райгуыра, уæд та макуы амæла!..» Нæ фæци мах ахæм амонд, йæ тæккæ цард аразыныл куы уыд, уæд ахицæн махæй Солтан... Фæлæ мæнæ цæуын Цхинвалы Таболты Сергейы уынджы æмæ мæ мидныммæр дзурын йемæ: «Иры дзыллæ дæу æнустæм дардзæн йæ зæрдыл, хъæбатыр лæппу, зондджын лæг æмæ курдиатджын раздзогæй!..»

*НАФИ*

## О, УЫЦЫ ХУДГÆ ЦÆСТЫТÆ

Ныр мæм цалдæр хатты бахатыдысты мæ райгуырæн хъæу Ставд-Дурты фæсивæд, мæ хорз æмгар, æгас Ирыстон тынг кæуыл фæрыст, йæ æвирхъау фæмарды хабар адæмы зæрдæйы хъамайы рæхуыстау кæмæн ахызт, уыцы адæмуарзон, æнафоны зынгхуыст хъæбул Таболты Солтанбеджы тыххæй, дам ма ныффысс, зæгъгæ.

Тынг зын мын у нæ хъæубæсты фæсивæды курдиат сæххæст кæнын. Журналисты сис мæ къухы кæдæй ис, уæдæй нырмæ мын ацы хаттæй зындæр фыссæн никуыма уыд. Райсын гæххæтт æмæ фыссæн сис, фæлæ та мæ къухыл ризæг бахæцы, цæстытæ доны разилынц. Зæрдæ цыдæр æнахуыр дзæхст-дзæхст скæны. Нæй, уæддæр мæ нæ уырны, сывæллонау-иу æдзух цыдæр æнахуыр

фæлмæн, рæсугъд худт чи кодта, ирон адæмы цæрайæ чи цард, йæ уарзон райгуырæн хъæу Ставд-Дуртæн æрмæст йæ кой фехъусгæйæ дæр йæ зæрдæмæ хуртæ æмæ мæйтæ кæмæн æркаст, уыцы æмгаруарзон, хæларзæрдæ Солтанбег не 'хсæн нал ис, зæгъгæ. 0, уæвгæйæдæр, цæй зын у хорз æмгарæй фæхицæн уæвын, цæй зын! Адæймаг куыддæр сидзæрхуызæй аззайы.

Нырма бирæ азтæ рацæудзæн, æмæ, Солтанбеджы хорз чи зыдта, уыдон дæр сæ удæй арт цæгъддзысты, архайдзысты ууыл, цæмæй сæ дзыхæй макуы схауа, Солтанбег нын амард, зæгъгæ.

Афтæ фæзæгъынц, адæймаг, дам, йæ адзал раздæр базоны, зæгъгæ. Фæстаг хатт ма нæ Солтанбег йæ мæлæтæй иуцалдæр боны раздæр иукъорд адæймагæй æрбахуыдта йæ кусæн уатмæ Гуманитарон иртасæнты институтмæ. Æргом зæрдæйæ фæлмæн бахудт æмæ нын загъта:

– Базон-базон, цæмæн уæ æрбахуыдтон, уый ма зæгъут?

Йæ фарстæн ын дзуапп раттын нæ бацис нæ бон. Солтанбег æваст йæ бандонæй фестад æмæ нын худгæйæ загъта:

– Мæ чысыл райгуырæн хъæу Ставд-Дуртыл рухæны мæйы 26-æм бон æххæст кæны 70 азы. Æмæ сымах, мæ зæрдæмæ æввахсдæр чи у, уыцы æмгæрттæм дæр уый тыххæй фæдзырдтон, цæмæй мын баххуыс кæнат уыцы бæрæгбон хуыздæр банысан кæнынæн.

Алкæмæн дæр нæ радта хицæн хæс. Мæнæн бафæдзæхста хъæуы бæрæгбоны тыххæй æрмæг ныффыссын. Нæ республикæйы адæмон артист, йæ хуыздæр хæлæрттæй иу, Дзиуаты Анатолийæн та лæгъстæхуызæй загъта:

– Дзиу, ме 'рдхорды гæбаз, зонын æй, зын дын уыдзæнис дæ театр уырдæм ласын. Фæлæ ма тыхс... Дæ хорзæхæй, уыцы хорз хъуыддаг мын сараз... Уадз æмæ нæ хъæубæстæ сæ бæрæгбоны бакæсой уæ театры дæсны барджыты диссаджы аивадмæ.

– Ууыл мын дæ сæр æппындæр ма риссын кæн, – дзуапп ын радта Анатоли дæр.

Уæлдæр ма йæ загътон, афтæ фæзæгъынц, зæгъгæ, дам, адæймаг йæ мæлæт раздæр базоны. Мæнмæ дæр цæмæдæр гæсгæ афтæ кæсы, цыма Солтанбег дæр рагагъоммæ зыдта йæ мæлæт.

Арæх дзы-иу фехъусæн уыд ахæм ныхæстæ: «Мæ къухы исты хорздзинад ракæнын куы бафтид мæ Ирыстонæн... Хаты йæ мæ зæрдæ, æз бирæ нæ фæцæрдзынæн... Ииуыл фылдæр 47 азы. Мæ фыд дæр уымæй фылдæр нæ фæцард...»



Ацы ныхæсты тыххæй ма йæ иухатт, иу фынджы уæлхъус бадгæйæ, æфхæргæ дæр бакодта нæ республикæйы культурæйы уæды министр Дзантиаты Анатоли дæр. Фæлæ йæм ницы сдзырдта Солтанбег. Æрæджиау æм фæлмæн бахудт æмæ йын афтæ бакодта:

– Цæй, уый æз æнæуи загътон, хъазгæ фæкæнын...

Фæстаг хатт Солтанбеджы хъæлæс фехъуыстон йæ мæлæтæй æртæ боны размæ, Италимæ куы атахт, уæд. Тагъд-тагъд мæм телефонæй æрбадзырдта: «Гаппола (афтæ мæ хуыдта), нæ хъæуы тыххæй цы æрмæджытæ цæттæ кæныс, уыдон, куыддæр ссæуон, афтæ иумæ бакæсдзыстæм. Тæхуды, æмæ хуыцаубоны хур бон куы скæнид... Ахъуыды-ма кæн, артисттæй ма хъуамæ кæй аласæм, ууыл... Медойты Светæйæн дæр загътон, æмæ уый дæр разы у нæ хъæуы бæрæгбонмæ æрцæуыныл...

Уыдон уыдысты, фæстаг хатт ма Солтанбегæй кæй фехъуыстон, уыцы ныхæстæ. Гъемæ сæ æнустæм дæр никуы ферох кæндзынæн. Уæлдайдæр та мæнæ ацы ныхæстæ: «Тæхуды, æмæ хуыцаубоны хур бон куы скæнид»... Загъта сæ цыдæр, зæрдæйы арф чи ахызт, ахæм хъæлæсы уагæй.

Хуыцаубоны, æцæгæйдæр, скодта хур бон. Фæлæ нæ хъæубæсты адæм та сæ сау дарæс скодтой. Æниу, æрмæст мах хъæубæстæ цæмæн?

Солтанбеджы æвирхъау уæззау зианыл тынг фæрыстысты æгас Иры дзыллæтæ дæр. Æз нæ дзурдзынæн, Солтанбег цы стыр бынæтты куыста, уыдоны тыххæй, уый тыххæй ирон адæм хорз зонынц.

Мæн ма цалдæр ныхасы зæгъын фæнды раргбонты йемæ фембæлдтытæй иуцалдæры тыххæй. Уый æдзухæй дæр мæ цæстытыл уайы æмæ кæддæриддæр уайдзæн худгæ цæстытимæ. Иу хъæуы райгуырдыстæм. Скъоламæ дæр иумæ цыдыстæм. Æрмæст мæ уый уыд иу аз хистæр. Не уæхсчытыл – хъуымацæй хуыд хызынтæ, афтæмæй-иу, цингæнгæ, æрвылрайсом атындзыдтам скъоламæ.

Солтанбег тынг раджы баззад сидзæрæй. Фæлæ фыдуаг митæ никуы кодта. Уыдис бонзонгæ, фæллойуарзаг, ахуырмæ тырнæг.

Иухатт та Солтанбегæн йæ фыдыфсымæр Дзамболат (афицер уыд) балæвар кодта рæсугъд сæракæй хуыд æфсæддон хызын. Мах æм тынг хæлæг кодтам. Бамбæрста мын мæ хæлæгдзинад Солтанбег æмæ мын уыцы хызын иубон йе уæхскæй æриста æмæ мын æй балæвар кодта: «Айс æй, мæнæн та Дзамболат ратдзæн...» Цалдæр боны мæм фæцис. Мæнæй хъалдæр ма кæм уыдис, фæлæ йын æй иу къуырийы фæстæ тыхæй фæстæмæ радтон, уымæн æмæ йæ зыдтон, йæхи хъуагæй мын æй кæй радта.

Солтанбег тынг хорз хъазыд футболæй дæр. Мах дæлæсыхы цардыстæм, æмæ уый уыдис нæ командæйы капитан. Арæх-иу хъазынмæ ацыдыстæм сыхаг кæсгон хъæутæм дæр, æмæ-иу стæм хъазт разынд, Солтанбег-иу пурти уазджыты кулдуары кæд нæ бакъуырдтаид.

Арæх вæййы афтæ, æмæ, адæймаг исты уæлдæр бынатмæ куы бахауы, уæд йæхиуыл фервæссы, адæмæй фæиппæрд вæййы. Фæлæ Солтанбег кæддæриддæр уыдис уыцы иухуызон, уæлейæ дæлæмæ никуы никæмæ ракаст. Иугæр ныхас загъта, уæд æй æнæ сæххæстгæнгæ никуы фæцис. Цы хъуыддагмæ-иу бавнæлдта, уый та-иу кæддæриддæр ахæццæ кодта кæронмæ.

Хуыцау цыбыр цард саккаг кодта Солтанбегæн. Фæлæ уыцы чысыл рæстæг бирæ фæрнджын хъуыддæгтæ сарæзта Ирыстонæн. Куыста алыхуызон бæрнон бынæтты, æмæ йын алы ран дæр уыдис стыр кад. Фæстагмæ разамынд лæвæрдта Гуманитарон иртасæнты институтæн. Зонад æмæ культурæйы архайджыты кæддæриддæр разæнгард кодта йæ хъæппæрисæй, æнтыстытæм йе стыр тырнындзинадæй. Йæ фæрцы уæрæхдæргонд æрцыдысты институты дунеон бастдзинæдтæ, арæзт æрцыд дунеон балц «Аланты фæндаг». Уыдис æм стыр фæндтæ. Ита-



лийы уый йæ къух æрфыста къорд ахсджиаг документыл уыцы бæстæйы уагдæттимæ зонадон æмгуыст кæныны тыххæй.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ Солтанбеджы фæрцы мыхуыры рацыд номдзыд ахуыргонд Миллеры чиныг «Ирон этюдтæ». Нæ республикæйы культурæйы министрæй куы куыста, уæд стыр хъæппæрис равдыста, цæмæй Къостайы 130 азы юбилей бæрæггонд æрцыдаид уæлдай кадджындæр æмæ намысджындæрæй.

Уæдæ гуырдзиаг лæгмартæ Хуссар Ирыстоны адæмы цæгъдын куы райдыдтой, уæд уырдæм дæр æппæты фыццаг фæдисæттимæ ардыгæй æххуысмæ чи атындзыдта, уыдонæй иу уыдис Солтанбег.

Гуырдзыйы бандитты хъæддаг митæ цæмæй æгас дунемæ дæр фехъуыстаиккой, зæххы къорийы дзыллæтæ ирон адæмы рæстдзинад базыдтаиккой, уый тыххæй дæр стыр хъæбатырдзинад равдыста Солтанбеджы цардæмбал, курдиатджын журналисткæ Таболты Иринæ.

Мæхъхъæлы экстремисттæ нæм куы 'рбабырстой, уæд уыдонæн ныххъуырд дæттгæйæ дæр, стыр æхсар æмæ лæгдзинад равдыста Солтанбег.

Солтанбег Ирыстонæн йæ цыбыр царды цы бирæ арфæйаг хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон чи банымайдзæнис. Фæлæ дзы иу ахæм фæрнæйдзаг хъуыддаджы тыххæй æнæ зæгъгæ нæй. Ставд-Дурты чысыл хъæуæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг бирæ сагсур фæсивæд фæмард. Уыдонæн дæр хъæумæ æрбазилæн фæндаджы цур бæрзонд обауыл Солтанбеджы фæрцы æвæрд æрцыд егъау цыртдзæвæн. Цыртдзæвæн æвæрд æрцыд. Йæ авторты фæндонмæ гæсгæ, цæмæй цыртдзæвæны композици хъæуимæ æнгомдæр баст уа, уый тыххæй йын йæ алыварс сæвæрын хъуыд егъау дойнаг дуртæ. Хъæуы фæсивæд фæзылдысты Æрæфы былтыл æмæ не ссардтой ахæм

стыр дуртæ. Уæд Солтанбег ныллæгъстæ кодта «Кавдоломит»-ы разамонджытæн, æмæ æртæ «Краз»-ыл 5 егъау тыгуыл дуры нылластой Ставд-Дуртæм. Уыдон ноджы тынгдæр саив кодтой æдзард хæстонты цыртдзæвæн.

Ирыстон мæнг, къæбæлдзыг ныхæстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй, зæрдæйæ чи уарзта, уыцы фæрнджын хъæбултæй, хъыгагæн, бирæтæ бацыдысты цардхъуагæй æмæ рæвдыдхъуагæй мæрдтæм. Рæвдыдхъуагæй ацыдтæ махæй ды дæр, Солтанбег, æмæ, æвæццæгæн, дæ хуызæн адæймæгтæн иухуызон вæййы сæ хъысмæт. Аргъ кæнын уын байдайынц æрмæстдæр уæ мæлæты фæстæ.

Æвгъау, æгæр æвгъау уыд, ацы уæззау æмæ тæссаг рæстæг, Ирыстонæй Солтанбеджы хуызæн куырыхон лæг кæй фæхицæн, уый.

Чи, чи, фæлæ журналисттæ æмæ сфæлдыстадон кусджытæ хорз зонынц, иурæстæг нын нæ ирон æгъдæутты тугдадзинтæ цыргъ сæрдасæнтæй куы карстой, нæ мадæлон æвзаг нын цъысыммæ куы батардтой, нæ рухс кувæндæттæм нæ æввахс куы нал уагътой, уæд уым аххосджын кæй уыдысты, нæхи ирон адæмæй бæрнон бынæтты чи бадт, уыдонæй бирæтæ. Ныр уыдон къæссавæлдæхт фесты. Сæхи ирон æгъдæуттыл тыхсæг скодтой.

Фæлæ Солтанбег уыцы рæстæджы дæр никуы тарст йæ бынатæн. Ирон интеллигенцийы минæвæртты сфæлдыстадон цæдисты кæрæдзимæ æрбангом кодта, æмæ æмхъарутæй бавнæлдтой хохы æмæ быдыры кувæндæттæ, историон цыртдзæвæнтæ саив кæнынмæ.

Солтанбеджы тыххæй ма ракæндзынæн иу цалдæр ахæм хабар: 1991 азы, февралы хъызт бонтæй иуы, мæ куыстмæ, Мыхуыры хæдзармæ цæугæйæ, иу райсом, нæ кусæнуаты ныхмæ цы 'фсæддон хай ис, уый цур хæрхæмбæлд фæдæн Солтанбегимæ. Кæрæдзийыл бацин кодтам. Солтанбегæн йæ уæлæ уыд цырыхъхъытæ æмæ æфсæддон бушлат. Уыд тыхстхуыз. Уыцы зыдæй тамако дымдта. Æфсæддон хайы фæзы стæхынæввонг цы вертолет лæууыд, уымæ къухæй ацамыдта æмæ мын мæстыйæ афтæ: «Хуссар Ирыстон чи хъахъхъæны, уыдонæн ацы вертолеты мæ зæрды ис, цалынмæ ма дзултæ хъарм сты, уæдмæ сын сæ сæмбæлын кæнын, фæлæ вертолет тæхын нæ уадзынц ацы митæмхæццæ тыхджын дымгæтæ».

Уый фæстæ мын Солтанбег загъта хæрзбон æмæ рæвдз къахдзæфтæй фæраст вертолеты цурмæ. Уæдмæ миты уарын æмæ тыхджын дымгæ дæр чысыл фæсабыр сты.

Чысыл фæстæдæр вертолет йæхи систа бæрзонд арвмæ. Æз йæ фæстæ кастæн, æмæ мæ цæстытыл уад, Солтанбег, цингæнгæйæ, хъарм дзултæ куыд фæласы Хуссар Ирыстоны зæхх хъахъхъæнджытæн.

Æмæ æрмæст дзул нæ ласта уыцы уæззау рæстæг Хуссар Ирыстонмæ Солтанбег. Хъарм дзаумæттæ, хойраджы продукттæй уæлдай ма хæцæг лæппутæн æххуыс кодта æндæр хабæрттæй дæр.

Мæнæ куыд зæгъы уый тыххæй Солтанбеджы хуыздæр хæлæрттæй иу, Ирыстоны адæмон поэт Ходы Камал: «Таболты Солтанбег йæхи арæхстджынæй равдыста, гуырдзы Хуссар Ирыстоны адæмæн геноцид куы расидтысты, уæд. Уый йæхи хуызæн сæрæн ирон лæппутимæ æххуыс кодта Хуссар Ирыстоны зæхх хъахъхъæнджытæн. Æххуыс сын кодта хус ныхæстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Уыдис æй уыцы хъуыддаджы хъыгдарджытæ дæр. Хуссар Ирыстоны зæххыл карз хæстытæ куы цыд, уæд иубон Солтанбегмæ йæхимæ фæдзырдта, уæды партийы обкомы бæрнон бынат чи ахста, уыцы чиновниктæй иу æмæ йын арфæ ракæныны бæсты алывыдтæ фæкалдта: «Ды партийы обкомы бæрнондæр кусджытæй иу дæ, æмæ хъуамæ гуырдзыйы æмæ ирон адæмы бафидауын кæнынил архайай, ды та Хуссар Ирыстоны фæсивæды хæцæнгарзæй ифтонг кæныс. Уæд партион разамонæг хъуамæ ахæм галиу зондыл хæст уа?!»

«Æмæ уæдæ ирон адæмы куы цæгъдой, сармадзантæй сæ куы æхсой, уæд мах, партион чиновниктæ та хъуамæ гуырдзиаг агрессортæн ам трибунæтæй лекцитæ кæсæм?!» – уыцы «зондамонæг» чиновникы фарстæн цæхгæр фарстæй дзуапп радта Солтанбег дæр.

Æмæ ахæм лæгдзинæдтæ бирæ хæттыты равдыста Солтанбег.

УНА-йы æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады наукон центры разамонæджы хæдивæг Хуыбиаты Хазби та мын ахæм хабар ракодта: «Дзæуджыхъæуæй-иу гуманитарон æххуыс Хуссар Ирыстонмæ хæсты рæстæг арæх ластам Солтанбегимæ. Æмæ йæм цы бафиппайдтон: уыд хуымæтæг, æмгаруарзон æмæ хъæлдзæг адæймаг. Алы куыст дæр йæ сæрмæ хаста. Зæгъæм, машинæйæ-иу продукттæ æвдæлон кæнын куы хъуыд, уæд-иу йæ костюм, галстук фелвæста æмæ-иу ссады голджытæ, дыргъты асыччытæ, æндæр продукттæ иннæ кусджытимæ хъæугæ бынæттæм уыцы рогæн скъæфта. Иннæ




хатт та хъуыд æргæвст стуры уæнггæ акъуыхтæ кæнын. Йæ урс хæдон тугæй самæст, æмæ уый дæр ницæмæ 'рдардта, афтæмæй стыр цыргъ фæрæтæй уайтагъд арæхстджынæй æркъуыхтæ кодта стуры уæнгтæ.

Гъе, ахæм æнæзивæг, сæрæн кæстæр уыд Солтанбег».

1992 азы Цæгат Ирыстоны дидинæгкалæг зæххыл мæхъхъæлон фыдгæнджытæ арт куы бандзæрстой, уæддæр йæхи æхсарджынæй æмæ æцæг патриотæй равдыста Солтанбег. Ирыстонæй Мæскуыйы 'хсæн дыууæрдæм кодта. Уым, академийы кæимæ ахуыр кодта, уыдонæй бирæтæ куыстой паддзахадон разамонæг оргæнты бæрнон бынæтты, æмæ се 'ххуысæй архайдта ууыл, цæмæй дунейы бæстæтæм фæхæццæ уа ирон адæмы рæстдзинад, æмæ афтæ ма 'нхъæлой, ирон адæм мæхъхъæлмæ фыццаг бабырстой, зæгъгæ. Солтанбег хорз зонгæ уыд Советон Цæдисы Хъæбатыр, инæлар-майор, зындгонд фыссæг Владимир Логиновимæ. Солтанбеджы курдиатмæ гæсгæ уый уæд ссыд Ирыстонмæ. Логинов йæхи цæстытæй федта, мæхъхъæлы экстремисттæ ирон адæмæн цы æбуалгъы фыдмитæ бакодтой, уыцы æппæт хабæрттæ æмæ сæ хицæн чиныгæй рауагъта. Чиныг рацыд стыр тиражæй æмæ хуынд «Ад криминала».

Солтанбег йæхæдæг кæд æгас нал у, уæддæр ын абон йæ фарн дарддæр сæрыстырæй хæссынц йæ дыууæ хъæбулы.

Таболты Солтанбег кæм ныгæд ис, уым ын уалæ горæты сæрмæ, нæ номдзыд инæлар Плиты Иссæйы фарсмæ æвæрд æрцыд цыртдзæвæн.

Цыртдзæвæнæн ис арф символикон хъуыды. Дыууæ стыр къæдзæх дуры сурæты хуызы æвдыст цæуынц Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фæлгонцтæ. Се 'хсæн та йæ зæрдæ фæйнæрдæм байтыгъта æмæ афтæмæй лæууы Солтанбеджы бронзæйæ арæзт бюст.

Чи йæм кæса, уый уайтагъддæр бамбардзæн, Солтанбег кæддæриддæр кæй бæллыд дыууæ Ирыстоны баиумæ æмæ нæм цыма мæрдтæй дæр афтæ дзуры: «Дыууæ Ирыстонæн æрмæстдæр ис иунæг зæрдæ! Хъусут, æрмæстдæр иунæг зæрдæ! Æмæ йæ, уæ хорзæхæй, ма бауадзут дихтæ кæнын...»

Солтанбеджы цыртдзæвæнмæ куы фæкæсын, уæд та ногæй æрымысын, иумæ скъоламæ куыд цыдыстæм, Æрæфы доны нæхи куыд надтам, хъæугæрон футболæй куыд хъазыдыстæм, фæстæдæр, Ставд-Дуртæй горæтмæ куы рафтыдыстæм, уæддæр куыд арæх æмбæлдыстæм, æппæт уыцы хабæрттæ.

Солтанбег-иу йæ райгуырæн хъæу Ставд-Дуртæм куы ныццыд, уæд-иу ыл цин кодтой стырæй-чысылæй. Йæ алы отпуск дæр-иу хъæуы æрвыста. Мад, фыд ын рагæй нал уыд, фæлæ йын уыдоны бæсты кæддæриддæр стыр æгъдау лæвæрдта йæ хо Земфирæ.

Земфирæйы бæркаддæттæг къухæй Солтанбегимæ мах дæр, йæ бирæ æмгæрттæ, адджынæн бирæ цæхх, кæрдзын бахордтам. Фынджы фидауц та-иу кæддæриддæр уыдис Солтанбег. Уыимæ, дзургæ дæр æмæ худгæ дæр кодта зæрдæйæ.

Земфирæ мын Солтанбеджы тыххæй фæстæдæр ахæм цау радзырдта. Фæстагдæр хатт, дам ма йын йæ хæлафыл иту куы æвæрдтон, уæд, дам, йæ дзыппæй æнæнхъæлæджы æрхаудта иу чысыл тымбыл уираг дур. Солтанбег, дам мæм фæлмæн йæ мидбылты бахудт, фелвæста пъолæй уыцы дур æмæ йæ фæстæмæ йæ дзыппы нывæрдта. Уыцы дур та æрбахаста Ӕрæфы былæй. Дардта йæ æдзухæй йæ дзыппы. Ӕмæ-иу искæдæм дард балцы куы цыд, уæд-иу æй systa, фæлмæн-иу æй йæ армы тъæпæны нылхъывта æмæ-иу æхсызгонæй мысыд йæ райгуырæн хъæу Ставд-Дуртæ...

Иухатт Солтанбегыл изæрыгон фембæлдтæн нæ горæты проспекты. Уыд æнкъард, фæлладхуыз. Ӕрбадтыстæм бандоныл. Куыд базыдтон, афтæмæй чысыл раздæр æрбатахт вертолетæй Цхинвалæй. Ницы дзырдта. Ӕнкъард цæстытæй каст зæхмæ. Ӕрæджиау арф ныуулæфыд, комкоммæ мæм цыдæр æнахуыр æнкъард цæстытæй æрбакаст æмæ мын ризгæ хъæлæсæй афтæ: «Гаппола, ды зоныс, уым цы лæппутæ мæлы, уый... Ехх! Уыдон æцæг хъæбатыртæ сты... Стæй кæд ныммæцæй чысыл сты, уæддæр сæ ничи басæтдзæн... Аланты тугæн сæттæн нæй!..»

1992 азы 20 сентябры Таболты Солтанбег, Италийæ цы бон стахт, уыцы бон Ставд-Дуртæм фæцæйцыд йæ хомæ æмæ фæмард фæндаггон фыдбылызы. Йæ фарсмæ бадт йæ чызг Томæ. Уый ма куыддæртæй аирвæзт цæфтæй. Уыцы фыдбылызы хабар куы 'рцыд, уæдæй нырмæ цæуы алы ныхæстæ, фæлæ бæлвырдæй ничима загъта абоны онг, хабар æцæгæйдæр куыд рауади, уый.

Ацы уæззау хабары фæстæ Дойаты Олег, Гæлæуты Анатоли, Баскаты Уырызмæг, Гатеты Беллæ æмæ Сергей Воробьев систой документалон киноныв «Слово о друге».

Анатоли æмæ Уырызмæг мæн дæр семæ акодтой Ставд-Дуртæм. Гæлæуты Анатолийы хæдтулгæйы сбадтыстæм æз, Баскаты Уырызмæг æмæ Гатеты Беллæ. Анатоли машинæ тардта, Солтанбег цы фæндагыл цыд, ууылты. Елхотмæ фæзилæны лæууыд иу уæзласæн машинæ, Солтанбеджы цавæр скъуырдта, ахæм. Йæ шофырæн загътам, ома, киноныв исæм, æмæ нæ иуцалдæр минуты дæ машинæ хъæуы, зæгъгæ.

Шофыр Солтанбеджы кой куы фехъуыста, уæд уайтагъд йæ машинæ скусын кодта æмæ нæ уæлхъус алæууыд.

Киноисджытæ пленкæмæ систой, Солтанбег аццы фæндагыл куыд фæцæйцыд, Елхотмæ фæзилæн фæндагмæ куыд ныххæццæ, уым уæзласæн хæдтулгæ йæ размæ куыд фæцис, æмæ йыл йæхи куыд скъуырдта, уыцы хабæрттæ. Не 'ппæт дæр дис кодтам, ахæм фæтæн, уæрæх фæндагыл Солтанбег йæхи цы хуызы скъуырдтаид уæзласæн машинæйыл, фæлæ дзуапп ссарын нæ бацис нæ бон.

Афтæ фæзæгъынц, хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, зæгъгæ. Æмæ уый кæд æцæгæйдæр афтæ у, уæд дæм уырдæм фехъуысæд, Солтанбег: ды æдзухæй цæмæ бæллыдтæ, уыцы æхсызгон хабар ныл æрцыд – Хуссар Ирыстон ссис хæдбар паддзахад!

Хуыцау зæгъæд, æмæ тагъд рæстæджы дыууæ Иры куыд баиу уой!

Зын зæгъæн у, Таболты Солтанбег нæ Ирыстоны дыууæ хайæ арфæйагдæр лæггæдтæ кæцыйæн бакодта, уый. Дзæуджыхъæуы, йæ райгуырæн хъæу Ставд-Дурты æмæ Цхинвалы дæр йæ номыл ис уынгтæ. Æрмæст Цхинвалы Таболы-фырты уынг амæйразмæ пырх-гонд æрцыд гуырдзиаг лæбурджыты къухæй. Фæлæ æрæджы, куыд Цхинвалы иннæ уынгты, афтæ Таболы-фырты уынджы дæр ногæй ссыгъдысты электрон цырæгътæ. Уыдон сты Солтанбеджы зæрдæйы рухсытæ. Зæрдæйы рухсæн та ахуыссæн нæй. Уый æдзухæйдæр адæмы хурау фæтавы.

***ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат***

# ФÆСАРÆЙНАГ ПОЭЗИ

# СУСÆГ НЫХАС

*ИНГЕБОРГА Бахман*

## СÆРДЫ УАРГЪ

Йæ хуры науыл сæрд йæ уаргъ æвгæны,
Цæхæртæ калы доны был йæ лæууæн.
Кæсагдзу тыхсы, райхъуысы йæ кæуын, –
Йæ хуры науыл сæрд йæ уаргъ æвгæны.

Цæхæртæ калы доны был йæ лæууæн,
Йæ урс пæлæзтыл рог дымгæ фæцуды,
Нæзы Донбеттыр маймулийау худы, –
Цæхæртæ калы доны был йæ лæууæн.

Кæсагдзу тыхсы, райхъуысы йæ кæуын, –
Ныгуылæн науæн алы фыдтæ дзуры,
Дæ дзаг цæстытæ аныгъуылынц хуры, –
Тыхсы кæсагдзу, райхъуысы йæ кæуын…

## ДУРЫН ОБАУ

Бацæуы уддзæф дыргъдоны,
Сфыцы йæ маст къæбæр зынг, –
Кæс, æмæ дугæн йæ фарнæй
Айдзаг ис уайтагъд дæ фынг!

Арфдæр-иу бафснай дæ муртæ,
Ма кæн дæ цæссыгыл дис, –
Дурынæн дурын обауæй,
Гутон, йæ пырхæнтæ сис!

Фæлæ йæ састыл цы 'гъдауæй
Хъуамæ æрбадтаид 'ртæх?
Пиллон-цыренмæ фæтавы,
Фестынц йæ цæстытæ цæхх.

Дондæфтæ равзæрынц фурдæй,
Айзæлы дардыл сæ хъæр.
Мигътæ, тымыгътæ, ныхæстæ –
Дурын обауæн йæ сæр.

*Герта КРЕФТНЕР*

## МÆЛÆТЫ РАЗМÆ

Кæйдæр зианыл бирæгъау фæуасын,
Мæ зæрдæмæ бæлæсты сагъæс ласын,
Ысбийын къори не 'рвадæн лæварæн,
Мæгуыр хъæвдынты нал фæуадзын марын, –
Куы нал кæнон гъе утæппæтыл мæт,
Уæд-иу мæм тагъд мæ Удхæссæг зынæд!

...Зианыл махмæ не’мбæлы дзыназын,
Мæ къорийæ нæ уарзы не’рвад хъазын, –
Мæ къори йæ нæ фендавы æппындæр!
Нæ сау куыдзæн нæ ныууадзынц лæппын дæр.
Нæ саст бæласы бахъæудзæн къуырын, –
Мæнæн дзы искæд рацæудзæн чырын.

## ФÆНДАДЖЫ АРФÆ

Ис гæнæн, æмæ уайтагъд ссарай фæндаг.
Ис гæнæн, æмæ улæфдзæн дымгæ дæ синтыл.
Ис гæнæн, æмæ мах дæр искæд
Кæрæдзиуыл сæмбæлæм.
Æмæ нын Хуыцау арфæ ракæндзæн
Хæрисы къалиуæй.
Ис гæнæн...

*Аннете фон ДРОСТЕ – ХЮЛЬСХОФ*

## ХÆРЗБОН

Хæрзбон, хæрзбон – æрвитын арфæ
Дæ фæдыл ацы исдуг æз,
Зæгъын дæу тыххæй «бузныг» арвæн,
Дæуæн – «бæрзонд дæ намыс хæсс!»

Ныууадз ма зæрдæйæн рæвдауæн –
Ныфсимæ иучысыл æмхæст.
Дæ талынг рудзынгæн йæ ауон
Рæвдыдта хаттæй-хатт мæ цæст...

Мæ хъуырмæ схæццæ ис мæ кæуын –
Фæстаг хатт, о мæ хур, кæддæр,
Куы-иу æрбайхъуысти дæ цæуын,
Уæд та-иу разылди мæ сæр...

Нæ хæхтæ, мах æхсæн æфхæрды
Æгомыг фидæрттау лæуут.
Фæтæхдзæн уарийау уæ сæрты
Йæ сагсур уарзонмæ мæ уд!

*Маша КАЛЕКО*

## ÆНÆХУЫССÆГ ÆХСÆВ

Хуыссæг дæ н' ахсы, зонын æй, дæ тары.
Æз дæр мæ тары нал кæнын фынæй.
Айуангæнгæ, мæстæй уæларвæй мары
Нæ дыууæйы дæр ацы изæр мæй.

Дæ рыст – дæ маст – мæ дадзинты ныхъхъары,
Мæ рæнхъытæ мын ракæнынц йæ кой.
Сæууон дымгæ мæ зæрдæйы дуармæ
Сæумæцъæхты æрбахæссы æнцой...

## ЧУАН-ЦЗЕЙЫ ФЫН

Куырыхон Чуан, дам, иухатт федта фын:
Цыма ӕрцахста урс гӕлӕбу тын.
Цыма йын дардта цард йӕ armӕй хин,
Цыма йӕ риуы нал цыдис йӕ цин...
Куырыхон лӕг гӕлӕбумӕ нымдзаст,
Ӕмӕ йӕм уый кӕйдӕр хуызӕн фӕкаст.

Куы фехъал ис, уӕд райхъуыстис йӕ хъӕр,
Йӕ боцъотӕм ӕрлӕвӕрдта ӕгӕр, –
«Мӕ базыртӕн сӕ урс пӕлӕз кӕм ис?
Цы ма кӕнон, цы ма фӕуон, фӕдис!»

...Ӕрӕджиау йӕ дзыхыдзаг ныххудт:
«Чуан Цзе ӕви гӕлӕбу дӕн, мӕ уд?»

## ХИДӔГ
**(Отшельник)**

Фехсы йыл алчидӕр дуртӕ,
Алкӕмӕн бары йӕ рыст.
Разы у цардӕн йӕ муртыл,
Рох у йӕ зӕрдӕйӕ зыст:

Бахуды мидбылты хурмӕ,
Фесты йӕ удӕнцой тар.
…Фехсы йыл алчидӕр дуртӕ,
Амайы дуртӕй хӕдзар.

## ХУС СЫФТӔР

Куы райтындзис дӕ зӕрдӕйы быдырты,
Йӕ дыргъдӕтты куы фесӕфид фыдох,
Куы асӕттис йӕ сусӕггаг гуыдырты,
Куы нал лӕууид нӕ къахвӕндагыл хох...

Цы ма зæгъон мæ сусæггаг ныхасы:
Мæ зæрдæ бахус, нал тæдзы цæссыг.
Уыдис кæддæр дæ зæрдæйæн æмхасæн,
Ныр та дзы у хъысмæты кардæй лыг...

Фæласдзысты мæ мæт – мæ сагъæс батæ,
Гуырдзау мæ уаргъ, – мæ сусæггаг, – хæссын.
Ныззилдзысты мæ хус сыфтæрау уадтæ –
Йæ бон – мæгуыр, йæ даргъ фæндаг – зылын...

## СЕНТИМЕНТАЛОН СОНЕТ

Мæ зæхх – мæ дуне – нал æндавынц мæн
Сæ рухсæй уа, сæ мигътæй уа, сæ тарæй.
Дæ ацыд мæ, мæ уды къалиу, мары.
Дæ фæндаг уæд æмраст æмæ фæлмæн.

Бæргæ уыд хорз: æруагътой-иу сæ уæз
Мæ хъыг-мæ сагъæс алы хатт дæ къухтыл,
Мæ балцы мын нысан уыдтæ æдзухдæр,
Мæ цардызмæсты – ирвæзæн фæрæз!

...Нæ разындис нæ судзгæ уарзтæн гæс,
Нæ сахуыр ыстæм амондæн йæ муртыл,
Фæцис фыдæнхъæл, сидзæрхуыз мæ къæс.

Уæддæр нæ кæнын ницæуыл фæсмон.
Кæс-ма! Нæ амонд сфардæг ис нæ цурты.
Бæллиццаг – йе 'хсæв, арфæйаг – йæ бон…

## INVENTAR

Æнæ уæлиндзæ – къæс,
Æнæ сынтæгæй – саби,
Æнæ кæрдзынæй – фынг,
Æнæ цъæх рухсæй – зынг.

Ӕнæ 'фсæн хидæй – дон,
Ӕнæ зæвæтæй – дзабыр,
Ӕнæ нысанæй – балц,
Ӕнæ бæндæнтæй – хох.

Ӕнæ дымгæйæ – къох,
Ӕнæ 'рдхæрдтæй – сахары,
Ӕнæ хæдзарæй – цар,
Ӕнæ ныхасæй – ком.

Ӕнæ фынгæй – кæрдзын,
Ӕнæ гыццылæй – авдæн,
Ӕгомыгæй – ныхас,
Ӕнæ 'мбæлттæй – нысан...

## НӔ ДУДЖЫ

Нæ аивдзæни мах тыххæй нæ дуг:
Айуангæнгæ, йæ сæнæй махмæ сиды –
Ӕрдæгмæ дзагæй синоны æхсиды,
Ӕрдæгвæндагмæ айсысы нæ туг.

Дзæнæты дуарыл сауындзы фæрæт
Фыдæлты фарны ницæйаг бындартæн,
Ӕрхæссы дон нæ лæгдæртæн сæ артæн,
Йæ райсом – тар, йæ цины 'мбал – къæлæт.

Гуырдзæй сыгъдæг сывæллонау æргом
Кæнæм нывæндтæ фидиссаг æнустæн, –
Сæ аргъæуттæ – æвдадзы хос нæ хъустæн,
Фыдæнхъæлгæнæг, аллыйаг сæ ком.

...Уæддæр ма фенæм амондæн йæ саст,
Уæларвмæ схилæм сусæгæй нæ сæнтты.
Ӕмæ та ссарæм сомбоны æфсæнттæ
Ӕмæ кæнæм æгъатыр дугæй хъаст...

## ХÆРХÆМБÆЛД

Ацы хабар мæныл дæр куы 'рцыд,
Уæд а зæххыл иу лæг нæ разынд,
Мæнæн комкоммæ æмæ æргомæй чи загътаид:
Фæлæуу уал, æдылы, багъæц иу аз, кæнæ та дыууæ...

Афтæ ахъуыды кодта иу зæронд лæг йæхинымæр,
Куы 'рбатыффытт кодтой йæ рæзты
Сæ амонды мигъджын пæлæзты
Хæрзæвзонг лæппу æмæ чызг...

Бирæ фæкасти сæ фæстæ,
Стæй бакодта: «О, мæгуырæг мæгуыртæ...»
Стæй йæхи сраст кодта, схæцыд йæ сæрыл бæрзонд
Æмæ йæ лæдзæджы 'нцой, дзортдзортгæнгæйæ, фæраст.

## РУХС

Мæ дзаг цæстыты абухы тæмæн,
Мæ сагъæс бамыр сусæггаг ныхасау,
Æмæ та рухсæн фестадтæн æмхасæн –
Хæссынц æрттивгæ рухс улæнтæ мæн.

Хъысмæт мæм худы мидбылты фæлмæн,
Æрбаивылдис Рухсы денджыз хохыл,
Мæ сагъæстæ мæ аззадысты рохы, –
Мæ дзаг цæстытæм бабырста тæмæн.

*Эльза ЛАСКЕР-ШУЛЕР*

## ÆРВХУЫЗ КЛÆВИР

Æрвхуыз клæвир ныззауат и хæдзары:
Йæ синтæ – саст, рыгæй йæ тæнтæ – дзаг.
Æрвиты бонтæ талынджы нæ цары,
Уыдис йæ царды дзаг бонтæ дæр фаг.

Фæцæгъды йыл мæйрухс æхсæвты стъалы,
Фæзары мигъты урс бæлæгъыл мæй.
Клæвир йæ зæлтæ дунетыл ызгъалы,
Йæ цины цæссыг бауромын нал у!
Æрсимы мыст йæ зарæгмæ фæрнæй.

...Дзырдта-иу зæд мæнæн кæддæр æргомæй:
«Мæ лымæн, зон, уыдзæн дæ кæрдзын маст,
Фæлæ-иу хатгай ауындзынæ гомæй
Уæларвы дуар дæ тæккæ размæ ’васт».

*Мария Луиза КАШНИЦ*

## TORRE SAN LORENZO

Сурс и доны был митæй,
Афтид дзаумадан зары.
Фурд нæ уадзы йæ митæ –
Мæй æрсайы æхситтæй,
Бонмæ арфы ныддары...

Фурд нуазынц æврæгътæ:
Галтæ, годотæ, сæгътæ.
Фæлæ мусты æндæхтæ
Хурæй не ’ййафынц ’фсæст.
...Уады хъазынц цæргæстæ,
Згъорынц бонтæ сæ рæзты –
Мах нæ уарзынц æрмæст.

*Немыцаг æвзагæй*
*ЗОЛОЙТЫ Аркадийы тæлмац*

# АИВАД, КУЛЬТУРÆ

## ГÆЗДÆНТЫ БУЛАТ: 85 АЗЫ



(1936)

*ГАСАНТЫ Валери*

# ИРОН АИВАДЫ ФАРНЫ ХУЫНДЗАУ

*Мысинæгтæ*

*Ирон музыкалон аивады историйы азфысты музыкантты, композиторты, фæндырдзæгъдджыты 'хсæн йæ уды æрвон зынгæй æмæ курдиаты хæдхуыздзинадæй уæлдай бæрæг чи дары, йæ дзыллæйæн ма куыд рухстауæг æмæ фольклорист, афтæ дæр чи лæггад кæны, ахæм курдиатджын адæймаг у РЦИ-Аланийы Культурæйы министрады адæмон инструментты паддзахадон оркестры аивадон разамонæг, УФ–йы æмæ РЦИ–Аланийы адæмон артист, Цæцæны республикæйы сгуыхт артист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы æмæ национ преми «Нарты Фæткъуы»-йы лауреат, Хуссар Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, нæ республикæйы Фæллойы фыццаг хъæбатыр Гæздæнты Булат. Йæ цард æнæхъæнæй дæр уый снывонд кодта ирон аивады рæзтæн. Фæндыр æмæ йын адæмон инструментты оркестры руаджы бантыст ирон музыкалон аивадимæ нæ бæстæйы æмæ дунейы бирæ горæтты цæрджыты базонгæ кæнын.*

*Уæдæ ирон хъæндзал фæндырæй æцæг академион концертон музыкалон уадынгарз цæмæй рауайа æмæ дзы ирон адæмон æмæ профессионалон классикон музыкæйы уацмыстæ цæгъдын алы дæсны музыканты бон дæр бауа, ууыл дæр удуæлдайæ бацархайдта. Ацы уадынгарзæн афтæ хорз фæпарахат кодта йæ гæнæнтæ, æмæ йын фадат фæци Ирыстоны фæндырдзагъды дæсныйады хи скъолайæн фидар бындур æрæвæрынæн. Йæ ахуыргæнинæгтæ, курдиаты фарн кæй зæрдæты æхсиды, уыцы фæсивæд сæхæдæг абон рæсугъд къахдзæфтæ кæнынц царды, сæхицæн дæр ис ахуыргæнинæгтæ.*

*Гæздæнты Булат йæ дзыллæйæн ахадгæ хæрзты бацыд, куыд фæндырдзагъды рагон адæмон мелодитæ æмбырдгæнæнæг æмæ сæ аивгæнæг. Ирыстоны иу ахæм быдираг æмæ хæххон хъæу нæ разындзæн, уыцы мелодитæ æмбырд кæнынæн дæсны фæндырдзæгъдджытимæ кæм нæ сæмбæлд, сæ алкæй æрмдзæф дæр сын бæстон кæм нæ базыдта. Цы фыдæлтыккон музыкалон уацмыстæ йын-иу цагътой, уыдон-иу фæстæдæр нотæтæм раивта, йæхæдæг сæ-иу музыкалон*


Булат æмæ Гасанты Валери

*æгъдауæй дзæнхъа дуртау сæрттивын кодта æмæ сæ цагъта, нæ республикæйы паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы цы концертон равдыстытæ æмæ радиобакастытæ уыд, уым. Афтæмæй сæ Булат бахызта рохуаты баззайын æмæ рæстæджы фæлмы атайынæй. Суанг ма Хъæрæсе–Черкесты республикæйы ирон хъæу Лабæйы æмæ дард Турчы æцæгæлон зæххытыл дæр не 'мтуг адæмæй фембырд кодта фыдæлтыккон кафыны цæгъдтытæ æмæ зарджыты мелодитæ. Булаты фæрцы нæ культурæйы хæзнадон зынгæ фæхъæздыгдæр, йæхæдæг куыд композитор цы зарджытæ æмæ цæгъдтытæ ныффыста, (сты 60 фылдæр), уыдонæй.*

*Йе сфæлдыстадон æмæ рухстауæн архайд иттæг хорз фæзынд Цæгат Ирыстоны кафты академион ансамбль «Алан»-ы æмæ Хуссар Ирыстоны Галаты Барисы номыл кафты æмæ зарды паддзахадон ансамбль «Симд»-ы репертуарыл. Дыууæ хъуыстгонд сфæлдыстадон къордæн Булат йæ рæстæджы цы кафты цæгъдтыты программæтæ сарæзта, уый руаджы-иу курдиатджын кафджыты æмæ зарæггæнджыты аивад æнцондæрæй рæсугъд фæндаг ссардта æмæ абон дæр ары нæ бæстæйы æмæ дунейы мингай аивадуарзджыты зæрдæтæм.*

*Уæдæ Булатæй стыр лæггæдтæ зонынц Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры разамынды, режиссерты æмæ актерты алы фæлтæртæ. Йæ рæстæджы дзы уый куыста фæндырдзæгъдæгæй, йе сфæлдыстадон æрмдзæфæй иу æмæ дыууæ спектаклы не сфидауын кодта. Ирон адæмы фарнæй Булат æххæстæй хайджын кæй у, уый йын фадат дæтты ирон драматургты пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектакльтæм музыкæ æмæ зарджытæ фыссынæн. Иннæ ахæм, Цæгат Кавказы киностудийы ист киноныв-концертты йæ фæндыры зæлтæй цы режиссеры æрмдзæф нæ фæаивдæр кодта, ахæм*

*нæй. Цыбыр дзырдæй, хур йе 'рттивгæ тынтæй йæ хъарм рæдауæй нæ зæхмæ куыд фервиты, афтæ Булаты зонд, курдиат, сфæлдыстадон уæлтæмæн тавынц ныр æнусы æмбисæй фылдæр, лæггад кæнынæй кæмæн нæ фæллайы, уыцы мингай аивадуарзджыты зæрдæтæ.*

*Нæ Иры аивады пехуымпар бæрæг кæны йæ 85 азы кадджын юбилей. Уæ размæ уын хæссæм йæ цард æмæ сфæлдыстадимæ баст цымыдисагдæр цаутæ.*

## ХÆРЗ САБИЙÆ БАУАРЗТА ИРОН ФÆНДЫР

Мах райгуырдыстæм æмæ хъомыл кодтам Олгинскæйы хъæуы, патриархалон ирон бинонты 'хсæн. Нæ фыдымад Фардзинон, нæ фыд, Ирыстоны дæсны механизатортæй иу Гæздæнты Гаппо, мад Заретæ (Гусалон) уыдысты фыдæлты æгъдау æмæ кадыл æнувыд хистæртæ. Алчидæр нын йæ царды фæлтæрддзинадæй, æфсарм æмæ намысæй уыд фæзминаг. Бирæ цот уыдыстæм нæ ныййарджытæн. Ме 'фсымæртæй цæмæндæр Булаты хъулондæр уарзт кодтон æмæ кæнын ныр дæр. Æртæ азы йыл куы цыд, уæддæр бæрæг уыд, музыкæмæ зæрдæргъæвд кæй у, уый. Нæ хæдзары хистæртæй фæндырæй хорз цагътой нæ фыдымад Фардзинон æмæ нæ мад Заретæ, фæлæ нæ фыды тынг фæндыд, цæмæй мæхæдæг æмæ мæ хотæй исчи ацы уадынгарзæй цæгъдын базона. Гъемæ йын мæ хистæр хо йæ бæллиц сæххæст кæндзæн, зæгъгæ, уый æнхъæлæй фæндыр уымæн балхæдта. Фæлæ йæм уый æмгæрон дæр нæ бацыд. Уыимæ, Булат та, фæндыр фыццаг хатт куы федта, уæд дзы йæ цæст нал иста. Суанг ма-иу æй нæ хистæртæ, ма йæм бавнала, зæгъгæ, лæппуйæ æмбæхсгæ дæр бакодтой, фæлæ та-иу æй уый ссардта. Фæндырмæ-иу куы февнæлдта, уæд-иу нæ хо уыциу хъæр ныккодта: «Булат мын мæ фæндыр асæтдзæн, бамбæхсут æй!».

Куы фембаргæдæр, уæд фæндыры фæстæйæ æххæстæй нæма зынд, афтæ дзы цæгъдын базыдта. Цыппар-фондзаздзыдæй йæ нæ сыхы æмæ хъæуы чындзытæ сыхæй-сыхмæ рахæсс-бахæсс кодтой – хъазт кæм уыд, уым-иу сæ фæндыд, цæмæй сын Булат ацæгъда. Нæ фыд дæр-иу йе 'мбæлттимæ колхозы быдырæй фæскуыст æнафоны куы æрцыд, уæд-иу фынджы уæлхъус, ирон таурæгътæ æмæ зарджытæ кæнгæйæ, уæздан бадт фæкодтой. Сæ зæрдæ-иу кафын æрцагуырдта, зæгъгæ, уæд



Булаты фыд Гаппо. Булат сабийæ. Булаты мад Заретæ.

та-иу Булаты фынæйæ дæр рабадын кодтаиккой, афтæмæй сын-иу йæ фæндыры зæлтæй сæ куыстдзагъд уæнгты фæллад иста. Уыцы рæстæг та йын-иу мæ фыдымад Фардзинон тæригъæд кодта, æрдæгфынæйæ сын фæндырæй кæй цæгъды, уый тыххæй. Уæдæ-иу, Олгинскæйы кæнæ сыхаг хъæуты чындзхаст, чызгæрвыст ис, зæгъгæ, æмæ-иу æй фæсивæд рагацау нæ хистæртæй куы ракуырдтой, Булаты нын немæ чындзхæссæг, хуындзау рауадзут, зæгъгæ, уæд-иу сæ фæндыл æнæ сразы уæвгæ никуы фесты.

*ДЖЕРАПТЫ-ГÆЗДÆНТЫ Демæхан,*
*Булаты хо*

## БУЛАТЫ УАДЫНГАРЗЫ ЗÆЛТÆН ÆМБАЛ НÆЙ

Дзæуджыхъæуы музыкалон училищæйы (ныр – Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледж) адæмон инструментты хайады Гæздæнты Булатимæ иумæ ахуыр кодтам. Æрыгонæй дæр йæ зæрдæхæлардзинадæй, æфсармæй, ахуыры æнтыстытæй не 'ппæты 'хсæн дæр уæлдай бæрæг дардта. Уый тыххæй йæ нæ хайады ахуыргæнджытæ хъулон уарзт кодтой. Фæлæ Булат йæхи махæй уæлдæр никуы кодта, ныр куыд сыгъдæгзæрдæ у, уæддæр ахæм зондыл хæст уыд. Нæ ахуыры хъуыддæгты нын алкæддæр æххуыс кодта, фæлварæнты рæстæг та-

иу къласы не 'ппæты разæй йæ хæслæвæрдтæ бæстон æмæ рæвдз куы баххæст кодта, уый фæстæ та-иу махæн, йе 'мкурсонтæн, æххуыс кодта нæ фæлварæн раттынмæ. Ахуыргæнджытæй йæм йæ уыцы æххуысы тыххæй уайдзæф никуы æрхауд, афтæмæй-иу не 'ппæт дæр фæлварæнты уый руаджы хорз бæрæггæнæнтæ райстам. Нæ алкæмæ дæр – чызгæй, лæппуйæ – Булат дардта æфсымæры зæрдæ.

Зонын, зындгонд ирон композитор Хаханты Дудар йæ классикон музыкалон уацмыстæй иу– «Концерт симфонион оркестр æмæ ирон фæндырæн» куы ныффыста, уæд дзы цæстуарзонæй кæй ссардта Булаты ном. Уый та йæ ацагъта Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы симфонион оркестримæ. Йæ равдыст-концерты бон аивады артдзæсты залы тынг бирæ адæм æрæмбырд. Булат афтæ дæсны æмæ арæхстджынæй цагъта, æмæ йæм бакæсын æмæ байхъусын диссаг уыд. Афтæмæй, Гæздæны-фырт йæ цагъд ныртæккæ фæуыдзæн, зæгъгæ, уæд залæй сыстад нæ ахургæнæг, зындгонд музыкæиртасæг, академик Абайты Васойы бинойнаг, УСФСР-йы аивæдты сгуыхт архайæг Цхуырбаты Ксения. Æддæмæ рахызт. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ дын æд сырх уардиты стыр бастимæ фæстæмæ æрбацыд. Булат ма цæгъдгæ кодта, фæлæ йæм сценæмæ аивæй схызт, æмæ, цы бандоныл бадт, уый алыварс йæ уардитæ рæсугъд нывæфтыд гауызау аив равæрдта. Булат йæ цагъд куы фæци, уæд ын залы бадæг адæм тыхджын къухæмдзæгъд сарæзтой, æмæ Ксенияйæн йæ цины цæссыгтæ йæ рустыл уадысты.

Уæдæ-иу Дзæуджыхъæумæ нæ Иры намысджын фырттæ – æфсады инæлар, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр Плиты Иссæ æмæ академик Абайты Васо куы ссыдысты, уæд-иу æнæмæнгæй бацагуырдтой æд фæндыр Гæздæнты Булаты. Сæ дыууæйæн дæр йæ фæндыры зæлтæ хастой æгæрон æхсызгондзинад...

*ГÆБУТЫ Зоя,*
*Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг*

## БУЛАТЫ АНЕКДОТТÆ

Гæздæнты Булаты цы бон базыдтон, уæдæй фæстæмæ йæм дарын хи мадызæнæг æфсымæры зæрдæ. Йæ уд у сабийау сыгъдæг, курдиатæй æххæст, фæлмæн æмæ уæздан. Йемæ царды алы уавæрты æмбæлгæйæ-иу дис кодтон йæ адæймагдзинадыл, цыргъзонд æмæ мидисджын ныхæстыл. Уæдæ нæ гастролон балцыты рæстæг фæндагыл уа, уазæгуаты уа, йæхи

дардта алкæддæр тынг хион æмæ хæлархуызæй. Йæ хъæлдзæг ныхасæн та æмбал æппындæр нæ уыд. Иуахæмы дын нæ ансамбль концерт аласта Мызурмæ. Хъæуы Культурæйы хæдзары нæ концертон программæ куы фæци, уæд нæ мызуйрæгтæ хорз суазæг кодтой. Уый фæстæ æз, Булат, нæ оркестры музыканттæй иу Оник Магдасаров уазæгуаты иу хатæны æрæмбырд стæм æмæ хъæлдзæг ныхас кодтам кæрæдзиимæ. Афтæмæй ныл райсомы цыппар сахаты сси. Кæддæр-уæддæр мæ уаты мæхи баулæфынмæ куыд рæвдз кодтон, афтæ дуар чидæр фæлмæн хост æрбакодта. Ракастæн, æмæ дын къæсæрыл лæууы Булат. Бадис кодтон, фæлæ ницыма сдзырдтон, афтæ дын йæхæдæг фæразæй, Зоя, мæнæ ма дын иу анекдот радзурон æххæст, зæгъгæ. Нæ дыууæ дæр ныххудтыстæм…

*ГОНИАТЫ Зоя,*
*РЦИ–Аланийы сгуыхт артисткæ*

## МУЗЫКАЛОН АИВАДЫ БУЛÆМÆРГЪ

Булат ирон аивадæн зæрдиаг æмæ биноныг лæггад æнусы 'рдæгæй фылдæр кæны. Йæ фæндыры рухсхæссæг зæлтæй банкъарæн ис фыдæлты царды цинтæ æмæ зынтæ, хæххон дæтты абухгæ уынæр æмæ æхсæрдзæнты зæлланг, скифты, сæрмæтты æмæ аланты стæр æмæ цымыдисаг балцытæ, се 'хсаргæрдты зæлланг, хъаматы цъыччытæ сæ тохы æмæ хæстон быцæуты рæстæджыты. Нæ ирон музыкалон аивады сæууон булæмæргъы хуызы нæм Нарты бæстæйæ æрцыд фыдæлты аивады æрдхæрæны бардуаг, йæ уадындзы зæлтæй-иу дуне кæмæн ныссабыр, æрдзы алы цæрæгойтæ лæмбынæг кæмæ ныхъхъуыстой, уыцы Ацæмæз. Йе сфæлдыстадон архайды фæндаджы райдайæнæй йын абоны онг цы бирæ удварны хæрзтæ саразын бантыст, уыдон сты ирон адæмы, аргъ кæмæн нæй, уыцы фарны æмæ нæ удварны рæзтæн ахъазгæнæг æвæджиауы хæзнатæ.

Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл 13-æм астæуккаг скъолайы 8-æм къласы ахуыр кодтон, афтæмæй архайдтон æрыгон фæндырдзæгъдджыты республикон конкурсы. Расидтысты йæ Фæскомцæдисы республикон комитет. Бацахстон фыццаг бынат. Ацы сфæлдыстадон ерысы жюрийы сæрдар уыд уæды æрыгон дæсны фæндырдзæгъдæг Гæздæнты Булат. Уымæй уæлдай ма конкурсы архайджыты арæхстдзинадæн аргъ кодтой Ирыстоны зындгонд фæндырдзæгъдджытæ Дзеранты Венерæ æмæ

Калманты Земфирæ. Мæ уæлахизы тыххæй мын балæвар кодтой цонгылдаргæ рæсугъд сахат. Абон дæр ма йæ хæзнайау мæхимæ дарын. Уый уыд ивгъуыд æнусы 50-æм азты. Уæдæй фæстæмæ зонын нæ уарзон æмæ дæсны фæндырдзæгъдæг, дирижер, композитор Гæздæнты Булаты. ПТРК «Алани»-йы аивадон-литературон редакци-иу равдыстытæ куы кодта, уæдиу нæ Булаты æххуыс куы бахъуыд, уæддæр-иу æнæзивæгæй нæ уæлхъус кæддæриддæр æрбалæууыд.

Гæздæнты Булаты номимæ баст у ирон музыкалон аивады рæзты æнæхъæн дуг. Уый у курдиатджын фæндырдзæгъдджыты хъомылгæнæг.

*БЕРОЗТЫ Тамарæ,*
*ПТРК «Алани»-йы раздæры режиссер*

## ФАРНТАУÆГ ФÆНДЫРЫ ЗÆЛТÆ

Гæздæнты Булаты фæндырдзагъды аивад нæ иннæ зындгонд фæндырдзæгъдджытæ Дзеранты Венерæ, Реуазты Симæ æмæ Мыстулаты Иринæйау ракодтой концертон музыкалон инструменты æмвæзадмæ. Сæ фæрцы йæ зæлтимæ базонгæ сты нæ бæстæйы æмæ ма суанг дунейы аивадуарзджытæ. Фæндыр сси ирон профессионалон музыкалон аивады сæйрагдæр фидыцтæй иу. Булат у фæндырæн ног сфæлдыстадон тыхтæ раттæг музыканттæн сæ фыццæгтæй иу. Ивгъуыд æнусы 60–80-æм азты уæлдæр амынд аивады дæснытимæ цы фæндырдзæгъдджыты триотæ сарæзтой, уыдоны руаджы дзыллæтæ хуыздæр æмæ арфдæр банкъардтой фæндыры аивады фарнхæссæг тых.

*БÆТÆГАТЫ Татьянæ,*
*Мæскуыйы Культурæйы институты профессор,*
*РЦИ–Аланийы æмæ Хуссар Ирыстоны*
*культурæйы сгуыхт кусæг*

## ЙÆ УРОКТÆМ ЗÆРДИАГÆЙ ТЫРНЫДТОН

Фæндырæй цæгъдынмæ ме 'ргом аздæхтон, мæ райгуырæн Æрыдоны 2-æм астæуккаг скъолайы иуæндæсæм къласы куы ахуыр кодтон, уæд. /Иуахæмы нæ районы Культурæйы галуанмæ йæ оркестры музыканттимæ æрцыд Гæздæнты Булат. Мæ цагъдмæ мын куы байхъуыста, уæд

мæ къухайст æмæ æрмдзæф йæ зæрдæмæ фæцыдысты. Скъола каст куы фæдæн, уæд Дзæуджыхъæуы Аивæдты колледжы адæмон инструментты хайадмæ бацыдтæн æмæ ахуыр кодтон Булаты къласы. Йæ алы урок æмæ зондамынд дæр мæнæн уыдысты æмæ абон дæр сты канд ирон фæндырдзагъды аивады скъола нæ, фæлæ ма ирон æгъдауы дæнцæг.

Колледжы цал азы ахуыр кодтон, уал азы æз Булаты уроктæм никуы байрæджы кодтон. Æрыдонæй-иу рараст дæн сæумæцъæхæй Дзæуджыхъæумæ, æмæ-иу райсомы авд сахатыл уыдтæн нæ къласы.

Иухатт та ма мыл ахæм цау дæр æрцыд. 1992 азы фæззæджы, нæ сыхæгтимæ нæм цы хæстон быцæутæ рауад, уый аххосæй. Æрыдонæй Дзæуджыхъæумæ рог уыцы змæст æмæ тæссаг рæстæг ахуырмæ ссыдтæн, фæлæ Æрхонкæйы фæзилæнæй колледжмæ цæмæй ацæуон, уымæн ницы амал ардтон. Мæхимидæг тыхсын, куы байрæджы кæнон, уымæй тæрсгæйæ. Уалынмæ дын фæндагыл фæд-фæдыл цалдæр БТР-ы æрцæуы. Æфсæддон дарæсы бадтысты æрыгон лæппутæ. Æз сæм мæ къух фæтылдтон. БТР-тæй иу фæурæдта, æмæ дзы цы æфсæддонтæ бадт, уыдонæн мæ тыхст уавæр бамбарын кодтон. Уыдон мын колледжмæ сласынæй зæрдæ бавæрдтой. Æз уæззау æфсæддон машинæмæ схызтæн, æмæ мæ колледжы балæууын кодтой. Урокмæ цы зынтæй ссыдтæн, уый Булат куы базыдта, уæд ын иуцасдæр рæстæг уыцы цау æхсызгондзинады хос уыд. Абон дæр æй æрхъуыды кæны.

*ДЗУЦЦАТЫ Сослан,*
*РЦИ–Аланийы адæмон артист*

*Йæ царды æфцæгæй, йæ кады мæсыгæй Ирыстоны хистæртæй кæд абон исчи сæрыстырæй фæлгæсы, уæд уыдонæй иу у Гæздæнты Булат. Йæ юбилейы фæдыл ын зæрдиаг арфæтæ кæнынц журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ. Нæ зæрдæ йын зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ мæ бирæ азты зæрдæрухс цард. Йæ уды хорзæх æмæ йæ аивадæй нæ дзыллæйæн стыр хæрзты цæугæйæ, сæ сыгъдæг уарзты хæрзиуæгæй хайджынæй сæдæ азы рындзæй цæстыдзагæй акæсæд!*

# НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег (Мэлс)*

# ЗЕЙНАП

II хай *

61

Сæ куыстыл ноджы куыст æфтыд,
Султан æхсæв уа, бон нæ зыдта.
Йæ уаргъ бæргæ зын хæссæн уыд,
Æрмæст дзы иу пайда нæ зыдта.
Зейнап йæ фарсмæ уыд æмзиу.
Лæууыд йæ зæрдыл, иунæг циу.
Куыста ныр адæмæн лæвар.
Уыди хъæздгуытæ дæр дзæвгар,
Æмæ æвзыгъд кусджытæн ам
Сæ фæрцы ардта уый амæлттæ.
Вæййынц æфсымæртау æмбæлттæ,
Æмæ сын арæзта сæ арм.
Гъе афтæ партийæн йæ цыт
Æвæрдта, фидар ыл хæцыд.

62

Æвзæрстытæн æрцыд сæ рæстæг.
Мандаттыл сцырен ис ныр тох.
Уыди мыды чыргъæдау бæстæ,
Æндæр хæрзиуджытæ – сæ рох.
Æмæ ма чи ауæрста уæд!
Уæлдæр бынат уыди сæ мæт.
Æвзæрстой адæргæй зынтæ,
Æрвыстой адæмæн хуынтæ.
Сæ сæрæй дуæрттæ кодтой гом.
Ныфс нын æвæрдтой уæд дзæнæтæй,
Хуыссæг сыл нал хæцыд нæ мæтæй,
Фæлæ сæ уаг зынди æргом.
Æвæрдтой се 'мдугъонтыл фау.
Æлгъаг сæм нал каст уый, бецау!

* Райдайæн кæс журналы 2021 азы 1-аг номыры

63

Уыди гъе уыдонæн сæ разæй
Султан – кæм ын уыдис æмбал.
Æххæст – хъуыддагæй уа, ныхасæй.
Фæлæ æндæр хъуыди амал.
Ам тох уыд хин æмæ мæнгард,
Сæ къæхтæ раст фæндагæй дард.
Хуыснæгау дардыл уыд сæ цæст.
Æцæгад – адæмæй æмбæхст.
Мæнгардæй равзæрстой кæйдæр,
Æвæрдтой адæмæн зæрдæтæ,
Цымæ сын уый уыдзæн æгæртæ.
Уыдзæн сын цард, уыдзæн æндæр,
Дзырдтой: æрмæст ын раттут ком,
Æмæ уын арвмæ дуар гом.

64

Зейнап æм уади уæд фæдис:
Закъонæн нал ис тых æппындæр? –
Султанмæ хъастгæнæг цыдис.
Сæ хъуыддаг ноджы ныр фæзындæр.
Уыди йæ куырдиаты загъд,
Цæмæй тæрхон æрсидой тагъд.
Йæ фæдтæ сæфта æвзарком,
Фæлæ йæ хъуыддаг уыд æргом,
Æмæ йын бардзырд уыд лæвæрд:
Ныр хъуыддаг тæрхондон æвзæрста.
Султан йæ риуæмбæрц лæгæрста,
Мандат æрцыди арф æвæрд.
Кæннод мæнгардæн карз йæ хæст –
Сæ фæнд куы 'рцæуа ныр æххæст…

65

Тæрхоны бонæмгъуыд ныддаргъ.
Тæрхоны лæг, йæхицæй райгæ,–
Бæлвырд, уый рамбулдзæни мах, –
Дзырдта нæ адвокат, нывайгæ…

Æмæ ныл уый ныхас æрцыд.
Тæрхон йæхи фæндыл хæцыд.
Фæндон æрцыд уæлейæ хаст.
Фæлæ Сæйраг тæрхоны хъуыддаг
Æрцыди дыккаг хатт æвзæрст.
Уым цаутыл ахастой сæ цæст –
Тæрхон сæ худæгау схуыдта.
Уæд уый ныууагъта немæ хæст,
Æмæ йæ нал ауыдта цæст…

66

Æвзарæн комитеты куыст
Фæцис. Ныр бæстæ 'нцой ссардта.
Парламент – уый уыди æнтыст.
Нæ риумæ царды цин ныр хъардта.
Ныр кодтой партитæ дзыгуыртæ,
Сæ куысты алыварс тыгуыртæ.
Æрбадт кæрæдзийыл сæ зонд.
Ныр уыд нæ ног парламент конд.
Мæныл дæр уым æрцыди уæз,
Мæ хæлар, басæттон дæ разы.
Зын уыд мæнгард тохы фæразын,
Фæлæ компартийы зын хæс
Æрцыди афтæмæй æххæст.
Фæци уæлахизæй нæ хæст.

67

Фæлæ нæ намысимæ хæст
Тæппудæн басæтты йæ хъару.
Кæд зæрдæ исбоныл у хæст,
Уæд уымæн карз ныхас æлдар у.
Куы ссардтой адæмы æууæнк,
Сæ уды бацыди уæд мæнг.
Мæнг удтæ партийы фæзынд –
Æрмæст сын бардзырд раттын хъуыд:
«Кæд уæ цæрын фæнды æнцад,
Уæд хъусут хицæутты ныхасмæ,

Æмæ цæудзæн уæ хъуыддаг размæ,
Уыдзæн уæ сæрæн дæр сæрфат».
Цы кæной, барджын у æлдар,
Хæлцыл ныууæй кодтой сæ бар.

58

Уыдысты фракциты дæсæй,
Сæ фæнд бæрæг уыди æмбисæн –
Сæрибар – адæмы хæсæй.
Ныр ууыл бакодтой æвдисæн.
Ныр – рох æфхæрд адæмы бар,
Цæры æвæлмæстæй æлдар.
Цæлуарзаг хъалтимæ сæ зæрдæ,
Ныр дугыл нал риссынц сæ сæртæ.
Фæсайдтой дзыллæйæн сæ дзырд.
Хуыцауæн басастой сæ сомы.
Рæстдзинад н' арæхсы сæ комы,
Фæлæ мæнг дзурынмæ та –цырд.
Мæныл æлгъаг фæндтæ æфтауынц –
Кæд Баркашовы дæр стауынц.

69

Султан æнæмæтæй нæ цард.
Зынгау фæрæдийынæй тарсти.
Зыдта уый ивгъуыды мæнгард,
Фæлæ ныр уыимæ сраст ис.
Ссардта ныр æппæт, цы хъуыд,
Зæххыл цæмæ у лæг æрхуынд,
Фæлæ æгæнон уыд Зейнап,
Нæ ардта уды фæндæн дзуапп.
Цæй фарн ис, а зæххыл цæргæйæ,
Дæ уд куы уа æдзух дæ мæт,
Хæссай мæнгдзинады къæлæт,
Хæрзиуæг тауынæй тæрсгæйæ,
Фæрнæй, бæркадæй ма уай цух,
Мæгуырмæ ма дарай дæ къух.

70

Ныр сын Амыран ис хъæбул,
Æмдзæрин сын йæ мад Эльвирæ.
Сæ тæбæгъ царды 'рдæм фæкъул.
Æцæг хъуыдыйæгтæ дæр – бирæ.
Сæ амонд цæсгæмттыл бæрæг,
Фыдзæнттæм касти уый хæлæг.
Кæмæн нæй царды фырт – бындар,
Вæййы йæ уд дæр уымæн тар.
Зынаргъдæр цоты цот хъæбулæй.
Зейнапæй айрох ис бынтон
Йæ маст, йæ ивгъуыды зындон.
Султан уыдта уый цæсты зулæй.
Йæ фыртыл тад æмæ йыл руад.
Æмæ Хуыцауæн кодта кад.

71

Æрцыди уалдзæгæн йæ рад.
Уæлвонг бæллицтæй зæрдæ тади.
Хæрздæф сирены дидин калд,
Æмæ æппæтмæ зæрдæ ради.
Эльвирæ загъта уæд чъызгæ:
«Зейнап, фылдæр бар ис чызгæн…
Æз та Хуыцауæй курын тых,
Цæмæй дæм бахæссон мæ ных.
Кæнын мæ зæрдæ ныр æргом.
Дæ фырт – рæдыды хос мæ царды.
Тæрсын, куы баййафон æз тарды,
Фæлæ мæ цард уыди æргъом…
Уæддæр йæ уæзæй æз нæ тарстæн.
Ныр та æрцыд йæ дуг мæ уарзтæн…

72

Мæныл уæлæхох уыд Хасан.
Æз ын уыдтæн æрмæст ирхæфсæн.
Нæ йæм уыд уарзты иу нысан,
Фæлæ дзы нал уыди ирвæзæн.

Нæ уыд йæ фыдæхæн æмбал.
Æдзух йæ дæрзæг митæй–хъал.
Æмæ мæныл æфтыдта низ.
Йæ уд фыдгæндмæ рæвдз уыдис.
Æхца йыл бафтыдта кæлæн,
Цыди гадзрахатæй мæ уарзтыл.
Уый худт æндæртимæ мæ мастыл.
Æниу æууæнкджын уыд кæмæн?
Куыд рыст мæ уды цæф, Хуыцау!
Уыддæн Амыранæй уæззау…

73

Мæ фырт нæма фæзынди уæд.
Æваст мæм байдзаг ис фыдæхæй.
Гъе стæй та айсæфти йæ фæд.
Йæ кой ма хъуыст, цыма, дæлзæххæй,
Гъе стæй æвиппайды фæзынд,
Цыма фыдцау хæссæг уыд, сынт.
Йæхицæй арвыста мæн дард –
Æрхауд йæ хæлæрттæм мæ цард.
Фæлæ æнцой ссардтон уым.
Уæдмæ мын рантысти мæ фырт дæр.
Уыди мæ фысымтæм æмбырдтæ,
Куывтытæй байдзаг ис нæ къуым.
Æрмæст рæстæгмæ уыд нæ цин –
Хасаны баййæфта фыдхин…

74

Хасаны баййæфта мæлæт,
Æмæ йæ хъузæтты дæр–азар.
Знæгтæй чи кодта йæ мæт,
Сæ хыл цæуыл уыд – цу ды равзар…
Фæлæ сæм касти уый æхцон.
Ссардтой къахкъуырын æфсон
Æмæ дзырдтой – йæ фыд у марæг,
Йæ уд йæ хъæздыгадыл хъарæг.
Фæлæ нæ коммæ каст мæ зонд:

«Куыд уыдзæн фыд йæ фырты марæг?
Мæгуыр у туджы азым дарæг.
Вæййынц мæнгдзурджытæ та сонт».
Фыдгой нæ уагъта мæн мæ уд.
Фыдгул та, ферайгæйæ, худт…

75

Ныр та æрцыд мæнмæ дæр уарзт.
Мæныл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы…
Нæ хъысмæт тагъд æрцæудзæн баст
Нæ аргъуаны, Хуыцау, дæ фæрцы.
Уæдæ нæ фыд, гъе стæй ды дæр
Сымахæй у кæнгæ фылдæр.
Кæд растыл бахынцат нæ фæнд,
Мæ цард дæр арфæгонд у уæд.
Кæннод мæ уды рухс тæмæн
Ныххуыссæд уадз мæ уды арфы.
Уæд ма мæгуыры уарзт цы давы,
Кæны ма рухс фæндтæ цæмæн?
Хæрын мæ хъæбулæй æз ард –
Æнæ уый мæн нæ хъæуы цард…»

76

«Зæгъ-ма, мæ зæрдиаг Эльвирæ,
Кæд æрцыд уыцы диссаг цау?
Дæуæн уыди ныхдуртæ бирæ,
Фæлæ куыннæ фæтарстæ, ау!
Уæззау у сусæггаг æргъом,
Фæлæ дæ зæрдæ у æргом.
Æцæг дæ мад æмæ дæ фыд
Дæ фæнд нæма зонынц бæлвырд.
Фæлæ Султаны уадз мæ бар.
Дæуæн нæ тæрсын æз къæйныхæй,
Æмæ æз бузныг дæн дæу тыххæй.
Хъæбул дæ махæн ды, бындар.
Фæлæ уæддæр дæ уд дæ бар у.
Йæ нымд сылгоймагæн – йæ хъару.

77

Ærmæст уал базон ды бæлвырдæй –
Цы у йæ зæрдæйы фæндон.
Æви дæ аздæхта мæнг дзырдæй,
Йæхи дæм равдыста уæндон.
Хæдзарæй амоны хъуыддаг.
Уыдзæн Султанæн уый дзырддаг.
Фæлæ хъæбулау ды æууæнд.
Фæсид æм – равзарæм нæ фæнд.
Султан дын балæудзæн æнцой,
Æмæ дæ зæрдæхудт нæ райсдзæн.
Бæзза – уæд æй хъæбулау райсдзæн.
Кæд нæ, уæд не суадздзæн йæ кой.
Ныр та цы ахъаз у нæ дзырд,
Кæд у нæ сагъæссаг нæ фырт…»

78

Зейнап Султаныл зæрдæ дардта.
Уый чызджы бамбардзæни раст.
Хъуыраны зондамынд уый ардта,
Æмæ Хуыцауы коммæ каст.
Зыдта уый судзгæ уарзты тых,
Йæ зæрдæ уый рыстæй уыд фых.
Тыхми нæ бауарздзæн йæ цæст.
Фыдау йæ дзырд кæндзæн æххæст.
Фæлæ Амыраныл сæ мæт
Дыууæйæ зæрдæтæ рæдувдзæн.
Хъуыранæй, сомыгæнгæ, кувдзæн.
Куыдфæнды хъуыддæгтæ цæуæнт,
Уæддæр нæ фæсайдзæн йæ фæнд.

79

Султанмæ бахæццæ ис цау,
Фæлæ нæ бафтыди уый дисы.
Цы 'рлæудзæн царды ныхмæ, ау,
Цы у нæ цард æнæ уарзт – ницы.
Мах цардмæ уымæн бæллæм ам,

Нæ уарзтæй басæттæм хæрам,
Хъысмæт нæ ныхмæ сиды тох,
Фæлæ ныл уарзтæй бафты рох.
Эльвирæ цардиппæрд уыдис,
Ныр та рæвдыд уыдзæн хъысмæтæй,
Фæлæ йæ фыртыл нал уыд мæтæй –
Йæ сæрты ахизæн куыд ис.
Амыран у сæ уд сæ цæст.
Æгæр ыл узæлынц æрмæст.

80

Фæлæ йæм уыйхыгъд дарынц цæст,
Тæрсынц сæ ивгъуыды рæдыдæй.
Цæттæ йæ ахуыры нывæзт.
Кæд цардæй баззаид æвыдæй.
Кæд зонид адæмæн дæр аргъ,
Кæнынц æй хорз хъуыддæгтыл цалх.
Уый уыд сæ иумæйаг хъуыды –
Фырт та куыннæ фæзмы фыды…
Ныр ног куыд фæивдзæни цард,
Мыййаг, куы бахъæуа фæхицæн.
Гъе уый сын не сбæздзæн бæллиццæн,
Сæ амонд кæд фæлидза дард…
Хæрдзтыл, фæлхасыл нал у дзырд,
Æрмæст сæ цуры уа сæ фырт.

81

Уæдмæ æнхъæлцау бон æрцыд.
Ныфсы рухс зæрдæтæм уый уагъта.
Хæрзарæзт ног сиахсаг уыд.
Султан ын фынгмæ рацу загъта.
Бæрæг йæ нуар æмæ йæ уæнг.
Эльвирæ рад – цы дæ æвзонг!
Æгъдау æм уыд æмæ æфсарм.
Султан дæр расидт фынгыл фарн:
«Хуыцауæн табу, стæм æгас,
Нæ къух кæрæдзимæ фæдарæм.

Æхxуыс тыхдымгæйы цы ссарæм,
Гъе стæй ма кусын дæр фæраз –
Хъару нын ратт уæдæ, Хуыцау –
Нæ царды ма фенæм фыдцау!»

82

Æййæфтой сидтытæ кæрæдзи.
Султанæн амонын кæд хъуыд!
Дзырдыбон уазæджы нæ фæци,
Зæгъгæ йæм афоныл фæцырд:
«Дæхи нын бацамон. Кæцон дæ?
Уыдзæн нын афтæмæй æнцондæр.
Æгас нæм цу! Кæддæрид ам
Рæдау дын ратдзыстæм салам.
Ныр та мæ къухæй нуазæн айс,
Æмæ нын зæгъ ныхас цыбыртæй.
Мах зоныс – ме 'фсинæй,мæ фыртæй…
Нæ царды цас зынтæ уыд, цас,
Нæ дуджы цас бавзæрстам маст,
Фæлæ нæ фесæтфам нæ уарзт…»

83

«Дæ нуазæн мын бирæ уæд!
Дæн буц мæ фысымты рæдауæй.
Кæм вæййы царды хорз æппæт,
Фæлæ цы рамбулæн ис дауæй.
Мæ фыд ныууагъта раджы мах…
Уый хаста галиумæ йæ къах.
Кæдæмдæр усагур фæцыд.
Фыдуаг, фыдæгъдауыл хæцыд.
Мах хаста иунæгæй нæ мад.
Хъуыди дыууæ фыртæн фæрæзтæ.
Нæ фыд ыл сæвæрдта йæ хæстæ,
Фæлæ нæ фесæфта йæ кад.
Нæ фыд æвзонг усмæ фæцыд.
Гъе ууыл баивта йæ цыт…

84

Йæ цотыл афæлдæхта дур,
Æмæ нæм нал æрцыд æмгæрон.
Нæ фæнды мæн, цыфæнды дзур,
Йæ фенын – уый уыдзæн йæ кæрон….
Бынаты скъола æз фæдæн.
Мæ фæндаг – алырдæм фæтæн.
Фæцыдтæн ахуырмæ. Уырысæй
Æрцыдтæн ныр рæвдзæй, дырысæй.
Цæрынц ам ме 'фсымæр, мæ мад.
Эльвирæ ныр фæзынд мæ царды.
Мæ фæндон айхъуысæд ныр дардыл –
Æнæ уый цард мæнæн – æнад.
Æмæ сымахæй курын ныр
Уæ чызджы. Уæд мæнæн хатыр…

85

Нæ дæн æз нозтимæ æмхиц,
Фæлæ уæ нуазæнæй – разы.
Уынут мæ зæрдæйы бæллицц,
Лæууын ныфсагур ам уæ разы…»
Уæдмæ уал се 'хсæвæр фæци.
Фæткæн æгъдау æмæ бæрц и.
Фæткыл сæ кæрдзын æмæ цæхх.
Цæуынц ныр хатæнмæ – уæрæх.
Цæмæй сæ фæнд æрцæуа хаст.
Æнцон нæу ног амонд æвзарын
Æмæ бæстон фидæн ссарын,
Æрцæуын иу хъуыдымæ раст.
Уыдысты се 'ппæт дæр æмвæнд:
Амыран фарсты сæр фæуæд.

86

Зейнап дæр тыхст æмæ æнæсым.
Æрбадт Эльвирæмæ хæстæг.
Ныфсæнхъæл уазæгмæ ныккæсы:
Æрцыд уынаффæйы рæстæг.

Султан йæ рахиз фарс æрбадт,
Ссардта алчидæр бынат.
Цæудзæн Амыранбл нып дзырд.
Йæ царды ног афон æрцыд,
Æви Султаны фæнд у раст,
Æмæ нырма хъæуы фæхъæцын.
Æвзæнгтæ мацæмæй уой баст.
Æргом зæгъдзысты ныр сæ фæнд –
Зейнап ын мады бæсты уæд…

87

«Нæ фæнд Зейнапимæ ныр конд у:
Кæнут уæ хъуыддæгтæ фæрнæй.
Мах зонæм – уарзаг зæрдæ сонт у,
Слæууæн уарзты ныхмæ нæй.
Фæлæ куырмау вæййы æвзонг,
Ивгъуыйы хъуыддæгты йæ цонг.
Æмæ нæм уый дæр у нымад –
Хъæбулæн тынг зынаргъ у мад.
Фæлæ нæ хъæуы абон тагъд.
Нæ хæдзар алцæмæй ифтонг у.
Нырма Эльвирæ та æвзонг у.
Уæддæр нæ кæндзыстæм ныр загъд.
Зæгъæд йæхæдæг дæр йæ фæнд.
Кæд нæ, уæд фарнимæ цæуæд…

88

Зейнап уæд адæргæй ныссусс.
Ныддаргъ ис дзуаппæнхъæл йæ рæстæг.
Хъæбулы мæтæй сæр сурс,
Ныр та йæм ног мæстаг æрхæстæг.
Йæ риуы рог ныфсы цин тад:
Нæ ратдзæн лæппуйы йæ мад.
Бæргæ йæ удæн у зынаргъ,
Фæлæ уæззау уыдзæн йæ уаргъ.
Уæдмæ сæ уазæг цырддзаст уыд.
Уый уайтагъд бамбæрста сæ фæндтæ.

Нæдæр лæгъстæ, нæдæр æфсæнттæ,
Цы уыдзæн, загъта, æмæ куыд:
«Стæм Эльвирæимæ дзырд,
Цæрдзæни махимæ йæ фырт».

89

Уæд хатæн фегуыппæг æваст.
Кæй бон у радæттын ныхæстæй
Султаны зæрдæйæн йæ маст.
Зейнапæн айсæфт рухс йæ цæстæй.
Йæ зæрдæ сидзæрау фæци.
Цæудзæн йæ чысыл хур, йæ цин.
Уыдзæн дзы дард йæ туг 'мæ стæг.
Рæхджы йæ нал фендзæн хæстæг.
Фæлæ сыл ауды хъысмæт:
Ныфсы таг зæрдæйы æрцæрдзæн.
Сæ хъæбул дардмæ кæд фæцæудзæн,
Уæддæр фæраздзысты йæ мæт.
Цæрдзæн йæ мадимæ, æмæ
Æфтдзысты афтæмæй хъæмæ.

90

Йæ зондмæ нал бауадздлзæн тар.
Нырмæ Хасаны маст æвзæрста,
Ныр та æнцойæн радта бар.
Султан йæ уды тыхст æмбæхста,
Æмæ фæлмæн уагæй дзырдта:
«Уадз зонд уæлахиз уæд ныр та.
Нæ амонд афтæ у, бæлвырд.
Фæуæд Хуыцауы бар нæ фырт.
Султан дæр ууыл разы уыд.
Йæ арфæ ракодта хъысмæтæн.
Æндæр уыд аххосаг йæ мæтæн:
Зейнап – бынтон йæ хуыз фæцыд.
Æмæ йæ ныхас уыд фæстаг:
«Цæут, уæ хъуыддаг у рæстаг!

91

Зæгъ-ма, мæ буц уазæг, æргом,
Цы хуызы ныв кæнут уæ фæндаг.
Хъæбулы чи схондзæн æргъом…
Æмæ Амыран уæд уæ фæндиаг.
Ныууадзæм хиуарзоны уаг.
Кæд у Зейнапимæ нæ таг,
Уæддæр нын ис нæхи тæраз:
Æндæры хицæй фылдæр уарз.
Æмæ кæд афтæ у хуыздæр,
Кæд уый ахъаз уыдзæн йæ цардæн,
Уæд æз уæ фæнды ныхмæ нал дæн.
Бæлвырд нын афтæ у фыст дæр.
Кæд у нæ зæрдæтыл ныхæст,
Уæддæр уæ дзырд кæнæм æххæст.

92

Кæс, райхъуыст фæззæджы уынæр.
Къæвда, дымгæ – æрцыд сæ рæстæг.
Цæхгæр фæуазал ис цыдæр,
Сындæггай салд зымæг æрхæстæг.
Мæ раздзог – диссаг уыд йæ зонд.
Фæлгонцтæ ис йæ къухæй конд.
О, цас сфæлдыста йæ лирæ.
Бæлвырд уый фæззæг уарзта бирæ,
Фæлæ æгæр у уый æнкъард.
Мæнæн та уый нæ фæци адджын.
Фæдæн æз уый амондæй хъадджын,
Гъе стæй йæ фæндаг дæр –зындард…
Мæ зæрдæ уалдзæгимæ ис,
Сæрдыгон мыл æфтауы дис.

93

Фæлæ æз уалдзæгмæ нæ хъæцын.
Ныр ног мæ хъайтартæм тындзын.
Хъысмæт сæ ног кæны фæлмæцын.
Мæ риуы нал цæуы сæ зын.

Дыууæйæ аззадысты ныр,
Уыд сын æгас дуне æмыр.
Зейнап нæ урæдта йæ зын.
Султан ныр базыдта быхсын,
Æмæ фæразон уыд зынтæн.
Куыстæн йæ уæззауыл нæ куыдта.
Кæд цард йæ бартæ ныр æркуырдта,
Уæддæр та хорз бон дæр зындзæн.
Зынты нæ равдисы йæ хуыз –
Зейнапæн уый вæййы æххуыс.

94

Фæлæ уал акæсæм ныр цардмæ.
Цæуы мандатты сæрыл тох.
Бæллынц æхсæрдæсæй бынатмæ.
Кæй сæ фæуыдзæни æрмæст…
Ныр рох у уаг æмæ æгъдау.
Фæлæ дзы иу удæн æрмæст
Уыдзæн йæ рухс бæллиц æххæст.
Кæнынц уæддæр бынатыл дау.
Мæскуыйы Думæмæ –сæ хъавд.
Фæлæ фынддæсæй иуварс зайынц,
Æмæ æнауæрдонæй сайынц –
Æррайæ чындзæхсæвмæ бафт!
Рæстдзинад ахæмтæй у дард.
Фæлæ сæ судзы тохы арт.

95

Гъе ууыл æз сæттын æргом,
Æмæ нæ партийæн йæ уæнгтæй
Æрмæст Султанæн фæндаг гом.
Гъе уый нæм хайджын уыд æууæнкæй.
Уыди дзы адæмы дæр ныфс.
Сæ зæрдæ ардта уый дырыс.
Фæлæ дзы ахæм уыд бæллæх –
Уæле ууыл кодтой æлгъ.
Æмæ компарти кодта тох,

Султаны тынгдæр кодтой размæ.
Кæм хъуыд – æнæзивæг ныхасмæ,
Æмæ сæ куыст нæ фæци рох.
Султан фæуæлахиз, æрмæст
Тæрхоны рамбылдта уый хæст!

96

Нып æй Мæскуы йæхимæ домы.
Цæуын æй бахъæудзæн рæхджы.
Ныр та уал – сæвæрын рескомы
Йæхиау раздзæуæг лæджы.
Куыд уа хъуыддаг кæнынмæ цырд,
Куыд хъуыса адæммæ йæ дзырд.
Компартийы йæ куыст рæвдз уа,
Йæ бартыл хъазуатæй хæца.
Рæхджы уæд ауагътой æмбырд.
Нæ уыди ацы фарст хуымæтæг.
Æвзæрстой партийæн йæ фæтæг.
Фæстагмæ сиу кодтой сæ дзырд.
Султаны зæрдæ цинæй рад:
Йæ бæсты 'взæрст æрцыд Азат.

97

Султан уæд арвыста Азатмæ
Мæскуымæ ацæуын æввонг.
Нысангонд афоныл бынатмæ
Фæзынд хæрзконд æмæ хæрзуонг.
Нымæрдартæ дæр уым сты,
Рæгъæй æрбадтысты куысты.
Нæ хистæртæ куыстмонцæй бадынц,
Дзырд дæр кæрæдзийæн нæ уадзынц.
У иу сæ уагæвæрд, сæ нывæзт,
Фæлæ сæ алчи у хæдзонд.
Кæсы сæм искæй хъуыды сонт.
Кæд се 'хсæн иудзинад нæ сырæзт,
Кæд не сты дзыллæйæн æмзиу,
Сæ тох æнæ уымæй уæд циу.

98

«Æмбæлттæ, абон ам стæм,
Цæмæй уын æз зæгъон хæрзбонтæ.
Бырсынц нæ райгуырæн бæстæм
Ныр та нæ мидæггаг æрдонгтæ.
Æмæ сымахæй курын æз,
Æмбарæд алчидæр йæ хæс.
Ссарут иудзинад фыццаг.
Нæ бæззы галæй дæр хæцаг.
Заводтæ, фабриктыл у тох,
Кæй фæнды адæм уой сæ хицау!
Нæ зæххыл хъуамæ фидæм илцау.
Нæ адæм хицауадæй – рох!
Сæ удтæ ратдзысты фæлтау –
Нæ уадзынц бæстæйыл сæ дау.

99

Ныр ногæй  – иу хъуыддаг сæ зæрды:
Зæххытыл бацайдагъ ис хæст.
Æвзæры сау хъуыды сæ сæрты –
Сæхи йæ бакæной æххæст.
Цæмæй скæной уый уæййаг.
«Мæн у» зæгъæг ын ис, мыййаг!
Хуымæтæг дзыллæ кæд уыны,
Уæддæр мæнг ныхас уый уырны.
Æмæ нæ сæртæ сты æгад.
Нæ адæм ахæмтыл æууæндынц,
Кæнæ рæстыл дзурын нæ уæндынц,
Кæнæ нæ базыдтой йæ ад.
Æмæ сæ ницæмæй ис мæт,
Æрмæст сæ боны хæлц фæуæд…

100

Сæхи куы бакæной нæ зæхх –
Кæнынц сæ кæнон сионисттæ –
Уæд цу нæ адæмæн ды зæгъ,
Зыдтой уый раздæр комунисттæ.

Уыдис сæ фæнд, цæмæй Уырыс
Цæуа йæ цæуæнтыл дырыс.
Зæхх у нæ адæмæн сæ дарæг,
Уæддæр кæнæм мæгуыры зарæг.
Нæрид нæ бæстæйæн йæ ном,
Кæрон куы скæникам фыдгулæн.
Уадз фена, махæн нæй æмбулæн,
Цагъарадæн нæ дæттæм ком.
Хъæуы нæ бахынцын æппæт:
Уырысы хорз фидæн– нæ мæт.

101

Кæд нæм æрхæсса исчи азым,
Кæй хæссæм дихдзинад, зæгъой,
Уæд мах æргом стæм сæ разы.
Куы кусæм, хъуысдзæн уæд нæ кой…
Антисемит – ссардтой ном.
Мыхуыры сидынц уый æргом.
Мах дзуттæн рахуыдтой знæгтæ.
Фыдбон сыл разади æвзæгтæ.
Фæлæ нæ дзырды сæр æндæр у,
Фашизмæн зилæм мах йæ фæд.
Нæ ныхмæ уый кæны фыдвæнд.
Йæхи сæр дзыллæйæ уæлдæр у.
Цагъартыл адæмы нымайынц,
Æмæ æргом сæ исæй кайынц.

102

Æниу ис дзуттаг адæм не 'хсæн,
Æмæ сæм тохмæ сидæм ныр.
Нæ тохы бон, хæстон фыдæхсæв
Кæндзыстæм афтæмæй цыбыр.
Уыдзысты немæ уымæй баст,
Куы 'мбарой дзыллæйы хъæр раст.

Тырндзысты адæмы хæрзтæм,
Куысты сæ амбулдзæни стæм.
Æппæтæн зонынц уыдон уаг,
Лæггадмæ рæвдз– сæ ис сæ бонæй,
Сæ ныхас баргæйæ, бæстонæй.
Сионæй иппæрд у сæ таг.
Ныр тохы бацæуын æмбæлы,
Кæннод Уырысы артдзæст хæлы.

103

Нæ хъару н'асæтдзæни знаг.
Нæ цард нæ кæндзыстæм куырмæджы.
Дунейы хицæутты хæснаг
Куы 'мбула, уæд уыдзæн æрæджы.
Скодтой раст тохы лæгдзарм.
Нæ зæхыл афтæмæй – сæ арм.
Сæ гамхуд хъуамæ 'рцæуа ист.
Йæ фæстæ 'мбæхст у сионист.
Фæлæ нæ хæстонтæн сæ хъару
Æрцыди се 'нæныфсæй саст.
Æндон рæхысæй се уæнг – баст.
Лæгæн йæ цардвæндаг йæ бар у,
Фæлæ сæ тохыл систой арм.
Зынаргъдæр разынди лæгдзарм.

104

Нæ сæртæ ахæмтæй ныр – хызт.
Нæ цæуæм се 'мдзуйæ фæдисы.
Уыдзæн нын афтæмæй æнтыст
Сæрибар адæмы цæдисы.
Уæдæ æрбалæууæм æнгом.
Уæд ног уыдзæн нæ фæндаг гом.
Нæ балц зынтæй уыдзæни дзаг,
Нæ ныхмæ растдзæни знаг.

Уый таудзæн зæрдæты быцæу,
Цæмæй нæ къухы ратта кард.
Мах судздзæн гадзрахаты арт,
Фæлæ уый састы нысан нæу.
Ныр ныл æмбæлы – цырддзаст уæм,
Нæ фарны хъахъхъæнæг лæууæм.

105

Ам не 'хсæн чи уыдзæн æгуыст!
Фæци æнцондзардæн йæ афон.
Цæмæй нын тохы уа æнтыст,
Хъæуы нæ батырнын æм абон.
Кæсут, нæ дуг нæм тохмæ сиды,
Знаг нæм, хъавгæйæ, æвзиды.
Хæддзу фæсдендджызон, бæлвырд,
Кæйдæр хæрзиуæгæн фæзынд!
Йæ куыстæн разынди фæстиуæг,
Æцæгæлон АИШ-ы рвыст
Паддзахы бадæнмæ схызт.
Гъе уый дын не стырдæр хæрзиуæг.
Уæд ма цæуыл фæкодтам тох.
Æлдар нын Греф, кæннод та Кох.

106

Уæдæ уæхимæ райсут бар
Æмæ цæут æдæрсгæ размæ.
Сымах – нæ партийы бындар.
Æрлæууут адæмæн сæ фарсмæ.
Уадз зоной иудзинады тых,
Рескоммæ саразой сæ ных.
Уадз куса хорзæрдæм сæ зонд.
Æниу нæм чи нæ вæййы сонт!
Кæддæрты адæмы фыдвæнд
Рæстдзинад адавы нæ цардæй,

Фæсудзæм гадзрахаты ардæй.
Кæны йæ фæдыл мах фыдгæнд.
Знагæн уый вæййы æнтыст.
Мах хъуамæ уымæй уæм сæрхызт.

107

«Россия» – уазæгдон дæрдтыл.
Мæскуы. Ам хатæнтæ –хæрзвадат.
Æмбæлттæ, фадат уын дæттын,
Цæмæй уæ зæрдæтæй фæхатат.
Султан æмæ Зейнапы цард
Нырма йæ кæронмæ у дард.
Лæмбынæг ууыл æз нæ дзурын,
Мæхицæй сау æндæргты сурын,
Фыссын, æцæг цы у, æрмæст.
Уæдæ мæм ма æрхæссут азым.
Сæ хъысмæтыл куынæ уат разы,
Уæд-иу мын ма расидут хæст.
Мæскуымæ ныр цæуæнт æгас!
Кæнын мæ хъайтартыл ныхас.

108

Æнтыстæй цух – нæ зæрдæ марди,
Æхгæдта фæндæгтæ гæртам.
Кæй уыд дæлдзиныггонд компарти,
Мах уымæн аххосаг зыдтам.
Зюганов рацыди æргом,
Æхцайыл баивта нæ ном.
Йæ хæстæ фесты уымæй рох.
Æркодта адæмыл фыдох.
Хуыснæгæн арæзта йæ къух,
Хъахбайтæн амыдта фæндæгтæ.
Зæхмæдзыд партийы фæтæгтæ
Фæкодтой адæмы цæрдцух.

Йæхи æсхицау кодта хуымæн.
Æрцыд йæ иппæрды дуг уымæн.

109

Нæ хъуысынц алкæмæ, бæлвырд,
Мæскуыйæ диссæгтæ æмбойны.
Фæлæ фыдцау у фатау цырд,
Куы вæййынц уымæй адæм дойны.
Ныр уал æрхæццæ сты Мæскуымæ –
Ныфсджынæй авналой сæ хуыммæ.
Ам цыд тыгъдызæйтæ бæстыл,
Кæм ма уыд тохгæнæг рæстыл!
Зюганов, цас уыди йæ бон!
Æвзагæй алырдæм æххæссыд,
Цыма знæгтæм дæр æнхъæвзыд,
Уыд ын нæ тырыса æфсон.
Æвзагæй мах – йæ уд, йæ цæст.
Æхца – йæ бæллицц та æрмæст.

110

Гъе стæй йæ амæттаг сты
Хуымæтæг кусæг уа, нымæрдар.
Уæвгæ, хъæды сырд у куысты,
Æгъатыр, дурзæрдæ, фыдæлдар.
Фæлæ йæ дзыпп куы вæййы дзаг,
Уæд та йыл базайы æвзаг.
Фыссынц нæм уæллæгтæ, зæгъы.
Ныр сайы цал азы дæргъы.
Фæлæ сын расиддзыстæм хæст.
Кæрон скæндзыстæм уæлбартæн.
Уыдзыстæм хицæуттæ нæ цардæн,
Æмхуызон алцæмæй – æххæст.
Цæстмæхъус нал хынцы æгадыл.
Йæ мæт – хъæздыгадыл, бæркадыл.

111
Уæддæр нæ уырныдта Султаны,
Кæй ис нæ рæнхъыты быцæу.
Йæхи куыд равдиса, цы раны?
Уый номæн кады нысан нæу.
Æви мандатыл сиса арм.
Хъæуы бæстон æрхъуыды ам.
Йæ фæндон базонын Зейнапæн.
Къуыри сын фаг уыдзæни дзуаппæн.
Зейнап ын уæд зæгъдзæн æргом.
Султан пайда уаид бынаты,
Фæлæ æнæхъуджы нæ бады,
Уый у кæмдæриддæр куыстхъом.
Æрцыд сын алцыдæр нымад –
Султан уæд Думæйы æрбадт.

112
Зейнап æнæмбаргæ нæ уыд,
Бæргæ, Султан хъæуы рескомы,
Фæлæ йæ зæрдыл хорз лæууыд –
Ам ис, кæмæй бæтты йæ сомы.
Ныр æм Амыран у хæстæг,
Йæ фырты фырт, йæ туг 'мæ стæг.
Уыди йæм абоны онг дард.
Æцæг нæ баддзæн ам цæлыл,
Фæлæ йæм фенымæ ныр уайдзæн.
Йæ уарзаг зæрдæ цинæй райдзæн.
Султан дæр уый фендмæ бæллы.
Фæуæд ныр сагъæсæн æгъгъæд.
Ныр æм зындзæн – Хуыцау зæгъæд!

113
Зейнап фыццаг хатт ныр фæуазæг,
Уынæг Амыранмæ фæцыд.
Сæ хæдзар – аргъау цыма рацæг,

Æви йæм рухс галуан фæзынд.
Æхсæвы хатæнтæ, куыстуат,
Стæй хицæн сабийы бынат.
Хасан сын аззади фæстæ.
Цы уа æхсызгондæр цæстæн!
Бæлвырд, æппæтдæр сын – нымад.
Сæ ис, сæ бон нæ калынц доны.
Фæстауæрц – алчи уый нæ зоны.
Нæ зыны алкæмæ бæркад.
Бæрц зонын алкæмæ нæу фыст.
Зын у æхцанизæй уай хызт.

114

Эльвирæ йыл æмбæлд рæдауæй.
Цыма йæм уарзон мад æрцыд.
Хынцыд æй уаг æмæ æгъдауæй,
Йæ цинæн багæнæн нæ уыд.
Нæ уазæг буц уыд, уый йыл разынд,
Уæндонæй уаты къуымты азылд.
Кæйдæр дзы агуры, æмæ
Зæгъы: «Æрбакæнут мæнмæ
Амыраны. Кæм ис мæ фырт?
Мæ уд, йæ мысгæйæ, снарæг.
Уый у мæ уромæг, мæ дарæг.
Уадз дуне фехъусæд мæ дзырд.
Амыран,рацу мæм хæстæг,
Мæ удлæууæн, мæ туг 'мæ стæг!

115

Дæу тыххæй райгонд дæн хъысмæтæй.
Ды дæ мæ рагбонты лæвар.
Мæхи фæцух кæнин дзæнæтæй,
Æрмæст мын хорзæх ды ссар.
Уыдтæн, дæумæ бæлгæйæ, сонт!..» –

Ныр сисы лæппуйы бæрзонд.
Æмæ йæ бынаты æркафы.
Уый донау ануазынмæ хъавы,
Нылвасы риумæ уый æнгом.
Амыран алидзынмæ хъавы,
Уый ныр йæхи цыбæл æндавы,
Æмæ йæ мацæуыл ды дом.
Зынди йæ фæхудтыл æниу –
Фыр уарзтæй дзаг кæны йæ риу.

116

Зейнапыл ныр æмбæлд цæуын,
Чысыл Амыран зылд йæ фæстæ.
Фидауынц сабийыл кæуын
Æмæ йæ тæргайы ныхæстæ.
Ныхмæ Эльвирæмæ лæууыд.
Зыдта, Султан ныр уым нæ уыд,
Æндæр æй уыд æфсæрм дадайæ.
Къæйных ыл не 'мбæлди – зыдта йæ.
Ныр Тамерлан, йæ дыккаг фыд,
Æгасæй уымæн зæрдæ радта.
Амыран уый фыдыл нымадта –
Уыдысты дыууæдæр рæвдыд.
Уыд саби зæрдæтæм хæстæг.
Фынгыл сын – нуазæнтæ хæссæг.

117

Уыд алы цумамæ дæр цырд.
Нанайæн дзабыртæ ссары.
Куы та «фæрынчын ис мæ фыд»,
Зæгъгæ йын уидыгæй фæдары,
Хæссы йын алцæмæйдæр хай.
Йæ цæст æппæтыл дæр æххæссы,
Быцæуы ерыстæм фæкæсы.

Гъе стæй, куы фæвæййы йæ куыст,
Вæййы йæхицæй уæд сæрыстыр.
Уæндонæй дзуры стæй йæ мыздыл.
Æмæ йын уæд вæййы æнтыст…
Амыран – амондæй æххæст.
Нæй бирæ ахæмтæ æрмæст…

118

Мæскуыйы Думæйы æмбырд.
Султан уым аныгъуылд йæ куысты.
Ныр æм фыдуац фæхæссынц цырд.
Гъе уый йæм никуы уыди хъуысты.
Андрей, сæ консультант, æвзонг –
Фыдуацæй бауазал йæ уонг.
Йæ хъустæй айхъуыста æваст:
«Ныхас Султанмæ 'рцæуæд хаст –
Амыран махмæ ис ныр ахст.
Йæхи йæ хорз хъæудзæни дарын,
Стæй дзуапп нæ домæнтæн ссарын.
Ныр Тамерланмæ у нæ каст.
Кæд немæ разы уой, уæд хорз,
Кæннод ын зонæм мах йæ хос…»

119

Уæд лæппу тарстгъуызæй кæсы,
Султанæн амоны нысæнттæй.
Йæ хуызæй хъахъхъæнæг тæрсы,
Кæны йæ фæсдуармæ æфсæнттæ.
Æмæ йын уым дæтты ныхкъуырд:
«Ныр Думæйы цæуыл у дзырд,
Уый рахæссынæн ис йæ уаг.
Хъæлæстæ хъуамæ уой йæ фаг.
Лæвæрд уыд алкæмæн дæр хæс,

Цæмæй бæстон нæ хъус фæдарæм.
Ныр сæ нæхæдæг мах хъыгдарæм.
Сæ куыст æрурæдтой, ныр кæс!»
Фæлæ цæмæй зыдта фæткдар,
Султаныл дун-дуне ныттар…

120

Кæронæй бадти депутат.
Йæ цæст сæ хъаугъайыл схæцыд.
Цыдæр Рушайловы салдат
Бæрæг йæ зæрдæмæ нæ фæцыд:
Андреймæ февнæлдта цæхгæр,
Тыхæй йыл архайдта æгæр.
Йæ тыхст цæуыл у, уый нæ фарста.
Йæ зонд уæд уайтагъддæр скарста,
Султанмæ уый фыстæг ныффыста,
Зæгъгæ, цыдæр хабар æрцыд.
Ныр цу дæ кусæнуатмæ цырд,
Æмæ йæм фыстæг тагъд æрвыста.
Султан уæд ауади æваст –
Йæ фынгыл сау фыстæджы – маст.

*Уыдзæн ма*

*Уырыссаг æвзагæй йæ ратæлмац кодта*
*æмæ йыл литературон хуызы бакуыста*
*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

1100 Аланыстоныл саргъуыды

*САУТÆТЫ Тамилæ*

# АРГЪУАНЫ НЫВГÆНÆГ СУАНТЫ БОЛА

Ирыстон йæхи цæттæ кæны Аланийыл саргъуыды 1100 азы юбилеймæ. Бæрæгбоны мадзæлттæ ацæудзысты 2022 азы. Уый фæдыл нæ республикæйы чырыстон динимæ баст рагон кувæндæттæ реставрацигонд цæуынц нæ бæстæйы хуыздæр специалистты фæрцы. Уыцы рагон архитектурон объекттæй иу у Зруджы Мады-Майрæмы аргъуан – Ирыстоны чырыстон дины рагондæр цыртдзæвæн. Арæзт æрцыд XI æнусы. Кæд дзы дыууæ къулы йеддæмæ нал баззад, уæддæр сыл фенæн ис уазнывтæ-фрескæтæ. Нæ республикæйы Культурон хæзнатæ хъахъхъæныны комитеты кусæг, зындгонд историк Габоты Людмилæ куыд радзырдта, афтæмæй Зруджы аргъуан хаст цæуы, егъаудæр аргъуантæ кæй хонынц, уыдонмæ.

– Тынг ныззауат ис ацы аргъуан, уымæн æмæ йын Зругдон йæ былтæ хæргæ цæуы, æмæ йæ къултæ дыууæ раны ныккалдысты. Уымæ гæсгæ, фыццаджыдæр, нæ хæс у доны былтæ сфидар кæнын.

Ацы рагон аргъуан 1860 азты хаст æрцыд Чырыстон дины æхсæнады сæрмагонд программæмæ, цæмæй йæ сцалцæг кодтаиккой, фæлæ уыцы рæстæджы кæмттæм бацæуæнтæ тынг зын уавæры уыдысты, æмæ дины кусджыты къухы нæ бафтыд ацы хъуыддаг. Советон дуджы дæр ацы бынаты иртасæн куыстытæ цыдысты, фæлæ-иу алы æфсæнттæм гæсгæ реставрацийы фарста нæ алыг кодтой.

1984 азы нæ бæстæйы зындгонд реставратор Сергей Филатов бинонығ æркаст аргъуаны уавæрмæ æмæ загъта, фæндаг æм кæй нæй, уымæ гæсгæ сæ бон кæй ницы бауыдзæн бакæнын. Абон нæ хъуыддаг фæрæстмæ. Стыр Хуыцауы фæндæй, Зруджы аргъуан аирвæзын кæндзыстæм. Ис Аланийыл аргъуыды 1100 азы боны кадæн культурон хæзнатæ бахъахъхъæныны программæйы. Специалисттæ бацæттæ кодтой реставрацион куыстыты проект, – загъта Габоты Людмилæ.

Зруджы Мады-Майрæмы аргъуан ис Алагиры районы Зруггомы, Хозиты хъæумæ ’ввахс. Ирон адæммæ ацы аргъуан тынг кадджын уыдис. Йæ зæххыл археологтæ цы бирæ хæзнатæ ссардтой, уыцы хæзнатимæ уыдысты XV–XVIII æнусты Осмайнаг империйы, Гуырдзыйы – Месхетийы æмæ XVI æнусы Нюрнбергаг æфсæйнаг æхцатæ – мысайнæгтæ. Аргъуаны зæххыл Зруггомы цæрджытæ ныгæдтой сæ мæрдтæ. Афтæмæй дзы йæ алыварс XIX–XX æнусты уæлмæрд рауад. Рæстæг цыд, аргъуан хæлын райдыдта æмæ йæм фæндаг кæй нæ уыд, уый аххосæй бынтондæр ныззауат ис. 2007–2008 азты къуыбыры донхæрд фæрстæ сфидар кæныны куыст райдыдтой аразджытæ-альпинисттæ. 2009 азы цæттæ уыд йæ проект, æхцайы фæрæзтæ та дихгонд цыдысты федералон нысанмæарæзт программæ «Культура России 2006–2010 годов»-йы бындурыл.

Куыд раздæр, афтæ ныр дæр Зруджы аргъуан у Хозиты, Бирæгъты, Козаты, Хаситы, Бырнацты кувæндон. Фæлæ мидæгæй аргъуаны къултыл уазнывтæ-фрескæтæ чи скодта, уыцы рагон нывгæнæджы кой нæдæр историйы, нæдæр археологийы иртасæн куыстыты фенæн ис. Афтæмæй та уый кæуылты цымыдисаг зонинаг хабар у! Рагон нывгæнджытæн абоны фадæттæ æмæ гæнæнтæ нæ уыд, фæлæ сæ аивадон куыстытæ куыд хæрзхъæд рауадысты, уый нæхи цæстæй уынæм. Уæвгæ, ацы нывгæнæг канд Зруджы Мады-Майрæмы аргъуаны нæ ныуагъта æнустæм йæ къухты фæд. Уый хуызджын ахорæнтæй æмæ дæсны архайдæй историйы йæ ном бафыста Бола Тлиагæй.

Не ’ппæт дæр зонæм Нузалы рагон аргъуаны ахадындзинад, мидæ-



**Плиты Георги.** *Вола Тлиаг*

гæй йæ къулты æвæджиауы нывты истори. Ацы ран ивгъуыд æнусы 40-æм азты ахуыргонд Евгения Пчелина æмæ антрополог Мамыхъаты Таймураз цы ингæн сыгом кодтой, уый разынд ирон хъæбатыр Ос-Бæгъатыры стæгдар. Мангол-тæтæримæ хæсты Цæразоны-фырт цы хæстон сгуыхтдзинæдтæ равдыста, уыдон таурæгъон систы дыууæ Ирыстоны адæмтæн дæр.

Æгъуызаты Иуане «Алгъуызы кадæджы» равдыста Ос-Бæгъатыры фæлгонц.

Ос-Бæгъатыры Нузалы аргъуаны куы бавæрдтой, уæд хæстон фæтæгæн йæ ном сæнусон кæныны фæдыл Тлийæ æрхуыдтой нывгæнæг Болайы æмæ уый къултыл тынг арæхстджынæй сныв кодта сыгъдæг удты сурæттæ, ныффыста къулыл Бæгъатыры номæй эпитафи дæр «Мах уыдыстæм фараст æфсымæры».

Уæдæ чи уыд фыццаг ирон нывгæнæг?

Историйы нæ баззад йе 'цæг ном. Фæлæ бирæгъзæнггаг Суанты Виссарион цалдæр азы размæ æрбарвыста «Рæстдзинад»-мæ фыстæг. Уым бæлвырд ныхас цыдис Болайы тыххæй.

«Нæ мыггаджы хистæртæ, бæлвырддæр, Суанты Хъауырбегæй бирæ диссæгтæ фехъуыстон. Хъауырбег уыд рухстауæг. Бирæ азты фæкуыста хæхбæсты ахуыргæнæгæй. Архайдта æхсæнадон-политикон змæлдтыты. Зыдта нæ мыггаджы равзæрд. Дзырдта, зæгъгæ, Зилахары цæрæг Сапсыхъойæн уыд цыппар фырты; Цæллаг, Суан, Дауыр æмæ Малсæг. Куы байуæрстой, уæд алы рæттæм сæхи айстой. Æртындæсæм æнусы Суан алыгъд Мамысонгоммæ æмæ æрцард Тлийы хъæуы. Рæвдз уыд алы куыстмæ дæр, уæлдайдæр, куырды куыстмæ. Сызгъæрин къухтæ, дам ын уыд, æфсæйнагæй цы нæ скодтаид, ахæм нæ уыд. Ууыл ахуыр кодта йæ иунæг хъæбул Болайы. Фæлæ зæрдæргъæвд лæппу тынгдæр тырныдта ныв кæнынмæ. Кæрдæджытæ, дидинджытæ, фосы тугæй фыхта алыхуызон ахорæнтæ. Хæдзæртты къултыл, дуртыл кодта нывтæ.

Уыцы рæстæг Чырыстон дин хæхбæсты хæлиу кодтой гуырдзиаг миссионертæ. Чи зоны, уыдонæй исчи Болайы нывтыл йæ цæст æрæвæрдта. Бола балымæн динамонджытимæ. Аргъуаны йыл саргъуыдтой, æмæ райста ном Никъала. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу Гуырдзымæ абалц кодта. Хатт-иу дзы фæци дзæвгар рæстæг. Уым йæ нывкæныны дæсныдзинад фæбæрзонддæр кодта.

Хæхбæсты уыцы заман цы аргъуантæ арæзт цыдис, уыдоны дæр

Бола кодта нывтæ. Йæ дæснындзинад, дам, тынгдæр равдыста Тлийы хъæуы стыр аргъуаны æмæ Зруджы комы Мады-Майрæмы аргъуаны нывты. Уыцы иу рæстæг Бола хаста дзыллæтæм Чырыстийы раст ныхас, Стыр Хуыцауыл фæдзæхста ирон адæмы.

Бола Гуырдзыйы дæр кодта динамонæджы куыст, кодта нывтæ. Уырдыгæй ацыд Туркмæ. Уымы цæрæг сомихæгтæ æмæ гуырдзиæгтæн сауджынæй куыста. Боламæ афтæ каст, цыма Чырыстийы ахуырад фаг нæма æмбары. Æмæ абалц кодта Иерусалиммæ. Фыццаджыдæр, бабæрæг кодта Назарет, федта, Чырысти кæм райгуырд, уыцы кæвдæс. Балымæн чырыстон дины зынгæ архайджытимæ. Кувæндæтты кодта нывтæ æмæ нывты бын йæ къух æвæрдта æртæ хуызы: Бола Тлиаг, Суаны фырт, Бола Туаллаг.

Хистæртæ куыд дзырдтой, афтæмæй Бола сси дины зындгонд архайæг. Зæронды бонмæ йæ ныв кæнын нæ ныуагъта. Зæрондæй сыздæхт йæ даргъ балцæй Тлимæ. Мæлгæ дæр уым акодта. Ныгæд та æрцыд Зруджы комы, рæсугъд нывтæ кæм скодта, уыцы Мады-Майрæмы аргъуаны кæрты. Болайæн баззад æртæ фырты: Мырзабег, Гори æмæ Гобе», – фыста Суанты Виссарион.

Афтæмæй та нæм тар мигъты фæлмæй, бирæ æнусты арфæй раздæхт ноджыдæр ма иу сусæгдзинад, историктæ дæр кæй нæ зыдтой, ахæм фæлгонц – Нузалы аргъуаны нывгæнæг Суанты Бола. Адæмы фарн бирæ у.

# ХОЗИТЫ БАРИС: 65 АЗЫ



(1956)

*ХОЗИТЫ Барис*

# КРИТИКÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФИДИУÆГ У

Абон æппындæр сусæг никæмæнуал у, литературон критикæ нæ дзырдаивады лæмæгъдæр къабаз кæй у, уый. Уæвгæ, уымæй афтæ зæгъæн нæй, æмæ нæм литературæиртасджытæ кæнæ критиктæ нæй. Уæдæ нæм цы нæй, зæгъгæ, нæхи куы бафæрсæм, уæд ын дзуапп ссарын тынг зын хъуыддаг нæ разындзæн: ирон литературон процессы аккаг чи уа, ахæм сфæлдыстадон архайд. Ома, йæ туг ын чи базмæлын кæна, уый æнгæс поэзи, прозæ, драмæ, публицистикæ æмæ аивадон тæлмац. Уыдонæй иу дæр йæ размæцыдæй куы ныллæууа, уæд литературон процессæн йæ хъару сæтгæ æмæ сысгæ кæны. Ранымад литературæйы хуызты æхсæн ныхас куы нæ цæуа, уæд сæм хорзæй мацæмæ æнхъæлмæ кæс. Æцæг литературон критикæ сын сбæрæг кæны сæ уагæвæрд, сæ иугæнæг æуууæлтæ æмæ дихгæнæг миниуджытæ. Критикæ æмæ аивадон сфæлдыстадæн цæхх æмæ кæрдзынау кæрæдзийæ атонæн нæй. Иуæн дзы æнæ иннæмæй уæвæн нæй. Литературон критикæ æфсисы хос у æппæт фысджытæн дæр. Цæстуарзон æмæ рæстдзæвин фиппаинæгты быдурыл амад куы уа критикон ныхас, уæд суадоны донау сатæг комулæфт хæссы дзырдаивадмæ. Критикæ йæ хæстæ æххæст кæнын куы фæраза, уæд свæййы литературæйы эстетикæ.

Дуджы монон комулæфт, йæ хъуыдытæ, йæ бæллицтæ, йæ сагъæстæ, йæ хъынцъымтæ, йæ цардхъомыс æгасæй дæр нæ критикæйæн хъуамæ суой йæ ныхасы сæр. Уæд критикæ йæхæдæг дæр свæййы сфæлдыстад, ома æрцахсы йе 'цæг бынат. Иу уацмыс æвзарынæй иннæмæ æрдзон хуызы куы ахизы, уæд литературон процессы буар дæр удæгас адæймагау йе уæнгтæ батилы, æмæ чиныгкæсæгмæ æххæстæй разыны. Фæлæ нæ критикæ абон ис æндзыг уавæры, йæ размæ цы хæстæ лæууы, уыдон дæсгай азты дæргъы нал æххæст кæны. Уымæ гæсгæ зын раттæн у дзуапп, абон ирон литературæ цы у, уыцы фарстæн. Ахæм хуызы æвæрд фарстæн дзуапп нæй. Æмæ нæхи бафæрсын хъæуы æндæр хуызы: куыд у нæ литературæйы уавæр Хуссары æмæ Цæгаты – кæуылты

сты йæ авналæнтæ, арвгæрæттæ, йæ мидуагæвæрд, йæ рæзты уылæнтæ. Гъе ахæм хуызы æвæрд фарстæн дзуапп ссарæн ис, æцæг уал раздæр кæрæдзиуыл абарын хъæуы, абон нæ къухы бын цы аивадон уацмыстæ ис, уыдон. Уыцы-иу рæстæг бацамонын хъæуы, хицæн цыртдзæвæны дуртау быдырты калд кæй не сты, фæлæ се 'хсæн бæрæг иудзинад кæй ис, уый. Афтæ цадæггай æрцæуæн ис рæстдзинады хахмæ.

Хи критикæ кæнын хъæндзинад нæу. Хъæндзинад у хиуылæрвæссонад. Рацарæзты райдиан Горбачевы сайд ирон фысджытæ информацийы дзыллон фæрæзтæ сæхи бакодтой æмæ, кæрæдзийы дзыхæй дзырд исгæйæ, фæдис систой: гуыры ног ирон литературæ! Рацыд æнусы æртыккаг хайæ фылдæр, фæлæ, абон Диоген куы рабада, боныгон сæ рухсы фæрцы куы агура, уæддæр уыцы *«фæдисæтты»* фæд нал ссардзæнис. Бирæ чингуытæ æмæ уацтæ кæй фæзынд уыцы рæстæджы, уыдон иутæ банымадтой нæ литературæйы рæзтыл. Æрмæст сæ бынтондæр ферох: литературæ литературæ у, чиныгуадзынад та – бынтон æндæр хъуыддаг. Алы чиныгæн литературæйы æмвæзадмæ схизæн нæй. Уыйадыл цавæр ныв слæууыд нæ размæ: мадæлон æвзагыл чингуытæ цæуы, фæлæ сын аргъгæнæг нæй. Раздæр-иу чиныг рауадзынæн бирæ цыдæртæ хъуыди: цалдæр рецензийы йыл хъуамæ фыст æрцыдаид йæ фæзынды размæ, æркастысты-иу æм Фысджыты цæдисы секциты уæнгтæ дæр æмæ афтæ дарддæр. Мæскуыйы чиныг рауадзыны размæ та æвæрд цыдис ноджы фылдæр домæнтæ. Æмæ-иу чиныг чиныджы хуызæн рауад.

Литературæ критикæйыл куы нæ 'нцой кæна, уæд æм йæ развæндаг хорз нæ зыны. Цас йæхи фылдæр хатты бафæрса фыссæг, уыйбæрц растдæр хаххыл ацæудзæн йæ аивадон æрмдзæф. Дзырдаивады æмиуадæй рамбулы алчидæр: сфæлдыстад свæййы критикæ, критикæ та – сфæлдыстад. Чи зоны, гъе уымæн нæ литературæйæн нæ фаг кæнынц критикæйы домыны тызмæгад æууæлтæ, нæ критикæйæн та – литературæйы æрхъуыдыдзинад. Цæмæй литературон критикæйы нырыккон хæстæ хуыздæр сбæрæг кæнæм, уый тыххæй базонын хъæуы, литературон процесс цы сæйраг фарстытæ лыг кæны, уыдон. Мæнмæ гæсгæ, ахæм иумæйаг цæстæнгас рауайдзæн цымыдисаг æмæ пайдайаг, критикæйы алыварс цы быцæу ныхас цæуы, уымæн. Вæййы афтæ, æмæ байгом кæнис нырыккон ирон уацмыс (кæм уагъд æрцыд, уый кой нал кæнын), æмæ дзы зæрдæ цæуыл фæлæууа, уый нæй. Æмæ дæхи фæрсыс: *«Цæй тыххæй уагъд æрцыд ацы «уацмысгонд»?* Уымæй афтæ зæгъинаг нæ дæн, æмæ нæм хорз уацмыстæ нæй.

Бæгуыдæр ис! Фæлæ ницæйаг чиныггонд куы рацæуы, уæд уымæй адæймаг, чиныгкæсæг ныллæггонд цæуы. Уымæ гæсгæ, литературон критикæн йæ хæс у авторы ных бакъуырын.

Фæстаг рæстæг, хъыгагæн, амбæлæм æндæр уавæрыл дæр. Уый баст у куыдфæндыйы цæстæнгасимæ: литературæ никæй хъæуы, стæй йæ адæймаг цæй тыххæй уарза, ахæмæй дæр æм ницыуал ис. Ахæм зæрдæйы уавæр стæм нæу. Хистæр фæлтæр æрдиаг кæны, нæ алыварс постмодернизм хæмпæлгæрдæгау ныппырх æмæ хурх кæны ирон ныхасы улæфт. Кæд национ литературæйы уавæр сæ хæрзтæй нæу, уæддæр критик хъуамæ æдзух хъаст ма кæна, фæлæ, кризисы сæрты хизгæйæ, архайа æвæрццæг хъуыдытæ тауыныл царды дæр æмæ литературæйы дæр. Иртасæгæн кæддæриддæр йæ къухы бын ис æрмæг – текст! Слас ын йæ хъуыды æмæ цин кæн.

Классикон литературæ æмæ æнæсæрфат фыссынады æхсæн цыфæнды рæстæджыты дæр быцæу ахастдзинæдтæ уыдис. Уыдон литературон процессы акодтой дыууæ донвæды. Сæ уагæвæрд сын бацамонæн ис ахæм хуызы: *1) цард хъысмæты бæсты; 2) хъысмæт царды бæсты.* Æмæ хъуыддаг æрмæст терминты мидæг нæй – фыццаг æмбарынад арæх хонынц *«ног реализм»*. Уый йæхи базонын кодта постмодернизмимæ тохы. Æнæмидис фыссынады ныхмæ уыдон æрæвæрдтой азфыстон хъуыдытæ, æвзонгады романтизм æмæ абоныл сагъæсты уылæн. Дыккаг уылæн – нæхи *«ног модернизм»* – адæймаджы æрвылбонады дзырдты зæй. Уый, фыццаг бакастæй, æцæг дзырдаивады хуызæн у, фæлæ никæй цымыдис кæны.

Литературон уацмысы тых ис фыссæджы уагæвæрд æмæ йæ загъд ныхасы. Уымæ гæсгæ алы авторы мидисамады дæр бакæсын, сбæрæг кæнын æмæ раиртасын хъæуы фыссæджы миддуне. Уый та иутæм ис, иннæтæм нæй! Цæмæй нæ дисы æфтауы Бицъоты Грисы æмæ Агънаты Гæстæны прозæ? Фыццаджыдæр, сæ уацмысты тексты царды æцæгдзинад профессионалон хуызы равдисын сæ бон кæй бацис, уымæй. Нæ хиæмбарынад дæр уый тыххæй цин кæны сæ хъайтарты архайд, сгуыхт æмæ бæллицтыл; уымæн хъыг, сагъæс æмæ хъынцъым кæны сæ къуыхцытыл. Хъыгагæн, ахæм хæрзæгъдау фысджытæ нæм бирæ нæй. Ахæм уавæры, цæмæй литературон процесс иу уацмысы хуызæн равдисын йæ бон бауа, уый тыххæй ирон критик хъуамæ йæ удæй арт цæгъда, æцæг фыссæджы сфæлдыстады цы удæгас ныхасæй быд фæлгонц ссардта, ууыл.

Иртасæгæн йæ куысты тынг вазыгджын у бамбарын, æцæг уацмысæн йæ бæрæггæнæн æмиуадон мидис кæй у, уый. Цы йæ 'мбæхсæм, уымæй æмæ уымæй удæгас у нæ литературæ. Æнæ уымæй мидисамады ма агур эстетикон æууæлтæ æмæ эпикон æнкъарæнтæ. Æнæ уæлдай ныхасæй зæгъæн ис, нырыккон ирон фысджытæ, æмткæй райсгæйæ, арæхсынц нæ цæстæнгасы раз царды ныв уырнинагæй равдисын, сæ хъайтарты архайд раргом кæнын. *Ног рæстæгæн* аргъ кæнын та æнцон хъуыддаг нæу. Кусæг адæймаг бафæллад паддзахадæй, идеологийæ, экономикæйæ, динæй, æгуыстæй, æппынфæстаг,– йæхицæй. Æцæг фыссæджы хæс уый уыны рæстдзинад фæлгъауыны, ома йæ аивадон æрмдзæф сыгъдæг уды хъуамæ хона нæ дуджы хъомысджындæр фæзындты фæстæ. Зæрдæсаст тауынæн бирæ зонд нæ хъæуы. Нæ хуыздæр фысджыты цард æмæ сфæлдыстад нæм гуырын кæны ноджыдæр иу хъуыды: критикæ дæр йе 'мвæзад публицистикæйы онг хъуамæ ма уадза, фæлæ чиныгкæсæгæн амона, йæ уарзон автор царды, сфæлдыстады адæймаджы мидцарды куыд ранывæста, уый. Критик хъуамæ йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ алкæмæн дæр (номдзыд фыссæг æмæ райдайæг авторæн) бамбарын кæна, сæ фæсдзæуин ницæйаг рецензент кæй нæу, уыцы æцæгдзинад. Æцæг критик йæхи хаты хи монон дунейы мæсыгамайæгæй, литературæ иртасгæйæ та лыг кæны дывæр хæс: йæ дуджы эпос æвдисгæйæ, уый уыцы иу рæстæг нывæнды йæхи дæр. Ахæм хуызы критикон уацмыс æнæмæнг ссардзæн йæхи чиныгкæсæджы æмæ баззайдзæн дзырдаивады тæрхæджытыл.

Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ литературæйы *«бузныг»* зæгъын не 'мбæлы, æрмæстдæр *«табуафси»*. Фыссæгæн преми куы радтой, уæд уый нысан кæны, де сфæлдыстады тыххæй дын бузныг кæй загътой, уый. Æмæ сын уый дæр хъуамæ бузныджы ныхмæ бузныг зæгъа?! Нæ, *«табуафси»*. Авторы бæрзондмæ сисын кæнæ ныллæг æруадзын – уый критикæн йæ *«куыст»* у. Сæйрагдæр, рох кæнын нæ хъæуы, ныллæг кæй æруадзай, уый дæ йæ удхæссæг кæй фендзæн, уый. Бæрзонд кæй сисай, уый та йæхиуыл фервæсдзæн, æмæ дзы ферох уыдзæн дæуæн бузныг зæгъын. Хъыгагæн, литературон процесс мæнг литературæйы бын фæцис æмæ æхсæнады цæсты нал ахады. Æцæг, уый афтæ нæ нысан кæны, æмæ литературæ йæ хуыздæр хуызæгты нал ис. Литературон процесс, цыфæнды хъæндзинæдтæ дзы куы ссарæм, уæддæр нæ тынг хъæуы. Уым цæуы карз тох цардхъомысы алыварс. Чиныджы тираж цыфæнды хорз куы ауæй уа, уæддæр æцæг литературæйы хай не

суыдзæнис. Уымæн æмæ коммерцион рауагъдæттæн чиныг ссис товар, æмæ йæ уымæ гæсгæ размæ схойынц. Фæлæ уымæн литературæмæ ис æрмæстдæр иу фæндаг дзуарæвæрд дискуссийы кулдуарыл. Аивадон уацмыс литературæйы иуæг свæййы, йæхи чиныгкæсæг ын куы фæзыны, æрмæстдæр уæд.

Литературон уацмысы автор йæ удварны бæркад куы байтауа, уæд дзы, æнæмæнгæй, сæвзæрдзæн зæрдæдарæн талатæ. Къухфыст æнæ мыхуырæй дæр райсдзæн зæрдæдарæн хуыз, йæ авторæн та ратдзæн бар литературон процессы къæсæрæй бахизынмæ. Литературон уацмыс, аивадмæ бар куы дара, уæд дунеимæ иудзинад ссардзæн адæймаджы æнкъарынады фæрцы. Уацмысы текст хъуамæ хъармгонд цæуа архайды цæхæрæй. Афтæ куы нæ уа, уæд дзы рухсмæ тырнынад йæхи нæ равдисдзæн. Уымæ гæсгæ уацмысы мидисы алы хатт дæр бынат ис уды цæхæрæн. Ахæм æууæлтæ æмæ миниуджытæй дзаг уацмысыл критик куы фембæлы, уæд фæфыссы рæстдзинады æвзагæй. Æмæ аргъ кæнын райдайы литературон уацмыстæн ныркон цæстæнгасæй: уым стыр бынат æрцахсынц æхсæнадон æмæ монон царды лыггæнинаг фарстытæ, хи цæстæнгасы фæстиуджытæ, сфæлдыстадон принциптæм æркаст æмæ дзыллон æмбарынады сагъæстæ.

Алы критик дæр йæ авналæнтæм гæсгæ хæссы йæ хуыны хай литературон процессмæ. Æмæ уыцы архайды мидæг канд филологийыл не 'нцой кæны йæ хъуыды, фæлæ литературæйы теори æмæ истори, философи æмæ эстетикæйыл дæр. Иртасæджы æрмдзæф уымæ гæсгæ йæ фæлгæты баиу кæны политикон-æрвылбонон уагæвæрд журналистикæимæ. Æнгом баст вæййы æндæр зонадтимæ дæр – истори, политологи, æвзагзонынад, текстологи æмæ библиографиимæ. Критик æнæуый чиныгкæсæгæй уæлдай æргом кæны æнкъарæнты æвзаг æмæ сын аргъ кæны раззонды хъомысæй. Йæ хатдзæгтæ хаст цæуынц методологи æмæ литературон-критикон жанрты уагæвæрды зонындзинæдты бындурыл. Критикон жанртæй æппæты парахатдæр у рецензи. Уый у иннæтæй бирæвæрсыгдæр: рецензи-рафæлхат, рецензи-отзыв, рецензи-памфлет, рецензи-фельетон æмæ æндæртæ. Арæх æмбæлынц монографион уацтæ æмæ уацтæ-афæлгæстытæ.

Мæнмæ гæсгæ, XXI æнусы ирон литературон критикæмæ объективон æгъдауæй иртасынмæ чи æрбацыд, уыдон хорз æмбарынц æмæ хорз æнкъарынц сæ сæйраг хæсы домæнтæ. Исчи сæ куы бафæрсы, нæ критикон хъуыды цавæр хъуамæ уа, зæгъгæ, уый тыххæй, уæд

сæ æргомæй фехъусæн вæййы: *«Фæлтæрддзинад æмæ журналистон æфсармыл куы æнцой кæнай, уæд уый у дæсныйад. Удгоймаджы æлвæстады фæрцы текст иуyон дунейы хуызæн фæлгъауыны нучы куы ацæуа æмæ фæстæмæ монон хуызы ахсджиаг критикæйы æххæстадмæ куы раздæха, уæд та – аивад...»* Æнæ уæлдай ныхасæй, уый раст хъуыды у, уымæн æмæ критикæйы ног сырæзтæн æнæ уыцы æууæлтæй уæвæн нæй. Æдзухдæр зæрдыл даринаг у ахæм хъуыды: критикæ у литературæйы хай, æмæ æнæ уымæй йæ бон хъуыды кæнын нæу. Ноджы йæ цыбырдæр зæгъын куы сфæнд кæнæм, уæд та нæ хъуыды уыдзæн ахæм: *«Критикæ литературæйы фидиуæг хъуамæ уа!»*

## ЛИТЕРАТУРОН КРИТИКÆ НÆМ ИС ÆВИ НÆЙ?

Абон ирон литературон критикæ ис æви нæй? – уыцы зын æмæ вазыгджын фарстæн иунысанон дзуапп ссарын тынг зын у. Ис нæм, терминологи бирæ чи уарзы æмæ уый фæрцы цыфæнды текст дæр æвзарынæл чи архайы, ахæм филологтæ. Ис нæм, кæйдæр куырдиатмæ гæсгæ æппæлæн кæнæ фауæн рецензитæ чи фыссы се 'мсис æфсымæрты чингуытыл, ахæм критиктæ дæр. Фæлæ нæм, стыр хъыгагæн, рацæугæ литературæйыл хæдбар афæлгæст чи сараза, сыгъдæг зæрдæимæ чиныгкæсæджы раз чи æрлæууа, чиныджы авторы æрмдзæф чи равзара æмæ йын йæ авналæнтæ чи бацамона, ахæмтæ – стæм! Фæстаг рæстæг уыцы зын хæс йæхимæ нæ курдиатджын прозаик, поэт æмæ публицист Хъазиты Мелитон хуымæтæджы нæ райста. Фæлæ иу адæймаджы бон нæу, литературон процесс цы «*æнæхсæст*» къутæртæй байдзаг, уыдон бахсæдын. Ис нæм дæсгай филологтæ, кандидатон диссертацитæ литературæйæ чи бахъахъхъæдта, ахæмтæ дæр, фæлæ Мамиаты Изетæ æмæ Тъехты Тамерланæй фæстæмæ уыдон критикон куыстмæ тынг зивæг кæнынц. Æцæг ма, уыцы «*зивæгадæн*» иу вазыгджын аххос ис: фыссæгæн комкоммæ йæ уацмысты хъæндзинæдтæ куы зæгъай, уæд йæ удхæссæг фестдзынæ, æнцой цард ферох кæндзынæ йæ дам-думтæй. Æмæ уымæ гæсгæ нæ иртасджытæй бирæтæ сæхицæн загътой: «*Ныр мæн ацы сæрниз кæм бахъуыд*!» æмæ сæхи «*ссæрибар*» кодтой уыцы «*сæрнизæй*». Бирæтæ дзы сæ иртасæн куысты кой сæ зæрдæйы дзæбæхæн кæнынц, æмæ сæ хъыгдарæг нал ис.

Фæлæ уыйхыгъд фæзындис, журналист уæвгæйæ, йæхимæ критикы хæс чи райста, ахæмтæ. Æцæг дзы, стæмæй фæстæмæ, бирæтæ уыцы

хæсы бæрндзинад зонгæ дæр нæ кæнынц. Литературон-критикон уацтæ фыссынмæ зивæг кæнынц, фæлæ сæ рецензиты арæх бакæсæн вæййы: «*зæрдæмæдзæугæ ныхасыздæхт», «диссаджы фæлгонцад»,* фæлæ сæ хъуыды тынг стæмхатт бафидар кæнынц дæнцæгтæй, æмæ уымæ гæсгæ сæ æнæбындур æппæлæн ныхæстæ уæлдæфы ауыгъдæй баззайынц. Фысджытæ та уыйадыл, сæхи дзырдаивады дæснытæ æнхъæлгæйæ, сæхиуыл нал фæкусынц, æмæ сæ фыстыхъæд раууатмæ æрцæуы. Гъе уымæ гæсгæ Уæрæсейы дæр æмæ Ирыстоны дæр мæнг фысджытæй бирæтæ хуыздæр автортыл нымад æрцæуынц. Афтæмæй та уыцы иу рæстæг æцæг фысджытæ рохуаты аззайынц. Мæнг рецензенттæ ма иу стыр зиан æрхастой нæ критикон хъуыдыйæн: хохы цъупмæ кæй систой, уыцы фысджытæ налдæр сæ уацмысты æвзагыл кусынц, налдæр сæ мидисамадыл. Лæмæгъ фыссын литературæйы царды фæтк ссис. Мæнг критик бабын кодта нæ фысджыты иу хайы. Цæмæн, зæгъгæ мæ куы бафæрсат, уæд уын ратдзынæн æргом дзуапп. Нæ литературон кусджытæй бирæтæ сæхицæн хъарм бынæттæ ссардтой: чи фыссын райдыдта амалхъом адæймæгты тыххæй, чи басгуыхт сæйраг редактортæм «*ныхас хæссынæй*», чи та – лæмæгъ фысджыты стауынæй. Литературон критиктæй иуæн карз уайдзæф бакодтон, зæгъгæ, иртасæн куысты фæтк æмæ уагæвæрд не 'нкъарыс æмæ æндæр исты куысты бæрны бацу. Æз афтæ æнхъæл уыдтæн, æмæ мæм уый тынг фæхæрам уыдзæн. Уый та мын, мидбылхудгæйæ, дзуапп радта: «*Æмæ æз ахæм хæс (ома критикæйы æгъдæуттæ базонын – Х.Б.) мæ размæ æвæргæ дæр нæ кæнын!*» Ацу æмæ ахæм æнæджелбетт ныхæсты фæстæ ма атъæпп у!

Аивадон литературæйы тыххæй, куыд кæцыфæнды æндæр аивады фæдыл, афтæ дзурæн ис, фæлæ дзуапп дæттын хъæуы ахæм фарстытæн: «*Цæй тыххæй*?» æмæ «*Куыд?*» Цалынмæ сагъæс кæнын райдайæм, уый размæ вазыгджын вæййы фенын æмæ бамбарын, куыд конд æрцыд, уый. Репины тыххæй баззад ахæм таурæгъ: «Хъисы дæснымæ-иу нывгæнæг куы æрбацыд æмæ-иу йæхи абстракционист куы схуыдта, уæд-иу дзы цытджын нывгæнæг ракуырдта, цæмæй бæхы ныв скæна. «*Нывгæнæг*»-иу куы нæ сарæхст, уæд-иу æй Репин ратардта, æмæ-иу æй бауырныдта, «*абстракционизммæ*» адæм рахизынц, ныв кæнын сæ бон кæй нæу, уымæ гæсгæ. «Цытджын нывгæнæджы фидарæй уырныдта, ныв кæныны арæхстдзинад, ныв кæныны техникæйæ арæхсын – уыдон сты нываивады бындуртæ. *Дзырдарæхст у дзырдаивады бындур.* Кæд фыссæг адæймагæн дзырд нæ коммæ кæсы, уæд уый не 'нкъары ныхас,

æмæ дзы фыссæг нæ рауайдзæн. Литературон, аивадон æвзаг – уый у аивадон литературæйы хæрзхъæды нысан. Фæлæ, хъыгагæн, аивадон æвзагмæ фаг хъусдард нæй. Уæвгæ, ис ахæм иртасджытæ дæр, афтæ чи дзуры, зæгъгæ, ам лыггæнинаг фарстытæ нæй.

Æнæ аивадон æвзаг, æнæ сæрмагонд аивадон æрмдзæфæй фыссæгæн æмæ уымæй ратæдзгæ аивадон литературæйæн уæвæн нæй. Фæлæ аивадон æвзагæй уæлдай фыссæгмæ хъуамæ уа йæхи дуне фæлдисыны хъомыс. Литературæ æнцой кæны фæрссагон дунетыл. Æрмæст æцæг литературæйы вæййынц удæгас дунетæ. Уым гæнæн ис, æмæ цæрой алыхуызон адæмтæ, фæлæ, аивадон уацмыс кæсгæйæ, чиныгкæсæг хъуамæ хата уыцы дунейы комулæфт. Удæгас дунеты бынат нæй ихсыд къахдзæфтæн, уым алцыдæр баст у мидхъуыдыйы зондахастимæ. Уым архайджытæн царды хуызæн ис сæхи цæсгом, сæхи уагæвæрд, сæхи æвæрццæг æмæ æппæрццæг æууæлтæ, æппынфæстаг, ныхас дæр кæнынц сæхирдыгонау. Уымæй уæлдай ма аивадон литературæ ныхас кæны фæлгонцтæй æмæ сын сæ фæлгæты æмбæхсы хицæн хæйттæ, хуызтæ, уаз нысантæ. Уыцы æппæт базон-базонтæ кæсын зонын хъæуы. Фæлæ бæллæх уый мидæг ис, æмæ дзы арæх, цы бакæсæм, уый нæ вæййы, кæнæ та, чи йæ бакæса, уый.

Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, литературон уацмыс хъуамæ алы хатт дæр уа, иумæйаг хъуыдыйыл чи куса, ахæм æххæст æмбарынад. Цыфæнды мадзалы бындурыл баст куы уа, уæддæр дзы хъуамæ бæрæг дарой хицæн хæйттæ нæ, фæлæ æххæстад. Æмæ уæд чиныгкæсæджы зæрдæйы уадздзæн æххæст æнкъарынад. Скъуыд, æнæххæст таурæгъондзинад алы хатт дæр вæййы æвзæр литературæйы нысан, лæмæгъ авторы амонæг. Цы домæнты рæгъмæ æркастыстæм, уым æцæг литературæ ивд æрцæуы аивадон фæзмæнтæй. Уыимæ, гæнæн ис, æмæ литературæ уа бындурон, хиирхæфсæн кæнæ ног фæрæзы дæнцæг. Сæйрагдæр у, хорз æвзагæй фыст – удæгас, æххæст æмæ удджын таурæгъондзинад. Æцæг аивадон литературæ хъуамæ адæймаджы æвзæрыл ма ахуыр кæна. Æцæг нывгæнæг æвзæр хъуыддæгтæн никуы фæлæггад кæны.

Ныр та ногæй раздæхæм нæ критикæмæ. Нæй нæм абон Тыбылты Алыксандры хуызæн дæснытæ, фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ нæхи бынтон мæгуырауыл банымайæм. Хъыгагæн, æгæр раджы ацы дунейæ ацыдысты Дзуццаты Хадзы-Мурат, Æлборты Хадзыумар, ноджы раздæр – Гаджиты Георги. Ахæм иртасджытæ æрвылаз нæ гуырынц. Иннæрдыгæй та, нæ филолог-ахуыргæндтæ, Мамиаты Изетæйæ

фæстæмæ, зивæг кæнынц ирон литературон критикæйы зилдухы архайынмæ. Ис ма нæм аивадон литературæйы æндæр иртасджытæ — Дзапарты Лизæ, Тъехты Тамерлан, Битарты Маринæ, Асаты Наташæ, Тыбылаты Анжелæ, Хетæгкаты Кристинæ æмæ Къæбулты Гаянæ.

Уыдон иуыылдæр бахъахъхъæдтой кандидатон диссертацитæ литературæйæ, æмæ сæ арæхдæр хонын хъæуы литературон процессы архайынмæ, кæннод, сæ ныфс куы асæтта, уæд сæ нæ критикæйæн ницыуал пайда уыдзæн. Уый тыххæй та арæхдæр аразын хъæуы тымбыл фынгтæ алыхуызон литературон фарстытыл. Уым хъуамæ активонæй архайой Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны уæлдæр скъолатæ æмæ наукон-иртасæн институттæ, сфæлдыстадон цæдистæ æмæ чиныгуарзджыты æхсæнадтæ, чиныгдæттæ æмæ астæуккаг скъолатæ. Цæмæй литературæйы æмвæзады бæрæггæнæн бынмæ ма хауа, уый тыххæй кæсын хъæуы, «*лæмæгъ*» чингуытыл одæтæ чи фыссы, уыдонмæ. *Цæмæн ис ахæм фæзынд нæ литературæйы? Куыд кæсын хъæуы ацы зианхæссæг фæзындмæ? Цы зæгъын æмбæлы «сауы урс хонджытæн?»* Фæндырдзæгъдæгæн хæлд музыкалон дзаумайыл цæгъдæн куыд нæй, афтæ чиныгкæсæгæн дæр, æвзæр литературæ кæсгæйæ, сæфгæ кæны йæ хæрзаудæн æнкъарынад. Уымæ гæсгæ мæ мæнг критиктæн зæгъын фæнды: æвзæр уацмыстыл æнæбындур æппæлæн ныхæстæй кæй фыссут, уымæй сымах æцæг литературæйæн лыг кæнут канд йæ уидæгтæ нæ, фæлæ йæ къабузтæ дæр. Æмæ уын уæд уæ монон æмæ фæткæвæрдадон фыдракæнд хъысмæт нæ ныббардзæн. Æз дæр разы дæн: уадз æмæ уа алыхуызон фысджытæ – хæрзтæ æмæ хæдбындуронтæ. Фæлæ цæмæн хъæуы *сауы урсæй* æвдисын? Æгурдиат фыссæггæндты хæрдмæ исгæйæ, мах халæм чиныгкæсджыты хæрзаудæн æнкъарынад.

Цы кæнгæ у махæн ахæм уавæры? Литературон процессы вазыгджын къабаз – литературон критикæйы – абон куы ницы аивæм, уæд райсом нæ куыст бынтондæр саслам уыдзæн. Æхсæнад æмæ паддзахад нын цыфæнды стыр æххуыс куы бакæной, уæддæр сфæлдыстадон куысты хордзен нæхи хæсгæ у. Литературон критикæйы мидæг «*хионизм»-ы* хабæрттæ куы нæ ныууадзæм, уæд, цы жанрыл дзурæм, уый бынтондæр йæ бынат фесафдзæн нæ литературон процессы. Æмæ, цас дарддæр, уыйбæрц æдзæллагдæр уыдзæн йæ уавæр. Критик литературон процессы æнæкæрон уылæнты чиныгкæсæгæн хъуамæ уа фæндагамонæджы хуызæн. Абон фысджыты нымæцæн кæрон куы нал ис, уæд уый ссис уæлдай вазыгджын.

Нæ литературон-аивадон критикæ ныртæккæ цы уавæры ис, уымæн æвæстиатæй хъæуы сбæрæг кæнын йæ аххос, нæ дарддæры архайд æмæ нæ хатдзæгты уаг. Ирон критикæ йæхæдæг æдзæллагмæ кæй æрцыд, уымæ гæсгæ йæ бон нæу нæ литературæйыл барджын ныхас кæнын. Йæ бон зæгъын цы бавæййы, уый та баст вæййы цардыл сагъæстимæ, æцæгдзинад æмæ аивад кæрæдзиимæ бабæттынимæ, дунейы фæлгонц уынынимæ, уацмысы уагæвæрд æмæ хъайтарты ахастдзинæдтимæ. Фæлæ, хъыгагæн, се 'хсæн бахауы, цардæй бынтондæр иппæрд чи вæййы, ахæм раззонды фæрцы амад хъуыдытæ. Ферох сæ вæййы иу вазыгджын хъуыддаг: автор нын нæ размæ цы критикон хъуыдытæ рахæссы, уыдон, æнæмæнгæй, хъуамæ æнгом баст уой йæ зæрдæйы риссæгтимæ. Цыфæнды рæстæгмæ дæр, уæлдайдæр та ивгъуыдмæ, кæсын хъæуы реалистон цæстæнгасæй. Афтæ куы нæ бакæнæм, уæд нæ тухитæ хæрздзæгъæлы фæуыдзысты, нæ критикон ныхасы хордзен та зæххæй атонын æмæ сæккой кæнын нæ бон нæ бауыдзæн. Исчи та йæ мах бæсты нæ ахæсдзæн.

## ИРОН ЛИТЕРАТУРОН КРИТИКÆ:<br>ЙÆ АБОН ÆМÆ ЙÆ СОМБОН

*Цæй мидæг ис абон ирон литературон критикæйы хæс? Цæй мидæг ис йæ ахадындзинад национ литературон процессы мидæг? Æмæ ма ноджы иу вазыгджын фиппаинаг: кæй фылдæр хъæуы критикæ – фыссæджы, кæсæджы æви критикы?!.* Алкæмæндæр у æмхуызон хъæугæ, æххуыс сын кæны се 'мвæзад бæрзонддæр кæнынæн. Ирон литературон критикæйæн абон ис бирæ хуызтæ, уæвгæ, критикæ йæхæдæг дæр у бирæвæрсыг. Критикæ нæ дуджы йæхи æнкъары бирæ сæрибардæрæй, раздæримæ абаргæйæ, фæлæ йын фæзынд æндæр цæлхдуртæ. Хорз критикæ æмсагъæс кæны чиныгкæсджытимæ, фысджытимæ, æхсæнадимæ. Æнæ критикæйæ литературæ куырм у, йæ развæндаг нæ уыны. Критикæ сисы уацмысæн йæ уæлцъар йæ хæрв, æмæ йæ чиныгкæсæгæн равдисы йе 'рдзон хуызы. Критикты æхсæн уæрæх зындгонд у ахæм æмбисонд: «Рæстдзинад куы зæгъай, уæд дæ хæларæй æнæ хай фæуыдзынæ». Литературæиртасæгæн æнцондæр у, уый фыссы академион зонадæн, йæхи хуызæн ахуыргæндтæн. Критик та нывæнды хи æрмдзæфы фæрцы: хатт фæрæдийы, хатт фесгуыхы, хатт аргъ кæны чиныгуадзынадæн. Ахуыргонд хæстæгдæр лæууы аивадон тексты философи æмæ поэтикæмæ, критик – чиныгкæсджытæм.

Фæлæ мах хъæуы алыхуызон цæстæнгастæ, уымæн абон чингуыты ба-

зарад тынг уæрæх анывæста йæ арæнтæ. Критик ахизы цалдæр фæлварæны сæрты: *фыссæг – чиныг – рауагъдад – дукани – базарад – чиныгкæсæг.* Ацы рæгъы æууæлтæ æндæр сты: абон маркетологтæ вазыгджындæр сты литературон критиктæй. Ноджы ма иу фарстмæ аздахын хъæуы нæ хъусдард: зындгонд куыд у, афтæмæй аивта критикæйæн йæ лексикон мидис, терминологи; æмбарынæдтæ дæр систы æндæрхуызон. Критикæйы дзырдуаты къæбиц æфсадынц алыхуызон гуырæнтæ: профессион филологон терминологи, сæрибар эстетикæ, интернет-æмбарынæдтæ, удæгас ныхас. Фæлгонцад критикы хъыгдаргæ нæ кæны, фæлæ йын æххуыс кæны. Цас фылдæр фæлгонцад уа иртасæгæн йæ куысты, уыйбæрц уырнинагдæр уыдзæн йæ фыстыхъæд. Æцæг, фæлгонцад нæ нысан кæны критикæйы канонтæй ахызт. Æркæсут-ма Белинскийы сфæлдыстадон æрмдзæфмæ! Цас æмæ дзы цас фæлгонцад ис. Иуæй-иу хатт мæм афтæ фæкæсы: Виссарион Белинский критик куы нæ уыдаид, уæд ын байгом уыдаиккой поэзи, прозæ æмæ драмæйы фæндæгтæ.

Цалынмæ Белинский æмæ Тыбылты Алыксандры традицитæ фидар уыдысты нæ литературæйы, уæдмæ дзырдаивадмæ кастыстæм æрвонг æмæ домаг цæстæнгасæй. Рецензийы рацыдмæ-иу чиныджы автор æнхъæлмæ каст, зырзыргæнгæ, фыр тæсæй нæ, – цымыдисæй. Æмæ-иу иртасæджы фæстиуджытæй (хатдзæгтæ, фиппаинæгтæ, фæндиæгтæ, зæгъинæгтæ) фысджытæ пайда кодтой сæ дарддæры куысты бузныджы æнкъарæнтимæ. Литературон критикæ рауагъдады кусджытæн дæр уыдис удыхосы хуызæн. Критикон æрмæджытæм уыдон фысджытæй къаддæр не 'нхъæлмæ кастысты. Ахæм критикон хъусдарды фæстæ-иу сын æнцондæр æвзарæн уыд сæ фидæны авторты рæгъ. Цыбыр ныхасæй, рауагъдады кусджытæн критикæ уыдис сæ цæстæнгас гомгæнæг. Фæлæ фæстаг дæсазонты хъуыддаг къæссавæлдæхт фæцис: критикæйы функцитæ (хæстæ) йæхимæ райста интернет. Æмæ нæ критикæ бæллæхы бахаудис: соцхызты фылдæрхатт æмбæлæм, профессион цæттæдзинадмæ хæстæг чи нæ лæууы, ахæм автортыл. Литературон критикæйы жанрты домæнтæм дард кæй лæууынц, уымæ гæсгæ сæ систы бынæй фылдæрфылдæр рацæуынц аннотацитæ кæнæ мидис фæлхатгæнæг уацхъуыдтæ. Фæлæ уыцы æнæбары фыстытæ дæр рæдыдтытæй бæз-бæз кæнынц.

Ардыгæй райгуыры æндæр бæллæх: «*фысджытæ*» сæдæ хатты фæфылдæр сты, иртасджыты нымæц та йæ бынатæй дæр нæма фезмæлыд. Уыйадыл литературæйæн аргъгæнæг нал ис, æмæ уый у тынг æнæраст хъуыддаг. Ирыстоны уагъд цæуы сæдæгай чингуытæ,

критикон зилдухы та сæ дæсæм хай йеддæмæ нæ бахауы. Ахæм уавæры зианхæссæг архайд сусæг нæу: зынгæ æрхаудта кæсджыты цымыдис чиныгмæ. Æхсæнады хъусдард дардæй-дарддæр кæны мыхуыры уагъд продукцимæ. Тæрсын, хъуыддаг дарддæр æвзæрдæргæнгæ куы ацæуа, уымæй. Литературон критикæ раздæрау нал æндавы чингуытæ парахат кæныныл. Кæд уавæр сæ бæллиццагдæртæй нæу, уæддæр цыфæнды зынæй дæр къухтæ дæлæмæ уадзæн нæй. Æз, профессион критикæйы фарслæууæг уæвгæйæ, интернет-критикæйы ныхмæ нæ дæн. Ныхас цæуы балансыл!.. Уадз æмæ интернет-дуканитæ дæр уа, æрмæст ирон чиныгæн пайда хæссæнт. Кæд сайты фæзынæг аргъгæнæг уацхъуыдты фæстаг чингуыты хуыздæр æлхæнын байдайынц, уæд уадз æмæ уæнт. Фæлæ мæ бон афтæ зæгъын нæу блогосферæйæ, уымæн æмæ, æмткæй райсгæйæ, чингуыты темæ уым æрдæгпроцент йеддæмæ нæ ахсы. Офгæнæг уæхæдæг фæут! Ахæм æвдисæнтæн! Мах бæстæ, уыимæ Ирыстон дæр, рагæй нал у æппæты чиныгкæсæгдæр бæстæ: Китай нæ дыууæ хатты фæраздæр, Инди та – иу хатт.

Ис ахæмтæ дæр, æмæ уым диссагæй ницы арынц. Æмæ сæхи раст кæнынæн æрхæссынц ахæм æвдисæнтæ: литературон критикæ ивд æрцыд маркетингы архайдæй. Сæхи та раст кæнынмæ фæвæййынц ахæм хъуыдыйæ: абоны чиныгкæсæджы сагъæс кæнын нæ фæнды, фæлæ рæстæг хорз æрвитын. Уый хорз бæрæггæнæн у, абон литкритикæйы ахадындзинад кæй æрхаудта, уымæн. Раздæры хуызæн уый нырыккон литературæйы тыгъдады фæндагамонæг нал у. Чиныгкæсæг критикæйæ æнхъæлмæ кæсы зондамындмæ, иу кæнæ иннæ чиныг æлхæнынмæ кæнæ кæсынмæ бæззы æви нæ, уый тыххæй.

Литературон критикæйы рæстæн тынг ахъаз кæны сфæлдыстадон, литературон æмæ аивадон периодикон мыхуыр. Раздæр уыдон уыдысты «Мах дуг», «Фидиуæг», фæстæдæр сæм бафтыдысты «Ногдзау», «Ирæф» æмæ «Дарьял». Литературон æрмæджытæ парахатæй мыхуыр кодтой æмæ кæнынц «Рæстдзинад» æмæ республикæйы районты газетты фæрстыл. Фæлæ абон хъуыддаг, уавæр тынг аивта. Сæ тиражтæ чысыл кæй сты, уымæ гæсгæ сæ ахадындзинад зынгæ æрхаудта.

Раздæры чиныгкæсæгæн тынг хъæугæ уыдис, цавæр журналы кæсы иу кæнæ иннæ уацмыс, æмæ йыл цы критикон æрмæджытæ рацыд, уый. Нæ хуыздæр æмæ ирддæр критиктæ Ардасенты Хадзыбатыр, Джусойты Нафи, Мæрзойты Сергей, Гаджиты Георгий, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Æлборты Хадзумар, Хъазиты Мелитон уыдысты тынг

кадджын. Адæмы цымыдис кодта, цæуыл хъуыды кæнынц, уый. Абон та уыцы æрдхæрæн уавæр литературæйæ ацыд, æмæ зонадон иртасæджы, критикы, публицисты æмæ хъуыдыты къуыбылойы бынат æнæ ахстæй, афтидæй баззад. Æхсæнадон-разæнгардгæнæн æуыæлтæ æмæ миниуджыты хицау адæймаг вазыгджын хатдзæгтæ йæхицæн литературон критикæйы нал агуры. Бæзджын журналты *(«Мах дуг», «Фидиуæг», «Ирæф», «Дарьял»)* кæсджытæ-иу раздæр базонгæ сты критикæ æмæ публицистикæимæ, уый фæстæ та-иу рахызтысты поэзи, прозæ æмæ драмæмæ. Чиныгкæсæг æхсæнад уыдис хæрзæгъдау, профессионалон, экспертон зондахастыл хæст. Иумæйагæй йæм уыдис бæрзонд домæнтæ аивадон литературæмæ: *«Цы кæнын хъæуы?», «Чи у аххосджын?»* Абоны кæсæджы та фæнды, цæмæй йын чиныг æндава йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтыл, уа хорз фыст æмæ цымыдисаг. Кæсæг йæхи æдылы нæ хоны, фæнды йæ чиныгимæ йæ рæстæг *«хорз арвитын»*. Уымæ гæсгæ, стыр хъуыдытæ, сагъæстæ æмæ бæллицтæм сидæг критикæ стæмтæй фæстæмæ никæйуал хъæуы.

Афтæмæй литературон критикæйы ахадындзинад зынгæ фæкъуындæгдæр ис. Фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ критикæ фесæфт. Литературæйы цавæр фæндагамонæг (навигатор) хъæуы, ахæм хæс æххæст кæны. Литературон критиктæ Ирыстоны бирæ нæй, фæлæ уæддæр ис. Дарддæр та цы уыдзæн, уый рæстæг равдисдзæн. Ахуыргонд адæм уыцы куыстмæ сæ хъус раздæрау нал дарынц, уымæн æмæ уый у вазыгджын, фæлæ æбузныг куыст. Профессионалон литературон критикæйы фæзуат фæкъуындæгдæр ис, фæлæ ис, литературæйы тыххæй чи фыссы, ахæм сайттæ чиныгкæсджыты аргъгæнæг æрмæджытимæ. Соцхызты архайы интернет-критикæ, æмæ, мæнмæ гæсгæ, мæгуыр кадавар уавæры уый дæр хъæуы. Ахæм уавæры литературæиртасджыты аналитикон уацтæ нал хъæуынц. Уацмысы æнкъарынад хуымæтæджы чиныгкæсæгæн сæйрагдæр у интеллектуалы рецензи кæсынæй. Йæ хъуыды: фыссæг критиктæн нæ фыссы, фæлæ уыдонæн, чиныгкæсджытæн. Абон уый хъуамæ хъуыды кæна йæ кæсджытыл. Раздæр уый афтæ ахсджиаг нæ уыд, уымæн æмæ нæ уырныдта: кæд хорз ныффыстай, уæд дæ цыфæндыйæ дæр исчи бакæсдзæн. Абон та, фæстæмæ нæ кæсгæйæ, размæ куы ацæуай, уæд, гæнæн ис, æмæ дæ фæстæ мачи разына.

# ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ



## РÆСТВÆНДАГ

*Ирон литературæйы абоны царды цинтыл кадавар, чъынды дуджы æрыгæтты фыстытæй искæцыйы чысыл курдиат дæр куы ферттивы, уæд цæстуарзон литературон хистæрыл дыууæ хуры скæсы.*

*Йæ нывыл сфæлдыстадон фидæныл бауæндын кодта **Гобозты Агуындæ**. Райгуырд Хуссар Ирыстоны 2001 азы, каст фæцис 45 гимназ. Абон у Къостайы номхæссæг университеты ирон филологийы факультеты æртыккаг курсы студенткæ.*

*Сфæлдыстады цинæйдзаг æмæ мастæмхиц фæндаджы тæккæ райдиан æрлæууыд æмæ дзы-иу уæлахизæй ноджы бæрзонддæр æнтыстытæм, æнæбасæттон ныфсджынæй цæугæйæ, рæствæндаг уæд!*

*ГОБОЗТЫ Агуындæ*

*Этюдтæ*

# САУДАРÆГ

Мæйдар хъуызгæ æрæмбæрзта Ирыстоны хæхтæ. Æмæ уæхи хизут ахæм хуыдалынг æхсæвтæй! Уæ хæдзæртты бадут хъарм пецы цур, сугты къæрцц-къæрцмæ хъусгæйæ. Нанайы быд къуымбил цъындатæ скæнут уæ къæхтыл æмæ цайгæрдæджы хæрзад цай цымут. Гъе, уый уын мæ зæрдиагдæр фæдзæхст!

Мит урс пæлæзы  æрбатыхта æнкъард æмæ æдзæрæг хъæуысæр, фæлæ – кæсын, æмæ иунæг нæу. Ау, ацы адæймаг нæ фехъуыста мæ фæдзæхст?! Хъæуы астæу, фæзы, хъарм тыхтæй бады ацæргæ сылгоймаг. Кæд æнæхæдзар у?.. Фæлæ йæ фæлыст ууыл дзурæг нæу: йæ къæхтыл нымæтын бæрзондхъус дзабыртæ, йæ сæрыл тинтычъи кæлмæрзæн тыхт. Æдзынæг æм ныккастæн. Ох-хай! Цы кодтай, Æна? Цæмæн дæ афтæ æфхæрд?!

– Уый мæ мад у, – хъуысы мæм кæцæйдæр.

– Æмæ дæ мады ахæм уавæрмæ цæмæн æруагътай?! Фыр тæригъæдæй йæм бакæсæнтæ куы нæй!

– Æз ын нæ уыдтæн! Æз нæ дæн йе 'фхæрæг! – ныккуыдта Удгоймаг æмæ мæ размæ рахызт.

Цъæхтæ фыр надæй, тæригъæддаг, æрхæмттæ... Рагæй мард кæй у, уый йыл зыны, фæлæ Мæрдты бæстæм куыд нæ ары фæндаг?

«Мæ мады æз нæ ныууадздзынæн», – бакастæн ын йæ тар цæстыты. Æз дзы Иналы базыдтон, Иналы. О, фехъуыстон æй, фыдгæнджыты къухæй фæмард. Фæлæ… Куыд сраст кæнон йæ разы Адæймаджы ном?

Йæ мадыл Инал-Удгоймаг ныттыхсти, кæугæйæ. Уый фæхъус, цыдæр æнахуыр хъарм ын тавын райдыдта йæ рус, æмæ йæ былтæ бахудызмæл сты.

– Уый ам дæ рæстдзинадыл тох кæны. Иунæгæй рацыд уыцы хæсты быдырмæ æмæ нæ фæфæстæмæ кæндзæн! – хъуысы хъæлæс уæлæрвæй.

– Мæнæ мæ мад! Мæ мад... – сдзырда, йæ тугтæ сæрфгæйæ, Инал. – Ай мæ мад у! Уый мæ мæтæй фынæй нæ кодта! – богъбогъ систа мæгуыр Удгоймаг.

Мæхиуыл хæцын, хъусын иунæджы хъарæгмæ.

– Мæ саударæг мад! Хивæндæй нæ бакастæн дæ коммæ æмæ æнауæрдон ныхмæлæуд расидтæн хæрамгæнаг тыхтимæ – рæстад

царды знæгтимæ. Æмæ… Æмæ та æдзух фыдвæнд фыдгæндты 'рдæм фæцис æргомыздæхт, козбау уæлахиз. Фæлæ… Фæлæ бахъæц, мæ саударæг мад: æрцæудзæн, æнæмæнг ралæудзæн бæрæгбон рæстады уынджы дæр!

Æрбадтæн мады фарсмæ, мæ рухсæй ын атавон йæ буар. Бабыхс, Æна... Рæстдзинад гæртамхор нæу æмæ нæ уыдзæн. Сызгъæрин, налхъуыт- налмасæй дæр ын йæ зæрдæ нæ балхæндзынæ. Уый ирон лæгау нæ тагъд кæны йæ маст исыныл.

## ЦЪИНГУЫР

– Цы диссаджы дзыхæй дзурыс, – ныццымыдис чызг, – æгъдау æмæ 'фсарм куыд хорз зоныс! – загъта æмæ йæ мидбылты бахудт.

Лæппу ныдздзагъыр чызджы цæстытæм, сæ фæлмæн рухсæй йæ сонт сæр зылди: «Цыма раст зæрдæмæ кæсы. Мæ бон нæу иннæрдæм азилын, куыд мæ хизынц йæ цæстытæ иннæрдæм! Цытæ мыл цæуы? Мæ сæр æцæг зилы, æви? Йæ риумæ мæ куы нылхъивид, уæд мæнæй амондджындæр нæ уаид», – хъуыды кодта лæппу.

Сæ алыварс фæсивæд хъæлæба систой, æмæ та-иу чызг хаттæй-хатт йæ сæр лæппумæ бакъул кодта – хуыздæр æм хъуыса йæ ныхас.

Чызджы мидбылты худын æмæ йæ цæстыты арф æрттывд фæныфсджын кодтой лæппуйы:

– Цом, иннæ уатмæ бакæсæм, – зæгъы лæппу.

Чызг сыстад æмæ йæ разæй фæцæуы. Æрбадтысты сæрак диваныл, æмæ лæппуйы дзуринæгтæ фемæхстысты. Чызг æм сгарæгау каст. Лæппу хъазæн ныхæстæм рахызт æмæ куы чызджы къух æрсæрфы, куы та йыл цасдæр фæхæцы, йæ цæстытæм ын ныккæсы æмæ бандзыг вæйййы. Ныфсджынæй -ныфсджындæр кæны лæппу. Ацы чызг ын фестад иннætæй хуыздæр, рæсугъддæр, зонджындæр, æмбаргæдæр – æппæтдæр цыма...

«Мæхи у, æндæр никæй! Куыд лæмбынæг мæм хъусы. Куыд адджын бакаст ын ис. Йæ цæстытæ… Йæ цæстытæ куыд æнахуыр сты, цыма уымæл зæххы исты ныссадзынмæ хъавын, уыйау. Ныгъуылын сæ, фæлæ… Кæд, мыййаг, исты фыдбылыз сайы? – сдызæрдыг ыл и. – Нæ, цæй фыдбылыз? Йæ былтæ цы пух æмæ фæлмæн сты, хæрзаг адджын уаиккой. Афæлварын хъæуы, – йæ комыдæттæ тыххæйты аныхъуырдта. Кæлæнгæнæг у, цы у, уымæй. Æмæ...

Мидæмæ чидæр æрбахызт:

– Бахатыр кæнут. Нæ уæ бахъыгдардтон?

– Кæд дын исты паддзахадон сусæгдзинæдтæ нæ дзурæм, – загъта чызг æмæ та йæ фæлмæн цæстæнгас сæрæй къæхтæм æрхаста лæппуйыл.

– Бахатыр кæнут, фæлæ ацы уат бацæттæ кæнын хъæуы Ставд-Дуртæй уазджытæн, – худæнбылæй сын бамбарын кодта æрбацæуæг лæппу, чысыл сæхицæй хистæр.

– Иннæтæм акæсæм… – Чызг та йæ разæй фæцæуæг. Æддаг уатмæ бацыдысты. Чызг æдзынæг кæсы лæппумæ: «Цы кæндзæн дарддæр ацы сæрхъæн?» – йæ мидбылты йæм бахудт.

«Ныртæккæ йæ фендзынæ, сæрхъæн чи у, чи у нæуæндаг, уый! Чысыл ма мæ хъæуы æмæ уæд… Никуыдæм уал мын алидздзæн»,– хъуыды кæны номдзыд аланты байзæддаг. Йæхи йæм сындæггай баласта, чызджы къухыл æрхæцыд æмæ… Чызг фæцъыллинг ласта йæ дзæмбытæй æмæ, худгæ-худын, феддæдуар.

…Цы сты ныры лæпputæ, цы? Сæхиуыл хæцын нæ фæразынц. Хорз, мæнæй нæ фефсæрмы кодта, фæлæ, ау, фос дæ, дæхи куыд худинаг кæныс уыйæппæт адæмы 'хсæн? – чызг худт лæппуйы хиппæлой ныхæстыл: «Æз дард уынын, хинæйдзæгты дæр уынын æмæ хатын! Ха-ха! Сылгоймаджы лæмæгъ бынæттæ уынын».

Æндæр ма у! Кæд мын мæ хъæзт фæхатыдтæ, уæд дыл, кæй уыныс, уыдон бæхбадт фæкæнæнт! Бæхбадт!

Лæппу каст, чызг уынгмæ куыд апæррæст ласта, уымæ, æмæ, йæ сæр бауигъгæйæ, дисгæнæгау загъта:

– Цъингуыр…

# ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

## ФÆДЗÆХСТЫТÆ

Бæргæ, бæргæ, æмæ-иу уæд та ма нæ тæккæ рæзгæ бонты цардвæлтæрд хистæрты фæдзæхстытæ истæмæ куы дариккам, зонды хъæр нæм дзы-иу куы бахæццæ уаид! Уæд-иу цас фæсмойнаг хъуыддæгтæ æмæ ныхæстæй уаиккам ирвæзт æмæ хызт…

Йæ зæры кармæ чи аирвæзы царды æнæнымæц фыдфæлварæнтæй, уый кæддæриддæр уымæ фæтырны, уый свæййы йæ бæллиц, æмæ-иу фæсивæд сæхиуыл уыцы рæдыдтæ куынæ 'руадзиккой, ууыл цытæ 'рцыд, зæрдæ æмæ йын йæ цардхал цы уыд, уыдон.

Ууыл хъуыдыгæнгæйæ уыдысты нæ фыдæлтæ дæр хъомылгæнджытæ, уый охыл ныууагътой амæй-ай ахсджиагдæр ныстуантæ æмæ фæдзæхстытæ сæ фæстагæттæн, сæ тъымы-тъымамæ сын бæззонтæ – цард цыфæнды хуызы куы ива, уæддæр.

Уæддæр уарзт уыдзæн уарзт, маст уыдзæн маст, адæмæн сæ кæрæдзимæ ахастытæй гуыргæ.

Уыйбæрц сты Гуытъиаты Хъазыбеджы æрæмбырдгонд фæдзæхстытæ, æмæ уал сын абон сæ иу хай – æрмæстдæр æмæ айдагъдæр сæ чысыл хай – уæ зæрдыл лæууын кæнæм, ныронг дæр ма сæ чи фехъуыста, уыдонæн. Фыццаг хатт сæ чи кæсдзæн, уымæн та-иу йæ цардвæндаджы æвæсмон уавæртæн ахъаз фæуæнт…

*Хъæрæй зарæгæн сабырæй хъырнын хъæуы.*

Афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ, цыма, цъиувæдис цыфæнды уавæры дæр кæй нæ фидауы хиуылхæст ирон лæгæн, ууыл дзурæг у ацы фæдзæхст.

Æргом ныхасы къæм нæй, зæгъгæ, уымæн баззадаид зонд амонынæн. Æмæ дыуузæ лæджы 'хсæн хæлардзинад куы уа, кæрæдзийæн зæрдæбынæй аргъ кæнгæйæ, уæд:

*Æргом ныхас хæлардзинад нæ халы.*

Иу адæмыхатт дæр иннæтæй æдылыдæр, кæнæ зондджындæр нæу,

кæд царды алыхуызон æууæлтæ æмæ фадæтты фæхъомыл кæнынц, уæддæр. Уыйадыл сæм равзæры кæнæ бынтон халæмдих æмбисæндтæ, кæнæ та бындурæй сæ хъуыдытæй æнгæсæнтæ. Алчи уæ йæхæдæг æрымысдзæн ацы ныстуаны æмбæлттæ:

*Чи дæ, уый мын ма дзур – цы сарæзтай, уый мын зæгъ.*

О, о, лæгæн йе 'взагæй фыддæр знаг нæй, æмæ уæдæ уымæн баззад ныстуан, дæ дзыхыл хæц, дæ ныхас-дзырдæн уаг зон, зæгъгæ. Уæвгæ та, уырыс куыд фæзæгъынц, молчание – золото, уый цыма бынтон раст нæу: искæй сæрыл рæстадырдæм дæ хъæлæс куы бахъæуа, уæд сæ хæрзтæй нæ уыдзæн хъуыддаг, афойнадыл, йæ цæфыл дæ ныхас куынæ баппарай, куы фæтæрсай иставæр æфхæрдæй, уæд. Фæлæ та, дам, уæддæр æмæ уæддæр:

*Цæст цы уына, хъус цы хъуса, уыдон се 'ппæт дзуринаг не сты.*

Стæй, дам:

*Хъуыддаг раздæр сбæлвырд кæн, стæй уый фæстæ дзур.*

Ноджы ма афтæ дæр:

*Дæ ныхас баууил æмæ йæ афтæмæй зæгъ; æнхъæлæй ма дзур.*

Сæ метафорæтæ дæр æмбисонды аив сты, ывджын, сурæтджын, дæрдтыл ахадгæ, æнхъæвзгæ:

*Алы ран дæ хор ма тау.*

*Алы дымгæмæ дæ хор ма дар.*

Кæннод лæг мæнæ рагон кæйдæрау дæр фидиссаг кæны: уый æмæ, дам, уый алы гæрзтæхсæгмæ дæр йæ кæрц æппæрста, ай дæр ма ныхс, зæгъгæ.

(Чысыл иварс фæзилон æмæ ногæй-ногмæ ныддис кæнон дзырд «дарын»-ы гæнæнтыл: *дымгæмæ дарын; хæс, æнгуырæй, ком дарын, дзыппы, уынджы къæйыл дарын, Хуыцауæй иу мæлæт, хæдзар дуар-гомæй,* науæд *æхгæдæй дарын* æмæ а. д.)

Ам та Библийы фæдзæхст зæлы иронау, ома, *не судите и не судимы будете:*

*Кæд дæ адæмимæ цæрын фæнды, уæд макæй кой кæн;*

*Макæй кой кæн æмæ дæ кой ничи кæндзæн.*

Стыр нывгæнæг-дзырдарæхстæй сирвæзтаид ацы алæмæттаг фæлгонцгонд фæдзæхст дæр:

*Цъар ныхас ма кæн!*

Æвæццæгæн, дыууæрдæм æмбаргæ, дывæлдах ныхас нæ фæтчы. Æви?.. Мæнæ мæм ацы метафорон ныстуаны мидис дæр райхалинаг кæсы, рæстмæ бамбаринаг:

*Судзины фындзæй зæрдæ скъах, судзины бынæй зæрдæ балхæн; Судзинæй зæрдæ скъахта, судзинæй зæрдæ ссардта.*

Ирон лæгæн, дам, дзырд, ногъайæн – дамгъæ. Стæй, дам, лæг йæ дзырдæй лæг у, цас хицау у йæ дзырдæн, уымæй. Сæудæджергæнæг, дам, йæ вексылтæй афтæ æууæнкджын нæ уыд, дзырды фидарæй-иу цас скодта йæхицæн æууæнчы аккаджы ном.

Гъемæ, уæдæ, уый алчидæр зонæд:

*Йæ дзырд дзырд кæмæн нæу, ахæм лæгæй дардмæ лидз.*

Æмæ, дам, дæ ард куы нæ сайай, куы никуы йæ сафай, уæд дæ дзыллæ схондзысты:

*Лæг дæ: дзыхы фидар æмæ тыхы хъæбæр!*

ЕГАР

# ÆМБИСОНДЫ ХАБÆРТТÆ

## ИУ МА ДЗЫ КУЫ АНУАЗИН...

Иу лæг Даргъ Къохы уынгты расыгæй саргъы бæхыл сцæйуади. Æфсæнвæндаджы станцæмæ куы схæццæ, уæд йæ бæх вагоныл абаста, йæхæдæг буфеты смидæг, цудтытæгæнгæ.

Цалынмæ арахъхъ нуæзта, уалынмæ поезд араст æмæ саргъы бæхы йæ фæдыл аласта.

Лæг йæ сæр, йæ фат нал æмбæрста, афтæмæй рацыдис, йæ бæх кæм ныууагъта, уым æрлæууыд æмæ ракæс-бакæс кæны. Уæд æй иу зæронд ус фæрсы:

– Цы агурыс, хорз лæг?

– Диссаг? – загъта расыг лæг, – тæккæ ацы ран мæ бæх иу хæдзары фарсмæ абастон, æмæ сæ дыууæ дæр фæдæлдзæх сты!..

## САНИБАЙАГ САРМАДЗАН

Раджы кæддæр джызæйлæгтæ æмæ санибайаг лæппутæ Джызæлы хъæуысæр фæхыл сты. Джызæйлæгтæ фылдæр уыдысты æмæ санибайæгты æрдæрæн кодтой. Санибайæгтæ Джызæлдонæй куы фæфале сты, уæд, сæ маст куыдæй райсой, ууыл сагъæсыл фесты. Уæд сын Мыхци афтæ:

– Æз зонын. Сармадзанæй сæ уæлбылæй фехсæм.

– Æмæ нын сармадзан кæм ис? – фæрсы Хъылци.

– Нæхæдæг саразæм. Æхсгæ куыд кæны, уый æз Уырысы æфсады федтон.

Лæппутæ Хъылциийæ фæстæмæ Мыхциийы фæндон ницæмæ æрдардтой. Фæлæ ацы дыууæ сæ удтæй арт уагътой. Æхсæвы Хъылци сæ уæрдон кæртæй ратылдта, Мыхци йыл йæ хъуылæг сæвæрдта æмæ сæ ных сарæзтой хъæуы кæрон уæлбылы уæлвонг ранмæ. Ам, рындзыл, æрфидæрттæ кодтой уæрдон, хъуылæджы, топпыхосæй сæ къухы цы бафтыд, уый æрнадтой. Бызгъуыртæй йæ æрæмбæрзтой, æфсæйнаг сыбантъытæ йыл ныккалдтой. Стæй хъуылæджы дзых Джызæлы 'рдæм сæвæрдтой, æмæ, джызæйлæгтæм æртхъирæнгæнгæ, Мыхци топпыхосыл арт бандзæрста.

Топпыхосыл зынг схæцыд, æмæ хъуылæг тæгæлтæ фæхауд, уæдæ цы уыдаид. Лæппуты срæмыгъды уылæн фæйнæрдæм фæхаста, фæцæфтæ,

фæкъуырма сæ кодта. Уæрдоны дзыгъал-мыгъул та дæлбыл ссыд.

Иудзæвгар рæстæджы фæстæ лæпптутæ æрчъицыдтой, æмæ Хъылци, уæлгоммæ хуысгæйæ, хъæр кæны:

– Мыхци, цы фæдæ? Кæм дæ?

– Ам бæргæ дæн, фæлæ мæ цонджы рыстæй фæмæлын.

– Мæнæн та цыма мæ къах мæ уæлæ нал ис.

– Ам уыйбæрц фыдбылызтæ чи скодта, уый уагæры Джызæлы, кæдæм æхстам, уым цавæр бæллæхтæ æрцыд, – йæхицæй разыйæ балхынцъ кодта Мыхци.

## ЦАЛЫНМÆ КАРК ФЫЦА...

Иу хæдзармæ уазæг æрбацыд, æмæ йæ æлгъин æфсин æфсоны фарст кæны:

– Хъайла дын акæнон, æви карк аргæвдын кæнон?

– Цалынмæ карк фыца, уæдмæ хъайла акæн, – уыд æнæфсарм уазæджы дзуапп.

## ÆРТÆ ТÆРИГЪÆДЫ ДÆР РАКОДТА

Раджы хæйрæг æмæ лæг лымæнтæ скодтой. Иубон хæйрæг лæгæн афтæ загъта:

– Кæд мæ хæлар дæ, уæд дын æртæ дзырды зæгъдзынæн, æмæ дын дзы иу æнæ бакæнгæ нæй.

– Зæгъ, – лæг ын загъта, – цæттæ дæн.

Хæйрæг афтæ загъта:

– Йе дæ мады æмæ дæ фыды фæнæм, йе лæг амар, йе арахъхъ бануаз.

Лæг ахъуыды кодта æмæ афтæ загъта:

– Мад æмæ фыды фæнæмын стыр тæригъæд у, лæг амарын дæр – афтæ, фæлæ арахъхъ бануазын цы хъыгдары?

Райста æмæ арахъхъ бануæзта æмæ æртæ тæригъæды дæр ракодта: расыгæй йæ мад æмæ фыды фæнадта, лæг дæр амардта æмæ арахъхъ дæр бынуæзта.

## ХОРЗ УС – ЛÆГГÆНÆГ

Кад æмæ радимæ, намыс æмæ фарнимæ цард æмæ уыд иу зæронд лæг. Сых, хъæу æмæ йæ æнæхъæн ком цы вазыгджын хъуыддаджы нæ агуырдтой, ахæм нæ уыд. Иу дзырдæй, уыд комы лæг. Фæлæ хъысмæт ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ йæ цардæмбал, йæ цоты ныййарæг, йæ къæбæргæнæг амард. Æгъдауимæ йæ бавæрдта, æгас комбæстæ дæр дзы лæггадгæнæг уыдысты.

Рацыд рæстæг. Зæронд дыккаг ус æрхаста. Æмæ иумæ цæрынтæ систой. Гъе, фæлæ лæг ферох комбæстæй, хъæубæстæй, сыхæй. Ничиуал æй фарста зондæй, æгъдауæй.

Уымæн æмæ йæ дыккаг ус разынд фыдсыл, æнæуаг æмæ йын йæ кад, йæ намыс дымгæмæ ныддардта. Хорз ус лæггæнæг у, фæзæгъынц, æвзæр ус та – æгадгæнæг.

## УАЗÆДЖЫ ХАЙ

Цард иу лæг. Йæ уазæгуарзон фыдæй йын бирæ исбон баззади. Хъуаг ницæмæй уыд хæдзар, фыды рагон хæлæрттæ дæр æм арæх æфтыдысты уазæгуаты.

Лæгæн йæ цард куы сбæзджын хъæздыг цардæй, уæд иухатт ныхъхъуыды кодта: «Ныр мын ацы уазджытæ цы сты, мæ хæдзар мын куы бахордтой!»

Ацыдис, хъæубæсты растдæр цы зæронд лæджы хуыдтой, уымæ æмæ йын дзуры:

– Цы фæллой мæм ис, уымæй цæрын дзæбæх, фæлæ мын мæ уазæджы хай мæ хæдзар бахордта. Курын дæ, цæмæй мæм уазæг мауал цæуа, уымæн мын исты хос скæн: бирæ федтай царды, æмбаргæ лæг дæ!

Ахъуыды кодта зæронд лæг, стæй загъта:

– Хорз! Ацу дæ хæдзармæ æмæ райсом хур скæсыны афон дæ хъуыдыйы дар: куы сдара йæ цæст, уæд æм раздах де 'ргом, скув-иу, Хуыцау, мæ уазæджы хай мын айс, зæгъгæ. Дæхæдæг-иу хуры 'рдæм топп фехс, – æвдисæн кæнын мæ уазæгыл ардыгæй фæстæмæ, зæгъгæ.

Лæг рацыди уырдыгæй æмæ сæххæст кодта зæронд лæджы ныхас.

Цæры дарддæр лæг, уазæг æм нал æфты æппын, фæлæ мæгуырæй-мæгуырдæр кæны... Йæ хæдзармæ фæндаг схæмпæл.

Хъынцъым кодта лæг, фæцыд та зæрондмæ æмæ йын дзуры:

– Арæби, фыццаг-иу мæм уазæг арæх цыдис, æмæ хъæздыгæй-хъæздыгдæр куы кодтон, уæд мæм ныр уазæг дæр куынæуал цæуы, афтæмæй мæгуырмæ куы 'рцыдтæн, уæд уый цы диссаг у?

Зæронд лæгæн йæ цæсгом срухс, фæлмæн бахудти:

– Уæдæ уый нæ зыдтай – хæдзары цал уазæджы уа, уалæй дзы фарн баззайы?.. Цу, æмæ изæрæй хур ныгуылын афон де 'ргом ратт хурмæ, – Хуыцау, мæ уазæджы хай мын раздах фæстæмæ, зæгъгæ, æмæ та фехс топп.

Лæг бакодта афтæ. Цæуын та йæм райдыдтой уазджытæ, æмæ та йæ исбон фылдæрæй-фылдæр кодта, æмæ фыццагæй ноджы фæбонджындæр.

## МÆ РАЗÆЙ КÆЦÆЙ ФÆДÆ?!.

Тембол рагæй-æрæгмæ дæр цæрæг адæмтимæ нымады никуы уыд. Майдыма, искуы исчи рæдигæ фæкодтаид æмæ йæ бонджынты æмнымад бакодтаид!

Фæлæ нæ уыд бынтон мæгуыртæй дæр: кæддæриддæр æм уыд махсымæ æмæ уырыссагæй, иронæй, тæтæйрагæй – иуы дæр йæ дуæртты цæуын нæ ауагътаид, ныххæцыд-иу ыл:

– Рацу æмæ махсымæ бануаз!

Йæ нартхоры кæрдзынæй дæр никуы схъуаг, фæлæ дзы æгæр стыхстис.

Иурайсом балцы куыд цыд Бирæгъзæнгмæ, афтæ, æххормагæй цæуы нæ лæг, зæгъгæ йын йæ ус къонайыл авæрдта кæрдзыны æрдæг, фæлæ йæм æвналгæ дæр не 'ркодта Тембол, – араст уыцы хуызæнæй.

Йæ фысымтæн æй цы зонын хъуыд, уазæг æххормаг у! Æртысгæн арты ацавта æфсин, къуымæл ын ахъарм кæнон, зæгъгæ, иу кæрдзыны гуыдын та уал ын къонайыл йæ разы авæрдта.

Исдугмæ Тембол кæрдзынæй йæ бырынкъ акъуырдта, стæй йын йæ æнгуылдз йæ тигъмæ æрхаста:

– Гъе, дæ бинонтæ амæлой, ныртæккæ дæ нæхимæ къонайыл куы фæуагътон, уæд та ардæм мæ разæй кæцæй фæдæ?!.

## СЫМАХ ТА МА ЦЫ КУСУТ?

Иу æрыгон поэт газеты редактормæ бацыд æмæ йын йæ хъæстытæ кæны:

– Æмдзæвгæтæ фыссын, фæлæ сæ мыхуыры нæ уадзут, нæ зонын, цы хъаймæт у, – æмæ балæвæрдта дæргъвæтин æмдзæвгæ.

– Акæсут-ма йæ.

Ацы автормæ сдзырд кæй нæй, бацамонын æм хардзау кæй кæсы, уый хорз зыдта редактор, æмæ, кæд йе 'мдзæвгæ æвзæр уыд, уæддæр, цæмæй йæ ма бафхæра, уый тыххæй йын загъта:

– Дзæбæх æмдзæвгæ ныффыстай, мæ хæлар, фæлæ йæ рæнхъытæ нæ газеты фæрстыл нæ бацæудзысты.

– Æмæ сæ фæцыбыртæ кæнут, – загъта æрыгон поэт, – уæдæ ма сымах та хуыздæр цы кусут?

*ЦГЪОЙТЫ Хазби,*
*чиныг «Ирон æмбисонды хабæрттæ»-йæ*

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

(1960)

*Гæбæраты Къостайы фырт Юри райгуырд 1960 азы 27 мартъийы Хуссар Ирыстоны Залдайы хъæуы. 1983 азы каст фæцис Тыбылты Алыксандры номыл Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты филологийы факультет. Сфæлдыстадон куыст кæны æстайæм азтæй фæстæмæ. Йæ радзырдтæ æмæ уацаутæ мыхуыры цыдысты газеттæ æмæ журналты, фысджыты иумæйаг æмбырдгæндты. У цалдæр чиныджы автор. Куыста Хетæгкаты Костайы номыл паддзахадон драмон театры музыкалон зæлынады режиссерæй, журнал «Фидиуæг»-ы прозæйы хайады редакторæй. Уыд Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламенты дыууæ хатты депутат.*

*1999 азæй абоны онг у газет «Хурзæрин»-ы сæйраг редактор.*

*2014 азæй 2019 азмæ уыд Республикæйы Парламенты Национ политикæ, ахуырад, наукæ, культурæ, дин æмæ информацион фæрæзты фæдыл Комитеты Сæрдар.*

*У Хуссар Ирыстоны Фысджыты, Журналистты æмæ Нывгæнджыты цæдисты уæнг, стæй «Республикæ Хуссар Ирыстоны культурæйы сгуыхт архайæг» æмæ «Республикæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист».*

*Йæ чингуытæ «Урс кувæндон», «Ирис», «Публицистикæ» уæрæх фæндаг ссардтой чиныгкæсджыты зæрдæтæм.*

*Юри ма у курдиатджын нывгæнæг дæр. Йæ хъæдæрмæгæй конд диссаджы куыстытæ сты дунейы алы бæстæты.Сæ хуызджын къамты æмбырдгæндтæ дыууæ хатты рацыдысты, «Резьба по дереву», зæгъгæ, ахæм номимæ.*

*Гæбæраты Юри хорзæхджынгонд у Хуссар Ирыстоны паддзахадон хæрзиуджытæ, майдантæ æмæ Хæлардзинады орденæй.*

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# УРС КУВÆНДОН

*Радзырд*

Духи уыд чысыл æмæ тæнтъихæг лæг, фæлæ дзырд ныртæккæ йæ асыл нæ цæудзæн, нæ дарддæры зæгъинæгты хæдразмæ уал хъуамæ нæ зæрдыл бадарæм иу хабар: уыцы чысыл æмæ тæнтъихæг лæг уыд хуыцауыкъахæргæвдæг. Афтæ дзы нæ зæгъдзыстæм, иунæгæй Хъарсы фидар басаста, кæнæ Батрадзау æнæдон быдыры уæларвон зæдтимæ æнæмсæр тох расидт, фæлæ... Йæ хъуыддæгтæ æмæ йæ митæ хæрзæбонхæссæг уыдысты, зæгъгæ, уæд йæ ном зæххон адæмы 'хсæн бæргæ ныххъхъæр уыдаид, æрдхæрæйнаджы гуырд æй бæргæ рахоникком,фæлæ æрдхæрæйнаг фæцис æрмæстдæр йæ фыдбылызы хъуыддæгтæй, æмæ йæ уымæ гæсгæ схондзыстæм хуымæтæджы, нæ æрдхæрæйнаджы къæрных...

Нæ цæст ма ахæссæм Чысангомæй Хъорнисгоммæ, Дзауыкомæй Къуыдаргоммæ, Цъалагомæй Тырсыгоммæ – кæуылты дардыл бæстæ у! Æмæ ма æрнымайæм, уыцы дардыл бæстæ цал сых, цал хъæу æмæ цал комæй бæстæ у... Уым, кæй зæгъын æй хъæуы, диссагæй ницы ис – дуне афтæ стыр у, æмæ йыл хур дæр не 'ххæссы... Диссаг иу хабар у: уыцы кæмтты иу сых, иу хъæу дæр ахæм нал баззад, Духи гал кæнæ бæх цы хъæуæй нæ радавта, давæггаг гал кæнæ бæх кæм не 'рбауæй кодта. Йæ лæджы кары бацæуынæй йæ фынддæс æмæ дыууиссæдзæм азы кармæ цы галтæ æмæ бæхтæ фæдавта, уыдон бауыдаикко цалдæр рæгъауы – ахæм стыр рæгъæуттæ, æмæ сæ, зæгъгæ, Нарты æртæ сыхыл байуæрстæуыд, уæд нæртон адæмы афæдзæй-афæдзмæ налдæр цуаны цæуын бахъуыдаид, налдæр – стæры...

Æмæ дзы искуы исты раргом æнхъæлут? Куыннæ стæй!

Хъæубæстæ куывды фынгыл бадтаикко, афтæмæй сын сæ бæхтæ атардтаид, æмæ бындзыты сæфт фæкодтаикко – астæумæ миты дæр сæ фæд нал разындаид; бинонтæ къонайы артмæ сæхи тавтаикко, сæ куыйтæ скъæты бахизæны хуыссыдаикко, афтæмæй сын сæ галтæ раскъæрдтаид, æмæ куыдзы рæйын, фæдисы хъæр нæ, фæлæ хуырыл галты сæфтæджыты уынæр дæр нæ райхъуыстаид; уыцы хъунцъы хуызæн дæлæмæдзыд лæг къæдзæхыйас галы иунæгæй æрбырстаид, афтæ йæ сæргæвстаид, æмæ гал йæ къах дæр нал батылдтаид.

Ӕмæ йæм искуы (уæд та иунæг хатт) искæй зæрдæ къæрныхæй фехсайдта, æнхъæлут? Куыннæ стæй!

Ахæм хуыцауыкъахæргæвдæг уыд, гъе, чысыл æмæ тæнтъихæг Духи!

Тас цы у, уый никуы банкъардта, йæ фæсонæрхæджы дæр никуы 'рцыд йæхицæн, æрмæстдæр йæхицæн, æгъгъæд мын у ныр, зæгъгæ, зæгъын...

Никуы загъта йæхицæн афтæ, никуы ницæмæй...

Никуы ницæмæй фæтарст, зæгъгæ, уый нæ ныр нал бауырндзæн, фæлæ фæтарст, фæтарст иунæг хатт, иунæг æмæ фæстаг хатт, фæтарст ахæм тарстæй, йæ цæрæнбонты тæригъæдтæ йын йæхи дзыхæй хурмæ чи ракалын кодта, æгъгъæд мын у, зæгъгæ йын чи зæгъын кодта.

Иу дзырдæй, уыцы иунæг хатты бавзаргæ тас ын йæ къух сисын кодта æппæтыл дæр.

* * *

Ӕрæгвæззæджы хуры тынтæ арвы бæрзондæй сæхи ивæзтой кæрдоджын хъæды æрдузмæ æмæ æдых тавдæй тавтой æрдузы кæрон бадæг Духийы мæллæг уæнгтæ. Ӕрдузы хурмæсыгъд кæрдæгыл хызтысты хъæуы хъомтæ, Духийæн йæхи хъæуы нæ, æндæр комбæсты, æнæзонгæ хъæубæсты хъомтæ.

Духи сæ æрмæстдæр бæрæггæнæг уыд, йæ ахуырмæ гæсгæ...

Афтæ уыд йæ ахуыр: хъуамæ искæцы хъæуы фосмæ фæзына – хъæумæ нæ, хизæнуатмæ – бонрæфты сæ дзæбæх æрбæрджытæ кæна, йæ цæст дзы кæуыл æрæвæра, уый... сæрвæтæй, комкоммæ сæрвæтæй адавын сæрхъæндзинад у – кæмтты хъæддзаутæ, цуанæттæ æмæ æндæр ахæм цоппайгæнджытæй боныгон æнæ амбæлгæ никæуыл фæуыдзынæ, фæлæ æхсæвы...

Хуыцауыкъахæргæвдæг Духи бакæны афтæ: йæ цæст цы галыл æрæвæры, уый бæстон æрбæрджытæ кæны, кæд æм йæ зæрдæ бахъазы, уæд банхъæлмæ кæсы изæрмæ, хъомвос сæхи хъæуы 'рдæм куы айсынц, уæд уый дæр фæзыны æнæзонгæ хъæумæ бæх æлхæныны æфсон, цæмæй æхсæвы гал куы фесæфа, уæд бонæй афтæ мачи зæгъа, алæ-ма, знон гал чи æлхæдта, уыцы лæгыл æрхæцæм, зæгъгæ. Кæд йæ цæст хорз мыггаджы бæхыл æрхæцы, уæд та йæхи скæны гал æлхæнæг, æмæ афтæ дарддæр... Гъемæ, уæдæ афтæ: изæрмилты Духи фæзыны хъæумæ (цы 'фсон, уый базыдтам), сбæрæг кæны, йæ амæттаг кæцы скъæтмæ бацæуы, уый, стæй...

О, фæлæ ацы хатт...

Ærægвæззæджы хур ныгуылæнырдæм йæхи ивæзта, йе 'ндæвд æдыхæй-æдыхдæр кодта, уæддæр ма Духи бадти æрдузы кæрон, æмæ, æнæзонгæ хъæуы хъомвосмæ кæсгæйæ, йæ зæрдæмæ лæдæрст æбæрæг хъынцъым.

«Мардæн уæ ныргæвстæуæд, кæд уæ куыдгæлхæрддæрæй æвзаргæ нæ рачынди... – Йæ уды хъынцъым хъуымызахст ныццис йæ риуы, æмæ архайдта мæсты хъуыдытæй уыцы удæвдæрзæг хъынцъым асурыныл. – Мардæн уæ ныргæвстæуæд, кæд сæрддон-сæрддæргъы айнæджы гæмæхтыл баст нæ уыдыстут...»

Галтæй чи фыдзæронд уыд, чи – фыдмæллæг, фыр мæллæгæй сæ фæрсчытæ хъугомы ауæдзтау зындысты, æмæ Духи та хорз æмбæрста, ахæм фос давын æнæпайда кæй у. Мæллæг, кæнæ зæронд галы нæдæр æргæвдгæ акæндзынæ, нæдæр – уæй. Æмæ ма лæг йæ рæстæг та...

Хорз æмбæрста æппæт уыдæттæ Духи, æмæ мæсты кодта амæйай гæлхæрддæр галты хицæуттæм. Мæсты нæ, фæлæ цыма йæ разы хæсджын уыдысты, кæнæ стыр зылынджын, уыйау сын йæхинымæры алывыд калдта:

«Уæ хуыздæрты мæрдтæн сæ ныргæвдут, куыйтæ!»

Зæхмæ мæсты ту акодта æмæ гъа, ныр сыста, афтæ хъæдæй æрдузмæ рахызт, фыр нæрдæй тъæпп хауы, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм егъæуттæгонд урс-урсид гал. Гал æрлæууыд æмæ йæ сæрыл схæцыд сагау, уыцы бæрзæндты акæстытæ кодта фæйнæрдæм, стæй йæ сæр батылдта, æмæ хуры фæстаг тынтæм дзæнхъарттывд фæкодтой йæ цыбыр, фæлæ ставд сыкъатæ.

Духийæн йæ гыццыл цæстытæ ахъоппæг сты, йæ мæллæг уадулты нуæрттæ стæлфыдысты, дзых хæлиуæй баззад... Нард æмæ рæсугъд галтæ та куыннæ федта, фæлæ ахæм... О, фæлæ ма уый та цы нысан кæны?..

Духийæн йæ зæрдæ фæсæххæтт ласта, æмæ уыцы лыстæджыты ныккаст галмæ: галы ставд бæрзæйыл æфтыд уыд сырх- сырхид бæттæн.

«Нывонд гал у! Æнæмæнг нывонд гал у ...» – уынæргъæгау скодта йæ хъуыды, æмæ йæ цæстытæ фæстæмæ æрбагыццылтæ сты.

Гал æм ракаст, дызæрдыггæнгæ, йæ хъоппæг цæстытæ йæм ныццавта, фæлæ уыцы цæстытæй кæд калд æнахуыр хъарм, уыцы хъарм йе уæнгты ахъардта Духийæн, æмæ йе уæнгтæ æхцон рызт бакодтой. Стæй та гал йæ сæр банкъуыста æмæ уыцы сæрыстырæй, йæ сæр бæрзæндты хæсгæ, араст, уæдмæ æрдузы дæллаг кæрон хъæды чи баивгъуыдта, уыцы фосы фæдыл…

«Нæ, цы зæд-цы бардуагæн нывонд у, уый мæ мыггагыскъуыд куы фæкæна, уæддæр... Духи амæлæд, дæлæ уыцы сыкъатыл йæ синаг бæндæн куы нæ абæтта!» – галы фæдыл кæсгæйæ, цины змæлд бакодтой Духийы хъуыдытæ, æмæ цæрдæг фестад. Фестад æмæ кæрдоджын хъæды аныгъуылд.

«Ацы галы рæсугъд сыкъатыл дæ бæндæн куы нæ бафтауай, уæд уыцы бæндæнæй ауыгъд æрцу, мæнæй уый!» – хъæдмæ куы бахызт, уæд ма, къахвæндагыл цæугæйæ дæр, зарæгау кодта йæ цинæвдылд хъуыды, æмæ уыцы цин æвдулæнты рæвдыдæй нал æмæ нал æфсæст.

* * *

Йæ ахуырмæ гæсгæ æнæзонгæ хъæумæ бæргæ ныццыд, йæ уды мондæгтæ кæуыл батадысты, уыцы урс-урсид гал цы скъæты баст æрцыд, уый бæргæ сбæрæг кодта, фæсахсæвæртæм æнхъæлмæ кæсгæйæ, хъæды дзыхы райгæ зæрдæйæ бæргæ æрбадт æмæ, дарддæр цытæ æрцæудзæн, уымæ парахат зæрдæйæ бæргæ æнхъæлмæ каст æмæ сæ йæ парахат зæрдæйы бæргæ рæвдыдта, фæлæ...

Йæ уды мондæггæ æмæ йе 'нæнцой хъуыдытæй йе уæнгтæ афтæ æрлæмæгъ сты, æмæ, хус фæсалыл бадгæйæ, рæдзæ-мæдзæ кæнын райдыдта. Цы бæласы бын бадт, уыцы бæласы бындзæфхады æнцой куыд афынæй, уый зонгæ дæр нæ бакодта.

Бафынæй, æмæ уыдта æнахуыр фын.

Цыма изæрмилты хъæумæ (сæхи хъæумæ) фæцæйцыд уæлмæрды цурты, уæлмæрдæй йæм фехъуыст кæйдæр хъæлæс, уыцы хъæлæс æм кæд сидт йæ номæй, æмæ Духи æрлæууыд.

– Ардæм-ма рацу, лæппу! – сидтис æм уыцы хъæлæс. Духимæ зонгæ хъæлæсы хуызæн фæкаст, фæлæ йæ зæрдæ фæкъæпп кодта цæмæдæр, æмæ йе уæнгтæ адон сты: уыцы хъæлæсæй цæмæн хъуысы тасæфтауæг зæл, цæмæн дзы ракалд æнахуыр уазал ихæн?.. Науæд æм цы бар дары, цæмæн æм сиды афтæ барджынæй?..

– Дæумæ куы дзурын, лæппу, æввахс мæм цæуылнæ рацæуыс?! – Сидтис æм уыцы хъæлæс, æмæ йæ ныр Духи базыдта: йæ фыды хъæлæс.

Фезмæлыд йæ бынатæй æмæ йæ къæхтæ йæ фæдыл ласæгау акодта йæ фыды ингæны 'рдæм. Æрлæууыд йæ фыды ингæны уæлхъус æмæ коммæгæс сабиау ризгæ хъæлæсæй сдзырдта:

– Цы мæ кæныс, баба?

– Ха-ха-ха! – арф уæрмæй хъуысæгау æм фехъуыст кæйдæр тызмæг худт. – Æз дæм дзырдтон, æз, дæ фыды хъæлæсæй дæм æз фæдзырдтон, цæмæй дæ мæхимæ æрбасайдтаин. Дæ амонд у, æмæ хивæнд митыл не схæцыдтæ. Ныр мæм æрбайхъус...

– Æмæ ды чи дæ?! – ихæнрызт кодтой Духийы уæнгтæ. – Чи дæ, æмæ мæм цы бар дарыс?!.

Уыцы хъæлæс æм йæ фыды ингæнæй кæй нæ хъуыст, фæлæ иуварсæй, уый бамбæрста, æмæ йæ цæстæнгас ахаста йæ фыды ингæны алыварс. Йæ фыды ингæнæй чысыл дæрддзæфдæр уыд... ногкъахт ингæн. Духи æвæндонæй бацыд уыцы ингæны цурмæ, æмæ ныккаст ингæны уымæл арфмæ.

– Хъусыс мæм?

Ныр бæстонæй бамбæрста, уыцы хъæлæс æм кæй хъуыст ногкъахт ингæнæй.

– Хъусын дæм, фæлæ ды чи дæ, цæмæн мын хъазыс мæ удæй?! – ныббогъ кæнынмæ бирæ нал бахъуыд Духийы.

– Æз? Æз ничи, хуымæтæджы дуаргæс.

– Дуаргæс?..

– О, дуаргæс, æндæр ницы.

– О, æмæ кæд дуаргæс йеддæмæ ницы дæ, уæд дæ мæнæй цы хъæуы, мæнæй? – йæ сурхид калдис Духийæн.

– Хынцфарст ма кæн! – мæсты хъæр ыл фæкодта уыцы хъæлæс. – Æз æхсæвæй-бонæй лæууын, мæрдты бæстæм фæндагыл цы æнусон кулдуар ис, уый къæсæрыл, æмæ не 'нусон бæстæм чи æрцæуы, уыдонæн байгом кæнын мæнæ ацы æфсæн кулдуар, стæй та йæ сæхгæнын. О, цæмæ дæм фæдзырдтон... Барастыр мын бахæс кодта, цæмæй, ауылты куы рацæйцæуай, уæд дæм фæдзурон æмæ дын де 'нусон бæстæм фæндаг бацамонон, дæ бынат кæм уыдзæн, уый дын фенын кæнон... Гъе уымæй уæлдай мæ мацæмæйуал бафæрс. Куы дын загътон, æз ничи дæн, æрмæстдæр хуымæтæджы дуаргæс, æмæ мæ хæстæй уæлдай æз дæр æндæр ницы зонын ацы бæсты хабæрттæн.

– Мæ бынат?!. – ногкъахт сыджытыл дæлгоммæ ныффæлдæхт Духи æмæ ныдздзынæзта. – О, фæлæ æз удæгас куы дæн, уæд мын цæрдудæй ингæн чи скъахта?!

– Хынцфарст ма кæн дын куы загътон! – мæсты кæнын та райдыдта уыцы хъæлæс. – Æз дæ, мæ хæс цы у, уымæй уæлдай ницы домын. Ныр мæ хицауимæ уæхæдæг фидаут, – арф кæцæйдæр ма райхъуыст

уыцы хъæлæс æмæ дард кæмдæр бамыр. Иугæр... Йæ уд ын æрдуйы нарæгæн чи скодта, уыцы хъæлæс дард кæмдæр бамыр, уæд иучысыл фæрогдæр Духийы зæрдæйы тас, айхæлд йе уæнгты тасæндзыг, æмæ фестад. Фестад æмæ лидзæгау акодта уыцы æнæхайыры ингæны цурæй, фæлæ уæлмæрды кæрон йæ размæ фæцис... урс-урсид гал, ноггуырд родау уыцы рогæй схъылдымтæ кодта йæ разы, стæй йæм йæ сыкъатæй февзыста æмæ йæ айста йæ разæй. Сургæ йæ ногкъахт ингæны 'рдæм кæй кодта, уый бамбæрста Духи æмæ ма архайдта уæлмæрдæй иуварс алидзыныл, фæлæ – дзæгъæлы: гал-иу фæцис йæ размæ, ныффуттытæ-иу кодта, æмæ-иу æй фæстæмæ ингæны цурмæ басырдта. Иуафон æй гал баййæфта, фелвæста йæ йæ сыкъатыл, æмæ йæ, гъа ныр ногкъахт ингæнмæ нывзила, афтæ Духи ныббогъ кодта:

– Нæ!!!

Æмæ фехъал. Йæ хъæр зæлгæ ацыд кæмтты, æмæ бамынæг æмыр æхсæвы æгуыппæг тары.

Йе уæнгтæ ихæнрызт кодтой, афтæмæй бадт хус фæсалыл. Бадт, æмæ, уыцы æнахъинон нывтæ фыны кæй федта, æцæгдзинад нæ, хуымæтæджы цæстылуайæнтæ кæй уыдысты, уымæй рæвдыдта йæ тасæвдæрзт уды. Йе уæнгтæ иучысыл сæ ризынæй куы æрæнцадысты, уæд сыстад, æмæ йæ цыма урс гал нæ, фæлæ æнæхъæн бирæгъты бал сырдта, уыйау, йæ къæхтæ дуртыл къуырдтытæ кæнгæ, лыгъд хъæды æмуырдыг фæндагыл. Лыгъд, уыцы æнæхайыры гал скъæты баст кæм уыд, æмæ йæ зæрдæйы уидæгтæ атонын кæцæй нал куымдтой, уыцы хъæуы 'рдæм нæ – сæхирдæм. Лыгъд, цалынмæ йæ бон лидзын уыд, уæдмæ, стæй куы ныффæллад, йæ уæнгтæ йыл уæз кæнын куы райдыдтой, уæд сабыр цыдæй араст, иу боны-бонцау ыл чи ныддаргъ, уыцы фæндагыл.

Хъæуысæрмæ куы 'рхæццæ, уæд уæлмæрдты цурты æрцæуын нал бауæндыд – дæрдтыл æрзылд æмæ хъугомы бынты бафардæг сæхимæ.

Бонмæ бирæ нал уыд. Йæ дарæс дæр нæ раласта, афтæмæй абырыд хуыссæнты, йæ сæр хъæццулы ныттыхта, афтæмæй тæфсæгæй ризæгау фæрызт суанг боны цъæхтæм, стæй йыл æртæфстысты йæ фæллад дæр æмæ, йæ уд кæй бавзæрста, уыцы хъизæмæрттæ дæр...

* * *

Уыцы æхсæв аивгъуыдта. Аивгъуыдта йыл дыккаг бон дæр, бафæрæзта æртыккаг æхсæвæн дæр, фæлæ æртыккаг бон йæхимæ ныхъхъуыста, хойраг ын хойраджы ад нал кодта, дон – доны.

Йæ уд цы æнахуыр тас бавзæрста, уый цадæггай тайын райдыдта, фервæзт, ссæрибар тасыл хъуыдыйæ, æмæ ныр уыцы æнæхайыры урс гал нал æмæ нал хицæн кодта йæ цæстытæй.

Ныр та йæ фынты æндæр ныввтæ уыдта.

Хæххон хуырджын фæндагыл урс гал цæуы йæ разæй, æмæ мæйы æвзист тынтæ парахатæй лæдæрсынц йæ нард синтыл, хъазынц йæ бурбын сыкъатыл... Йæ сыкъатыл нæдæр бæндæн баст ис, нæдæр æм уисæй æвзидын хъæуы, цæуы уыцы сæрбæрзонд æмæ коммæгæсæй, лидзгæ нæ, фæрсырдæм дæр нæ кæсы. Духи йæ ахизын кæны æфцæджы сæрты, æмæ, æнæзонгæ хъæуы æнæзонгæ адæм уыцы урс-урсид галыл куыд æмбырдтæ кæнынц, уымæ буц зæрдæйæ кæсгæйæ, галы аргъ уæлæмæ-уæлæмæ скъæры.

Уыцы фынтæ йын бынтондæр фесæфтой йæ уды æнцойад, йæхицæн бынат нал ардта, æмæ æппынфæстаг мæсты кæнын райдыдта йæхимæ.

«Бирæгъ дæр ма йæ кæнон зæнгыл куы нæ уадзы, уæд æз Духи нал дæн? Иу дидтой фын æмæ мæ иу сырх хæцъилы гæппæл афтæ тынг цæмæн хъуамæ фæтæрсын кæной, мæ ныфс афтæ тынг цæмæн хъуамæ асæтта, æмæ уыцы галы нард синтæм мæ цæсты фиутæ дардæй тайой?..»

Йæхицæн ахæм уайдзæфтæ бакæныны фæстæ фидарæй аскъуыддзаг кодта, ингæны былыл æй фыныгъдауæй нæ, æцæгæй куы 'рлæууын кæной, уæддæр амæй фылдæр кæй нæ бабыхсдзæн...

Æхсæвы куы сыстад, къулæй йæ синаг бæндæн куы райста æмæ кæрты дуар йæ фæстæ куы рахгæдта, уæд хъуыдыты ацыд. Йæхиуыл йæ зæрдæ дардта, иунæгæй цыфæнды мæйдар æхсæвы дæр, тас цы у, уый никуы банкъардта, фæлæ ма ныр æппæт уыцы æнæзæрдæхцон хъуыддæгты фæстæ уыцы талынг кæмтты иунæгæй раздæры хуызæн æдасæй кæм цæудзæн, ахæм æдыхст æмæ ма парахатзæрдæ кæцæй уыдзæн?.. Тас та йын цæмæй у, иунæгæй дæр ыл цы хъуамæ æрцæуа, фæлæ уæддæр зæрдæ фыды мур йеддæмæ исты у? Æппындæр ницы.

«Уæд та искæй æмбалæн... Ацы хатт... Фæлæ кæуыл бафтауон ме 'ууæнк, цæрæнбонты цы сусæгдзинад бавæрдтон, уый ныр кæй бæрны бакæнон?..»

Ахæм хъуыдытæ ферттив-фæмынæг кодтой Духийы сæры, æмæ, иугæр ницы бæлвырд хъуыдыйыл хæст кодта, уæд хъуамæ цыдаид йæ фæндагыл, фæлæ йæ цыдæр тых бæттæгау ныккодта кæрты хъæбæрмæ, æмæ къæхтæ сæ бынатæй феккуырсын нал куымдтой. Йæ удæй æххæст чи нæма раивад, уыцы тас дзы домдта, цæмæй йæм фыдбылызæй

дæр æмæ хæрзæбонæй дæр цы æнхъæлмæ кæсы, уый ацы иунæг хатт уæддæр адих кæна искæимæ. 0, фæлæ уæддæр кæимæ?

Æмæ йæм æрæджиау йæ мидхъуыды сдзырдта:

«Кæд дын æндæр хос æмæ фæрæз нал ис, уæд макæуыл бауæнд, дæхи туг æмæ стæгæй дарддæр».

Уыцы хъуыды йын суагъта йæ уæнгты æндзыгбаст æмæ фæбузныг йæхицæй.

Йæ сæрмæ ахæм хъуыды кæй æрцыд, уый тыххæй куыннæ хъуамæ фæбузныг уыдаид йæхицæй, фæлæ ныр та хъуыды кæнын райдыдта: уæддæр кæй акæна?

Æниу, йемæ кæй кæна, уымæн кæцæй зæгъдзæн, давынмæ цæуы – æндæр исты хъуамæ æрхъуыды кæна ныртæккæ... Фæлæ уал нырма хъуамæ ахъуыды кæна, кæй акæна, ууыл, стæй исты 'фсон скæнын афтæ стыр æмæ зын хъуыддаг нæу.

Æмæ бирæ равзар-бавзары фæстæ йæ хъуыды æрæнцад йæ хистæр æфсымæр Муртуйыл. Стæй йæ цы 'фсонæй акæндзæн, уый дæр уысммæ ацахста йæ сæрымагъз – зæгъдзæн ын, гал æлхæнгæ кæй бакодта... Æмæ та ногæй иу галы бузныг фæцис йæхицæй, дыууæ хъуыдыйы дæр æм иу рæстæджы афтæ æвиппайды кæй фæзындысты, уый тыххæй.

Уæдæ афтæ: Фæсалджыны балхæдта гал, æмæ йæ хъуамæ раскъæра йæ хистæр æфсымæр Муртуимæ...

Муртуимæ, æндæр уæдæ кæимæ? Ныр, рæстæг фæсахсæвæртæй куы ахызт, уæд ма ацафон æндæр уæдæ кæмæ хъуамæ баулæфа?

Ацафон...

Йæ ацы хъуыдыйæ стъæлфæгау фæкодта.

«Гъе-гъе! – рамæсты йæхимæ. – Æмæ ацафон Мурту афтæ нæ зæгъдзæн, ме 'фсымæры мын кæд хæйрæджытæ нæ фæсайдтой, уæд ма æмбисæхсæв иу комæй иннæ коммæ ахæм хъуыддаджы фæдыл чи цæуы?»

Афтæ тынг рамæсты йæхимæ Духи æмæ мæсты ту акодта, бамбæрста, ахсæв дæр та, уыцы галы йæ фынты цы уына, æндæр æм йæ къух кæй нæ баххæсдзæн, æмæ мæстæйдзагæй, йæхимæ хæцгæ, фæстæмæ хæдзармæ баздæхт.

Ныддаргъ та йыл уыцы 'хсæв дæр, мæгуыр, фæлæ... Æмæ ма, гъа, фæззыгон æхсæв æнæуый дæр даргъ у, фæлæ йæ бон та, йæ бон – фæззыгон хур скæс æмæ ныккæс йеддæмæ куы нæу, уæд уыцы бон цæмæн афтæ ныйивæзт, хурæн куы нал арвы астæумæ стулын æнтысы,

куы нал ныгуылæнырдæм ныттулын, æви Духийы фыдæнæн фæззыгон цыбыр бон сæрдыгон боны дæргъæн ныццис?..

Изæрмилтæм æнхъæлмæ кæсгæйæ, йæхи цæуылдæрты ирхæфста, цыдæр кусинæгтæ ссардта йæхицæн, йæ зæрдæ кæуыл рыст, йæ хъуыдыйы чи уыд, ахæм кусинæгтæ нæ – бон аддейы митæ кодта æрмæстдæр.

Æрæгвæззæджы хур та арвы бæрзонды ныссагъд, æмæ Духимæ мæстæймарæгау æнæад худт кодта.

Æппынфæстаг, хур хæхты фæстæ куы фæауон, æмæ изæрмилтæ кæмтты нарджыты куы фæбæзджын сты, уæд Духи, цыма тынг тагъд кодта, фæлæ йæ нырма ныртæккæ равдæлд, уыйау, цырд къахдзæфтæгæнгæ, бæлццонхуызæй балæууыд Муртуты уынджы.

Мурту хæдзары раз сугсæттæн къуыдырыл бадт, æмæ ма, чысыл раздæр кæй сарæзта, уыцы æфсондзы дæрзæг бынæттæ ардуанæй лæгъзытæ кодта.

– Уый дын кусæг лæг, бонæн баизæрæй чи тæрсы, – йæ фарсмæ æрбадт Духи.

– Цы зæгъын дæ фæнды? Ома ды дæр мæнау кусæг лæг дæ, ме 'фсымæр, нæ? – йæ ног арæзт æфсондзæй барухс Муртуйы зæрдæ, æмæ хъазæн ныхас кодта.

Духи худт.

– Æмæ уæд цы? Куы зæгъон, уæд цы? Æви æз, мæхи кусгæ бон аууæттæм ласгæйæ, боны баизæрмæ бæллын?

– Чи зоны, чи зоны, уæддæр дæ исчи раппæла, уымæ бæллыс, – Мурту хъуызгæ каст бакодта Духимæ æмæ та йæ цæст æрхаста æфсондзыл, – фæлæ дæ ардыгæй райсоммæ куы феппæлон, уæддæр ды ахæм æфсондз нæ сараздзынæ.

– Чи зоны, чи зоны, – фæзмæгау æй кодта Духи, – фæлæ мæ ардыгæй райсоммæ ам, кæрты хъæбæрыл æппæлай, уый фадат дын нæ ратдзынæн.

– И?

– И нæ, фæлæ ма дæ диссаджы æфсондз уæртæ тыргъы æрæфснай æмæ мемæ цом.

– Кæдæм, цымæ? – бадис кодта Мурту.

– Кæдæм, куы зæгъай, – йæхи фецæгхуыз кодта Духи, – уæд, уæртæ Фæсалджыны гал балхæдтон, ахæм гал, æмæ де скъæты хуысгæйæ дæр нæ бацæудзæн. Абон æй хъуамæ раскъæрдтаин, фæлæ дæхæдæг

уыныс, ме 'мбæндтæ бынтон ныккæлæддзаг сты, ныр та фæззæг у, фос хизæны нал æфсæдынц, æмæ сæхи æппарынц цæхæрадæттæм... Æмæ зæгъын... Боныгон мæ нæ равдæлдзæн, фæлæ йæм ныр куы бауаиккам...

Мурту бадиссæгтæ кодта:

– О, мачи дæ уа, ме 'нæвдæлон æфсымæр, кæд хæйрæджыты сайды нæ фæдæ! Цыма Фæсалджын уæртæ нæ хъугомы фале ис, уый ныхæстæ кæныс. Фæлæуу-ма, кæд хъазгæ кæныс, мыййаг?

– Нæ, – йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта Духи. – Нæ уæздан фыд Годзырыстæн, хъазгæ нæ кæнын.

– Годзыры ма, кæм ис, уым йæ мæгуырыл æруадз æмæ мæм æрбайхъус. Мæнмæ хъазыны зæрдæ нæй, æмæ мæ хъазынил ма дом. Кæд мæнау дæ боны куыстæй дæ зæрдæ байрад, уæд-ма цом мидæмæ, æмæ не 'фсины судзаг арахъхъæй фæйнæ бануазæм. Ацафон дын уымæй уæлдай мæ бон зæгъын ницы у, æмæ мæ уымæй уæлдай мацыдæр домгæ бакæн, – дзургæ-дзурын Мурту сугсæттæн къуыдырæй сыстад æмæ йæ рыгтæ ацагъта.

– Нæ, бузныг дæ судзаг арахъхъæй, – сыстад Духи дæр æмæ йæхи тæргайгæнæг скодта. – Мæнæн æнæ цæугæ нæй. Æз дæм уый тыххæй æрбацыдтæн, зæгъын, дæ разæй æндæр искæмæн куы зæгъон, уæд дын хъыг куы уа, æндæра...

Мурту сагъдæй баззад.

– Оу, мæнæ хæйрæг æрцахстон... Цæй, гъа, – загъта зивæггæнгæ. – Мæн йеддæмæ хæйрæджы ахæсты никуы ничи бахауд?!. Омæ уæд та ауай, æмæ дæ бæхыл саргъ авæр. Ардыгæй уырдæм дæ зæрды фистæгæй цæуын ис?

– Уый æндæр хъуыддаг у! – бацин кодта Духи æмæ атындзыдта сæхирдæм.

* * *

Цалхыдзаг мæй дзæвгар стылд æнæмигъ арвыл, афтæ дыууæ барæджы бахæццæ сты хъæуыбын комы нарæгмæ, æмæ Духи йæ бæхы рохтыл æрбахæцыд. Æргæпп кодта бæхæй æмæ идон слæвæрдта Муртумæ.

– Ды ам фæлæуу, Мурту, ацы хæрды ма бæхтæн цы фыдæбон кæнæм, стæй бæхты къæхты хъæрмæ куыйтæ сызнæт уыдзысты, æмæ фæллад, фæлмæцыд адæм сæ фынæйæ райхъал уой, уый махæрдыгæй цы лæгдзинад уыдзæн... Науæд цæмæн афтæ хъуамæ зæгъой, иу гал

аскъæрынмæ иунæгæй йæ ныфс нæ бахаста, зæгъгæ? Æз ныртæккæ...

Æмæ уысммæ фæндаджы уæллаг фарс февзæрд.

Мурту дæр æрхызт бæхæй, дыууæ идоны кæрæдзийыл уæгъдæлхынцъ акодта æмæ æрбадт фæндаджы былыл. Кæрæдзийыл ахуыр бæхтæ æхсæвы æгуыппæг фæсурынæй тæрсæгау лæууыдысты æнæ уынæрæй.

Мæйы рухс уыцы парахатæй лæдæрст зæххыл, æмæ йæ рухсæй рухс кодта адæймаджы зæрдæ. Уæле, зæрватыччы ахстонау хохы дæлбазыр чи баныхæст, уыцы хъæу адджын фынæй кодта æхсæвы æмыры.

Духи уайтагъд схæццæ хъæумæ. Хъæуы дурджын уынгты цæмæй йæ къæхты хъæр ма хъуыстаид, уый тыххæй кауæмбонды сæрты багæпп ласта кæйдæр цæхæрадонмæ æмæ, нæудзарыл цæугæ, бамидæг хъæуы астæумæ. Иудзæвгар алæууыд скъæты дæлбазыр, айхъуыста фæйнæрдæм, йæ зæрдæ куы ницæмæ фехсайдта, уæд æхцон улæфт скодта, æмæ æнæ уынæрæй бакодта скъæты дуар. Хъавгæ бахызт мидæмæ æмæ æрлæууыд галы уæлхъус. Гал хуыссыд кæвдæсы раз æмæ сынæр цагъта. Духи йæ къух рæвдаугæ ахаста галы рагъыл, стæй йæ къандзолы дзыппæй фелвæста цæххы къæртт æмæ йæ галы дзыхмæ бахаста. Гал йæхиуыл схæцыд, Духи йын цæххы къæртт йæ разы авæрдта æмæ йæ тарæй сласта цыппар нымæтын дзæкъулгонды, радгай сæ галы къæхтыл акодта, сæ кæмттæ сын æрбабаста æмæ райхæлдта йæ астæуыл тыхт бæндæн. Цалынмæ бæндæн галы сыкъатыл баста, уæдмæ гал зыдæй сдæрдта, Духи йын йæ разы кæй æрæвæрдта, уыцы цæххы къæртт, стæй йын æй Духи йæ разæй куы систа, уæд гал разылд, æмæ, лæджы къухтæм смудгæ, рараст йæ фæдыл.

Хъæуыбынмæ куы 'рхæццæ сты, уæд Духи райхæлдта галы къæхтыл конд нымæтын дзæкъулгæндтæ, бафснайдта сæ йæ тары, бæндæн рафтыдта галы сыкъатæй æмæ йæ, йæ разæй уисæй скъæргæ, балæууын кодта Муртуйы уæлхъус.

Гал, урс-урсид гал, цыма Духи æмæ Мурту йæ хицæуттæ уыдысты, уыйау коммæгæсæй, уыцы сæрыстыр æмæ сæрбæрзондæй араст сæ разæй.

Духийы зæрдæ æхцон хъыдзыгæнаг змæлдæй тæлфыд йæ риуы, æмæ йæ фæндыд зарын, хъæрæй зарын, йæ зарæгæн ын хæхтæ дæр куы хъырныдтаиккой, уый йæ фæндыд, фæлæ йæ ком баст уыд, æмæ уыцы зарынмондаджы монц йæ зæрдæйы цинæвдылд змæлды хуыдуг кæныныл архайдта. Муртуимæ афтæ мадзурайæ кæй цыдысты, уый йын, иуæй, æхсызгон уыд, иннæмæй та – хъыг. Æхсызгон уымæн, æмæ

йæ йæ цинæвдулæнты хуыдуггæнаг зæрдæ дзурын нæ тардта, стæй... уыцы цинæвдулæнты ныппæрттæввонг зæгъинæгтæ, мыййаг, куы фергом уой, комдзог ыл куы рацæуой, куы йæ банымудзой Муртуйы раз, уæд... Хъыджы æнкъарæн дæр æм йæ уыцы хъуыды æвзæрын кодта: цæмæн цæуы Мурту афтæ мадзурайæ, цæуылнæ йæм исты дзуры, ау, йæ зæрдæ истæмæ 'хсайы, ацы 'хсæвы æнæнхъæлæджы хабæрттæ йæ исты зæрдæдзурæнты æппарынц, мыййаг?..

Ацы æлхыскъгæнаг гуырысхо куыдфæстагмæ нал куымдта йæ хъуыдыйæ сурын, æмæ йын уыцы гуырысхо цадæггай мынæг кодта йæ зæрдæйы абухгæ цин. Хаттæй-хатт-иу аивæй бакаст йе 'фсымæры цæстытæм, фæлæ сæ талынджы ницыуабæрæг бæлвырд æнкъарæн ахста, æмæ йæ миднымæры тыхст, цин æмæ йын æбæрæг гуырысхо хæлдтой йæ уды æнцойад.

Мурту та...

Куыннæ хъуамæ цыдаид афтæ мадзурайæ, кæд æмæ йын Духийæн йæхи мадзура, ацы æхсæвы хæйрæджджын митæ, æмæ боны фæстагмæ уыцы митæ цæуыл дзурæг сты, уыдæттыл хъуыды сусæг ныхылдæй ныхылдта йæ зæрдæмæ, уæд? Куыннæ хъуамæ уыдаид зæрдæдзурæнты?..

«Цы нысан кæнынц адæттæ? – æгомыгæй хъуыдытæ кодта Мурту. – Цæмæн мæ ракодта йемæ ацы æнæхайыры гуырд? Кæд æмбалæн, уæд ахæм фæндагыл лæг æмбал уый тыххæй куы фæагуры, цæмæй йыл, ныхасгæнгæйæ, фæндаг ма ныддаргъ уа, ай та... цыма йæ дзыхы иу сныхасæй кæмттæ æмæ хæхтæ æддæг-мидæг ауайдзысты, уыйау ныгъуылд æмæ æгомыгæй цæуы...»

Ницы æмбæрста йе 'фсымæры фыдбойнаджы митæн Мурту, фæлæ йæ фæрсгæ ницæмæй кодта, нырма йæхи хъуыдыйы фæрцы архайдта йæ гуырысхойæн исты нывыл дзуапп ссарыныл.

Уæдмæ хъæдвæндагæй рагъы уæлвæзмæ рахызтысты, æмæ ныр мæйы рухсмæ сæ разæй цæуæг галмæ бæстон куы акæстытæ кодта, уæд... галы хъуырыл цы сырх бæттæн баст уыд, уымæ фæкомкоммæ Мурту, æмæ йе уæнгтæ ауазал сты. Йæ цæстытæ аууæрста, æмæ, галы хъуырыл æцæгæйдæр сырх бæттæн баст ис, уый йæ куы бауырныдта, уæд æрбахæцыд йæ бæхы рохтыл æмæ тызмæг хъæлæсæй афарста Духийы:

– Уый та ма цы нысан кæны?

Цæмæй йæ фарста, уый Духийы хъуыды рæстæгыл нæ ацахста, æмæ фæрсæджы каст кодта куы Муртумæ, куы – сæ разæйцæуæг галмæ.

– Ацы гал нывонд гал куы у, уæд-ма мын зæгъ, зæгъ-ма мын, гормон, нывонд гал ма кæд чи уæй кодта? – ризæгау кодта Муртуйы хъæлæс.

Духи рамæсты йæхимæ. Хæцыд йæхимæ, уыцы æнæхайыры бæттæн кæй не слыг кодта æмæ йæ кæй нæ аппæрста, уый тыххæй, фæлæ байрæджы, æмæ ныр йæ бон ницыуал у йæхи æфхæрынæй дарддæр. Йæхи та цасфæнды мауал æфхæра, уымæй рамбулæн ницыуал ис, ницы – æрæджиауы фæсмон хъуыддаг сраст кæныны хос нæу. Æмæ цыма Муртуйы фарстæн бынтондæр ницы нысаниуæг лæвæрдта, уыйау афтæ бакодта:

– Ды, чи зоны, нæ ауæй кæнай, фæлæ бирæтæ æхцайыл сæ дзуæртты дæр ауæй кæндзысты. Стæй йæ цæмæй базыдтай, нывонд у, уый? Бæттæн та дæ...

Хъуамæ загътаид, бæттæн та дæ куыдзы хъуырыл дæр ис, æмæ уый тыххæй Хуыцауæн, кæнæ дзуарæн нывонд у, зæгъгæ, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд, йе 'фсымæры зæрдæдзурæнтæ фæсурыны тыххæй цы загъта, уый дæр фагыл банымадта æмæ фæцагайдта йæ бæхы.

Мурту дæр уæлдай ницыуал сдзырдта, фæлæ йæ сусæг гуырысхо уæддæр сусæг хæлбурцъ кодта йæ хъуыдыйы арфы, æмæ, бæхы йæхи бар ауадзгæйæ, йæ цæстытæ нал иста галæй. Гал та уыцы сæрбæрзонд æмæ коммæгæсæй цыд сæ разæй, æмæ ахæм цыдæй кæй цыд, уый ноджы дызæрдыджы æппæрста Муртуйы.

– Нæ, ам цыдæр фыдбылыз ис, – мæсты гуым-гуым кодта Мурту. – Мæ зæрдæ мæм дзуры, сайгæ мæ кæй кæныс... Сайыс мæ, чысыл сабийы куыд фæсайынц, афтæ æмæ мæ хистæры хатыр дæр нæ кæныс...

Духи бамбæрста, ныр йе 'фсымæры зæрдæдзурæнты цыфæнды ныхæстæй дæр кæй нал асурдзæн æмæ ахъуыды кодта:

«Гъе, æмæ уæд та цы?.. Уадз æмæ йæ базонæд. Иунæгæй мæ фæуадздзæн æмæ адымдзæн? Æмæ адымæд. Ныр мын æнæуыйдæр хъыгдарыны хос йеддæмæ ницыуал пайда у. Нымудзгæ та... Йæхионыл комдзог чи цæуы, уый йæхи сафы. Йæ туг-йе стæджы чи ауæй кæна, уый йæхи дæр уæй кæны... Йæ туг-йе стæджы худинагæй йæхимæ нæ хауы, йæхи дзы нæ худинаг кæны?..»

Æмæ загъта:

– Омæ уæд та цы? Давæггаг куы уа, уæддæр цы 'рцыд, фыццаг хатт мæнылсбаддзæн хуыснæджы ном? Иу рæдыд Хуыцау дæр фæкæны... Æви ма мæм дæ зæрдæ искуы исты фыддзинадæй фехсайдта, ме

'фсымæр? Раст зæгъ, искуы ма мæ æнафоны искæдæм цæугæ федтай, искуы ма фæфиппайдтай ахæм хабар, æмæ де 'фсымæр искæцæй æнафоны æрбацæуа?

Мурту арвы цæфау фæцис Духийы ацы ныхæстæм; хъуамæ йын алывыдтæ акалдтаид, фæлæ йын уæддæр, йæ фыдракæндыл æргомæй кæй басаст, уый цасдæр бакъуырдта йæ зæрдæ, æмæ ма бафæрæзта æрмæстдæр афтæ зæгъын:

– Омæ дæ ацы хатт дæр цы Хуыцау ралгъыста, цы дæ сардыдта зæрырдæм ахæм худинаджы хъуыддагыл?!

– Цы мæ сардыдта?.. – йæхи тæргайгæнæг скодта Духи. – Уæрцы* мын дыууæ гæлхæрд роды радтат, мæнæ дын гайлæгтæ, зæгъгæ, æмæ цæй галтæ уыдысты уыдон, айдагъ æфсондзы уæзæй дæр-иу сæ лыстæг къубæлттæ зæхмæ ныйивæзтысты... Ацы галы та, кæд мын æй Хуыцау фарсылхæцгæ фæкæна, уæд ауæй кæндзынæн, æмæ дзы мæхицæн дыууæ къобор уæныджы ныххæндзынæн...

Мурту сдзурын ницыуал сфæрæзта. Байгомыг... Уæдмæ сæм рагъы кæронæй æрбазынд Урс кувæндон, æмæ йын йæхинымæры фæдзæхста йæхи дæр æмæ йе 'фсымæры дæр:

«Цыдæриддæр зæд æмæ бардуаджы номыл дæ, фыдбылызæй нæ бахиз, æмæ мæ доны къусæй дæр дæуæн кувæг уыдзынæн!» – йæхинымæры лæгъстæ кодта Муртуйы тасбанкъараг хъуыды.

Кувæндон æцæгæйдæр цы зæд, цы бардуаджы номыл уыд, уый ничиуал зыдта, кæд ыл, йæ цурты цæугæйæ алчи дæр йæхи фæдзæхста, уæддæр. Йæ къултæ сæрст уыдысты урс æлыгæй, дардмæ дæр зынд урс-урсидæй, æмæ йæ уымæ гæсгæ хуыдтой Урс кувæндон, фæлæ Духи æмæ Муртуйы ныртæккæ уый мæт нæ уыди, æнæнхъæлæджы цы æнахуыр диссаг федтой, уый цур.

Гал, урс-урсид гал куыддæр кувæндоны цурмæ бахæццæ, афтæ æрлæууыд, æрысмыста зæхмæ, стæй азылд кувæндоны 'рдæм, куыддæр æм бахæццæ, афтæ йæ сæр бынмæ æруагъта æмæ æрзылд кувæндоны алыварс; йæ алы фисыны цур дæр-иу æрлæууыд æмæ-иу йæ рус авæрдта кувæндоны къулыл, стæй, йæ сæр кувæндоны уæгъдæхгæд дуармæ куы бахаста, уæд дуар байгом, æмæ бахызт мидæмæ.

Дыууæ лæджы æрурæдтой сæ бæхтæ æмæ комхæлиуæй кастысты кувæндонмæ...

---

* Уæрц – Хуссар Иры амоны æфсымæрты 'хсæн уæрсты хай. – (Ред.)

Духийæн фырадæргæй йæ цæстытæ рабырыдисты сæ къуырфытæй, æмæ, цыма йæ уæларвон тыхтæ сæхимæ куы аскъæфой, уымæй фæтарст, уыйау йæ дыууæ къухы дæр ныддæвдæг сты саргъы раззаг гоппыл.

– Мур-ту-у!.. – хъæрзæгау сирвæзт йæ риуæй æмæ бакаст йе 'фсымæры 'рдæм.

Фæлæ Мурту уым нал уыд.

Духи фырадæргæй фиппайгæ дæр нæ фæкодта, Мурту, йæхиуыл дзуæрттæ бафтауыны фæстæ куыд фесхуыста йæ бæхы æмæ рагъы фале, акæсæн къуылдымы фæстæ куыд фæаууон.

– Мур-ту-у!!! – ниуæгау ныккодта йæ хъæлæс, æмæ æррайау ракæс-бакæс кодта фæйнæрдæм. Йе 'фсымæрæй йæ бон куы базыдта, йæ цæст ыл куы нал схæцыд, уæд нымдзаст кувæндонмæ, ныккаст æм лæгъстæгæнгæ æмæ йæ хъæлæс базыр-зыр кодта:

– Мæн дæр афтæ хъуамæ фæтары кæнай?..

Æмæ йæ цæстытыл ауад: цавæрдæр æнæуынгæ тых æй æд бæх фелвæста зæххæй, æмæ йæ, хæхты цыргъ цъуппытыл хойгæ, фескъæфы мигъæмбæрзт арвы кæронмæ...

– Нæ!!! – ныхъхъæр кодта уынгæг хъæлæсæй, стæй йæ хъуыр ахгæдта æмæ бамыр...

Ныр йæ хъуыдыйы ницыуал æнкъарæн уыдис, æрмæст ма дзы кæмдæр риссаг тæлфтæй тæлфыд йæ ибоны фыны бавзаргæ хъизæмар, цæстытæ ницыуал уыдтой, мигъвæлм сæ ныббадт, æмæ ма уыцы фæлмы зындысты æрмæстдæр урс-урсид гал æмæ... Урс кувæндон.

Стæй йæ цыдæр æнæуынгæ тых æрцæуын кодта йе 'муд, удмидæг ма кæй ис, уыцы хъуыды йын иучысыл суагъта йе уæнгты æндзыгбаст, æмæ... Царды æнусон змæлдæй фæхицæн уыдаид, уый йæ нæ фæндыд, æмæ зæрдæбынæй ныллæгъстæ кодта йæхицæн, цæмæй, цы зæд-цы бардуаджы зæрдæхудты бацыд, уый раз йæхи сраст кæныны тыххæй ма бацауæрда йæ фæстаг тыхтыл. Мæйы рухсдзаст тынтæ афтæ парахатæй цы зæххыл лæдæрстысты, уыцы зæххыл цæрынæй адджындæр æм ницыуал фæкаст, æмæ нал бацауæрста йæ фæстаг тыхтыл – разылдта йæ бæх, ехсæй йæ æрцæфтæ кодта, æмæ бæх уадау атахт, гал кæцæй радавта, уыцы хъæуы 'рдæм.

Рагъы фæндаг ын фæсте раджы баззад, фæсте аззад хъæдвæндаг дæр, æмæ бæх, йæ хиды мæцгæ, балæууыд хъæуы астæу.

Хъæуы уынгты, æрдæбон къæдзæхыйас гал кæцæй аскъæрдæуыд

æмæ хæрз чысыл уынæр дæр кæцæй нæ райхъуыст, уыцы хъæууынгты ныр куыйтæ фæдисы рæйд кодтой, куыйты фæдис рæйд æмæ бæхы къæхты хъæрмæ æрдæгфынæй хъæу уайтагъд йæ къахыл слæууыд.

– Уæ, хорз адæм, рацæут æмæ уæ карз тæрхон рахæссут тæригъæдджын лæгæн! – уæлбæхæй хъæргæнгæ цыд хъæуы уынгты Духи. Стæй æрлæууыд галы хицауы хæдзары раз. Æрхызт бæхæй æмæ æнхъæлмæ каст, хъæубæстæ кæд æрæмбырд уыдзысты, уымæ.

Хуыссæгхъæлдзæг адæм кæрæдзимæ хъæр кодтой, кæрæдзи фарстой, цы 'рцыд, уымæй, фæлæ, цы 'рцыд, уымæн ничи ницы зыдта, æмæ иугай-дыгай хызтысты хæдзæрттæй.

Цыбыр рæстæгмæ Духийы алыварс æмбырдæй лæууыдысты стырæй-чысылæй, нæлгоймагæй-сылгоймагæй æмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастысты, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Уæлæрдыгæй ма иу цæнкуыл зæронд лæгæн йæ дæлæрмтты бацыдысты дыууæ æрыгон нæлгоймаджы, афтæмæй йæ тагъд-тагъд æрцæйкодтой дурджын уынджы, адæм кæм нымбырд сты, уыцырдæм, æмæ Духи бамбæрста: къахыл лæууынхъом чи у, уыдон дæр, æмæ къахыл лæууынхъом чи нал у, уыдон дæр кæй фæзындысты йæ сидтмæ, æмæ...

Иу дзæвгар ма алæууыд æдзæмæй, стæй æрхауд йæ зонгуытыл, æмæ базыр-зыр кодта йæ хъæлæс:

– О, хорз адæм... – схауд йæ ризгæ хъæлæсæй, æмæ та бамыр. Адæм, сæ улæфт бауромгæйæ, сæхи æрцæттæ кодтой хъусынмæ. Æнæзонгæ лæг сæ разы йæ зонгуытыл кæй æрлæууыд, уый сæм, æнæнхъæлæджы цы 'рцыд, уымæй диссагдæр фæкаст, фæлæ ничи никæй фарста, иууылдæр хъустæ æмæ цæстытæ фестадысты.

– Мæнæ хорз адæм... – кæуынхъæлæсæй дарддæр дзырдта Духи. – Æз, Хуыцау æмæ хæйрæджытæй æлгъыст адæймаг... Æз, Гæуысты Духи, абон мæхимæ райстон стыр тæригъæд. Мæ намысыл тæригъæдтæ бирæ ис, Хуыцау æмæ мæ хæйрæджытæ куы ралгъыстой, уæдæй абонмæ бирæ фыдбылызы хъуыддæгтæ сарæзтон...

Æмæ райдыдта нымайын, йæ цæрæнбонты кæй фос фæдавта, уыдонæй ма йæ зæрдыл чи 'рлæууыд, чи нæ дзы ферох, уыдоны нæмттæ, стæй лыстæггай радзырдта уыцы æхсæвы æрцæугæ хабæрттæ æмæ зæрдæбынæй ныууынæргъыдта:

– Ныр мæнæн ницыуал баззад кæнинаг, сымах тæрхонмæ байхъусынæй дарддæр. Мæ царды иууыл стырдæр тæригъæд уæ

разы кæй саразтон, нывонд гал сымахæй кæй адавтон, уый охыл æрбацыдтæн сымахмæ, кæд мын сымах ныххатыр кæнат мæ фыдракæнд, уæд уый фæстæ, гал цы зæд-цы бардуагæн нывонд уыд, уымæн мæхæдæг скæндзынæн нывонд, æмæ мын кæд ныххатыр кæнид мæ тæригъæдтæ... Курын уæ... Хуыцауы разæй мæ сæр сымахыл бафтыдтон æмæ мæхи уе уазæг кæнын...

Хуыссæгхъæлдзæг адæм джихæй кастысты ацы æнахуыр нывмæ æмæ дисæй мардысты, цы 'рцыд æмæ, цы фехъуыстой, уыдæттыл.

– Гъæ, дæ бур рондз фæкалай, уæдæ мын мæ сидзæрты дарæг галы ды адавтай, кæм дын чи ис, уыдоны фыдтæ бахæрай! – адæмы 'хсæнæй размæ ракъахдзæф кодта иу саударæг сылгоймаг, æмæ, йæ цæнгтæ хæрдмæ сдаргæйæ, схъардта Духийæн. – Цæнкуыл æмæ æнæ цæстылхæцæгæй æрцæуæд дæ мæлæт, дæ уд исыны уысм дын дæ дзыхмæ донбадарæг ма уæд!

Саударæг усы æлгъыстытæ топпы нæмгуытау æмбæлдысты Духийы зæрдæйыл, фæлæ йæ саударæг ус карз æлгъыст кæй кодта, уый уадиссаг ницæмæ æрдардта, æндæр цыдæр ын басхъаудта йæ уды арфы æмбæхст сæрыстырдзинад, æмæ, уыцы уысм цы уавæры уыд, уыцы уавæр дæр æй нæ бакъуылымпы кодта. Загъта:

– Де 'лгъыстытæй мын хай ма уæд, мæ хойы хай, уымæн æмæ ницы азымджын дæн дæ разы дæр æмæ дæ сидзæрты раз дæр... Хорз адæм, æппæтыл дæр басастæн уæ разы, иу мисхал дæр уæ ницы басусæг кодтон, фæлæ уын ард хæрын, ацы сылгоймаджы раз æцæгæйдæр ницы азымджын дæн. Духи сидзæртæ æмæ сидзæргæсты тæригъæды никуы бацыд, мæгуыр, æвæрæз лæджы фосмæ никуы фæныхылдта, æмæ уын æргомæй зæгъын: цы дæн, уый дæн, фæлæ искæй раз æнæ азымæй азымджын цæмæн хъуамæ уон?

– Хъусут-ма йæм, хъусут, хорз адæм, – йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта иу ацæргæ лæг, – хъусут-ма йæм, цытæ дзуры, уымæ ма байхъусут, æмæ мын бамбарын кæнут: ау, æз мæ цæнгты фæрцы мæгуыр нæ дæн, æмæ мын уый тыххæй мæ сау къобор гал уæлдайаг уыд?!

– Раст зæгъы, раст! Мæ дыууæ хъила галыл мæ цæст æфсондз æвæрын куы нæ уарзта, уæд æз ныр мæгуыр нæ дæн, ахæм галтæ кæмæн нал ис?! – хъæр кодта æндæр хъæлæс.

– Мæ гæрæм галы мын фæстæмæ æрбаскъæрæд, науæд æй быдурзылд фæкæндзынæн! – иу къаннæг цола лæг, цыма йæхæдæг Духийæ тæрсгæ кодта, уыйау, йæ мидбынаты сонт гæппытæ кæнгæ, тъыфылтæ

калдта йæ алфамблай лæуджытыл.

– Мæ зыгъар бæх!..

– Мæ урскъух гал!..

– Ныууадзут-ма уæ бæхтæ æмæ уæ галты, уыдонæй уын пайда нал ис, фондз азы размæ мын бур физонджытæ цы галы фыдæй бахордта, уый ма мын абон ме скъæты бабæтдзæн!.. Ай мæнæ къæрных нæ разы куы ис, уæд ма йæм цæмæ кæсæм, хорз адæм?! – чидæр архайдта мæсты адæмы тынгдæр сызнæт кæнынил.

– Дурты бын æй фæкæнæм! – райхъуыст хъæлæстæ.

– Дæлæ йæ куыдзæппарæн былæй...

– Мæ бар-ма йæ бакæнут, хорз адæм, – адæмы бардзæй фæхицæн иу бæзæрхыгтæгонд нæлгоймаг æмæ хъамалвæстæй рафсæрста Духийы 'рдæм.

– Ацы куыдзы фырт мæ комыйаргъ æфсургъ адавта, мæнæн сымахæй стырдæр фылдбылыз ракодта, æмæ йæ мæхи бар уадзут, æз ын...

– Æрлæуу-ма, – лæбурæджы цонг ацахста иу зæронд лæг æмæ йæ цæст адæмыл ахаста. – Басабыр ут, хорз адæм, чысыл кæрæдзимæ байхъусæм. Ацы лæджы фыццаг хатт уынын, чи у, уый зонгæ дæр нæ кæнын, нæдæр мæ мадæй у, нæдæр – мæ фыдæй, фæлæ, мæ цыбыр зонды нымадмæ гæсгæ, ацы лæг хуымæтæджы лæг нæу. Зæгъут-ма, – зæронд лæг мæйы рухсмæ цæстæй ацагуырдта, æрдæбонсарæй Духимæ чи æртхъирæнтæ кодта, уыдоны. – Уæ цæсгом лæбурын та куыд хъæцы дæлæ уыцы чысыл, хъунцы хуызæн лæгмæ? Канд сымахæн нæ, фæлæ цалдæр комбæсты адæмæн уал азы ахæм митæ чи кæны, уымæ бакæсут, æмæ уæхиуыл фæхудут! Уал азы уæ хæлиудзыхтыл цы æнгуылдзыйас лæг нымайы, уымæ лæбурын ма уæ цæсгом хъæцгæ та куыд кæны?! Стæй дæр... лæг йæ тæригъæдтыл басаст, нæ разы йæ зонгуытыл лæууы, мах та йæм лæбургæ кæнæм?! Сыст уæлæмæ, ацы лæг! Сбад дæ бæхыл æмæ дæ фæндаджы кой бакæн. Ахæм уавæры нæ ныппæрстай, æмæ нын æндæр гæнæн нал ис – хъуамæ дын фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ дæ ракæнд ныббарæм, кæд, тæригъæд цы зæды раз сарæзтай, уый дын æй ныббара, уæд.

– Мæ гал цы фæцис, мæ гал, уымæй ма йæ уæддæр бафæрсут! – галы хицау хъæр кодта адæмы 'хсæнæй.

– Гал афонмæ ардæм æрбацæуы, – къæхты бынæй ныууынæргъыдта Духи æмæ слæууыд. Йæ алыварс адæмæй искæй цæстæнгасмæ куы фæкомкоммæ уыдаид, уымæй тæрсгæйæ, йæ сæрыл хæрдмæ не

схæцыд, афтæмæй сæргуыбырæй бацыд йæ бæхмæ.

... Æнæзонгæ хъæубæсты фыдæх цæстæнгас æй сурæгау кодта æнæзонгæ хъæуæй, æмæ йын уыцы æнæуынон каст зынг уæхстау хуынчъытæ кодта йæ фæсонтæ.

Фæстæмæ цыд æндæр, цыбырдæр фæндагыл, цыбырдæры тыххæй нæ – уыцы æнæхайыры галыл цæмæй ма амбæлдаид, уый тыххæй кæй равзæрста, уыцы фæндагыл. Рагъы бынмæ куы бахæццæ, уæд йæ фæллад зонд æрцахста, кувæндонмæ йæ бацæуын кæй хъæуы, цалынмæ уымæн дæр йæ тæригъæдтæ схъара, уæдмæ йын… Цалынмæ уымæн дæр ныллæгъстæ кæна, æмæ йыл йæхи бафæдзæхса, уæдмæ йын хæдзармæ цæугæ кæй нæу, уый бамбæрста, æмæ йæ бæх рагъы 'рдæм фæзылдта.

Рагъмæ куы схæццæ, уæд кувæндоны бакомкоммæ æрхызт бæхæй, æмæ уал, кувæндонмæ кæсгæйæ, йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта, йæхинымæры йын ныллæгъстæ кодта, йæхи ныффæдзæхста иннæ зæдтæ æмæ дауджытæн дæр, стæй ныззоныгуыл кодта æмæ суанг кувæндоны онг фæцыд йæ зонгуытыл. Æртæ хатты æрзылд кувæндоны алыварс, йæ алы фисыныл дæр ын æртæ хатты йæ былтæ авæргæйæ. Мидæмæ куы бахызт, уæд йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой.

Гал, урс-урсид гал лæууы кувæндоны астæу æмæ адджынæн мерс кæны... Духи айразмæ æфцæгæй йæ мæкъуылтæ куы ласта, уæд кувæндонмæ йæхæдæг кæй бахаста, æххормаг фос зыныскъæрæн у, æмæ-иу ауылты искæй гал, кæнæ бæх куы рацæйкæнон, уæд-иу ын дзы авæрдзынæн, зæгъгæ, кувæндонмæ уый тыххæй кæй бахаста, уыцы зæлдаджы хуызæн цъæх хос...

Ныр бамбæрста Духи... Æрдæбон гал зæхмæ смудгæ кæй не 'ркодта, хосы бындзгуытæ уидзгæ кæй бацыд кувæндонмæ, йæ алыварс та, кувæндонæй хосы хæрздæф кæй калд, уый тыххæй æрзылд. Науæд-иу йæ сæр къулыл кæй авæрдта, уым диссагæй цы ис – æгомыг стур йæ сæр кæнæ йæ фарс цæуыл нæ ахафдзæн?..

Ныр мæнæ зæрдæбын æмæ адджынæн мерс кæны уыцы зæлдаджы хуызæн... Нæ, хос не 'ууилы– уый Духийы куыйты хæринаг зæрдæйы кæрдихтæ æууилы хосы хæлтты 'фсон Духийы зæрдæйы тæгтæ æрбассивы йæ дæрзæг æвзагæй... Уый, уый...

Каст галмæ æнæ сым, æнæ уынæрæй æмæ куыдта æгомыгæй. Цæрæнбонты адæмы уынаг цæст æмæ хъуыдыйæ цы сусæгдзинад бахызта, ууыл ныр комдзог рацыд... Ныр, ныр...

Ныр давгæ нæ, зæххæй хус къæцæл куы сцæйиса, уæддæр хъуамæ тæрсгæ-ризгæйæ кæса фæйнæрдæм... Уымæн æмæ нырæй фæстæмæ, йæ карчы цъиу хъæрццыгъа кæмæн ахæсса, уый дæр æй Духийы 'фсон кæндзæн. Ныр... Ныр æфцæджы сæрты никуыуал никæй дугъон бæхыл бадгæ фæцæйхиздзæн, ныр никуыуал никæй скъæтæй рахизын кæндзæн, æнæзонгæ комбæсты æнæзонгæ адæмы цæсты фиутæ кæй нард синтыл тайой, ахæм гал...

О, Хуыцау!.. Æмæ ма ахæм цардыл ахуыр Духи æндæр цардæй цæрын бафæраздзæн?!

Ацы риссаг хъуыды йын риссаг æвнæлдæй февнæлдта йæ зæрдæмæ, æмæ цæф арсау ныббогъ кодта. Гал бацыд йæ цурмæ æмæ тæфæрфæсгæнæгау йæ сæр бынмæ æруагъта.

Ныр ын ацы æнæхайыры урс-урсид гал хъуамæ уаид æнæуынон, уымæн æмæ уый тыххæй... Фæлæ йæ бон нæ бацис галмæ æнæуынон цæстæй бакæсын, уымæн æмæ ма йæ уды фæстаг мондæгтæ ацы гал давгæйæ ныммардта, æмæ йæ бон нæ бацис... Уый нæ, фæлæ ма йæ удæн цыдæр хионы ад дæр скодта, галы буарæй йæм лæдæрст рæвдаугæ хъарм, æмæ йæ нал фæндыд уыцы адджын æнкъарæн йæ рыст удæй асурын.

Гал дæр, цыма æгомыг фос нæ, фæлæ æмбаргæ адæймаг уыд æмæ Духийы уыцы æнкъарæнтæ адæймагау æмбаргæ кодта, уыйау уыцы барджынæй йæ мукъутæ хафæгау кодта Духийы уæхскыл æмæ йæ рæвдыдта йæ буары хъармæй.

Духи ныттыхст галы бæзджын æфцæгыл, йæ цæсгом æм æнгом балхъывта æмæ чысыл сабийау ставд цæссыгæй ныккуыдта...

*Чъреба,*
*1994 аз*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **26 майы** Дзæуджыхъæуы дыккаг хатт арæзт æрцыд æрвылазон дунеон зонадон-практикон конференци «Медиа Север-Юг». Йæ нысан уыд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны дзыллон-хабархæссæг фæрæзты 'хсæн æмгуыстдзинад æмæ сфæлдыстадон бастдзинæдтæ фидардæр кæнын. Конференцийы ма архайдтой Кæсæг-Балхъары дзыллон-хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

► **28 майы** Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Сергей Меняйлойæн уыд фембæлд, йе сконды 30 национ-культурон иугонды кæмæн кусынц, уыцы æхсæнадон змæлд «Нæ Ирыстон»-ы уæнгты æмæ республикæйы национ-культурон центры минæвæрттимæ.

Боны фæткмæ хаст æрцыдысты граждайнаг æхсæнады хъомысы рæзты, алы адæмыхæттыты æмæ динты минæвæртты 'хсæн фидыд æмæ хæлардзинад æнгомдæр кæныны, мадæлон æвзæгты æмæ культурæйы райрæзты фарстатæ.

► **30 майы** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академон театр сæхгæдта йæ 85-æм театралон сезон Гаглойты Владимиры пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Зæххон хуыцæуттæ»-йæ. Режиссер – Бекъойты Розæ.

► **31 майы** Цæгат Ирыстоны рæстæгмæйы разамонæг Сергей Меняйло комкоммæ эфиры фембæлд дзыллон-хабархæссæг фæрæзты кусджытимæ. Пресс-конференцийы сæйрагдæр ныхас цыд культурæ æмæ социалон къабазыл, хъæууон хæдзарады рæзтыл, спорты æнтыстытыл, транспорты куыстыл æмæ бирæ æндæр ахсджиаг фарстытыл. Сергей Меняйло журналистты фарстытæн радта бæлвырд дзуаппытæ.

► **12 июны** Уæрæсейы бонмæ Сергей Меняйло культурæйы кусджыты минæвæртты схорзæхджын кодта паддзахадон хæрзиуджытæй. Торчынты Хъазыбегæн лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы Адæмон поэты ном.

► **21–27 июны** Мæскуыйы Сырх фæзы уыд чингуыты æппæтуæрæсеон фестиваль. Архайдтой дзы нæ республикæйы мыхуыры фæрæзтæ: журналтæ «Мах дуг», «Ногдзау», «Дарьял» æмæ рауагъдад «Ир».

*Шеф-редактор* Н. С. ДЖУСОЕВА
*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М. Т. БАГАЕВ
*Специалист*
*по информационным ресурсам* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 21.06.2021. Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ №297. Цена свободная. Выход из печати 28 июня 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон-хабархæссæг фæрæзты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» расидтысты**
**«МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!**

*Журналы историйы уый у фыццаг Преми. Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*

- *поэзи;*
- *прозæ;*
- *публицистикæ;*
- *драматурги;*
- *аивадон тæлмац.*




*Конкурсы архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:*

- *7 азæй 15 азмæ;*
- *16 азæй 35 азмæ;*
- *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

*15-æм майæ 30-æм октябрьмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адресмæ:* ***mahdug@mail.ru****, дзырд «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ; 1-æм ноябрæй 30-æм ноябрьмæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн; 10-æм декабры кадджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон-хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Инстаграм æмæ Фейсбукы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.*

*Фæрнæйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+